

Ангъидаса Халил

# ЦО МУХЪАЛЪУЛ ТАРИХАЛЪУЛ БИЦЕН



Махlачхъала 2017

МагІарул миллиябгун маданияб автономия

**Ангъидаса Халил**
**(1828-1907)**

instituteofhistory.ru

# ЦО МУХЪАЛЪУЛ ТАРИХАЛЪУЛ БИЦЕН

(ал-Хабар фи-т-тарих ал-махІалли)

instituteofhistory.ru

**АЛЕФ**

МахІачхъала 2017

УДК 94 (470.67)
ББК 63.2 (2Рос-Даг)

**Ангъидаса Халил**
**А-37 Цо мухъалъул тарихалъул бицен.** – МахIачхъала: АЛЕФ, 2017. – 108 гь.

**Таржама** – **Абубакр Шайхилави**.

Баянал – Абубакр Шайхилави, ШагIбан ХIапизов.
Редактор – АхIмад МуртазагIалиев.
ЦеберагIи – ШагIбан ХIапизов, Абубакр Шайхиилави.
ГъалатIал ритIизари – Маризат МухIамадова.

Гъаб ккола Шамилил имаматалъул хIакъалъулъ Ангъидаса Шайхиласул Халилица (1828-1907) гIараб мацIалда хъвараб тIехь. Къарахъа МухамадтIагьирица хъвараб тарихияб асар кьочIое босун, гьес гIемерал хIужаби тIаде журана. Халилица хъвалеб буго гьенир рехсечIого хутIарал, хасго ГIанди-гIоралъул кIкIалахъ ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ. Гьеб таржама гьабун, баянал кьуна Сасикь росулъа Абубакр Шайхилавияс.

## ЖАНИ РУГО

1. ЦЕБЕРАГIИ ........ 5
2. ТАРЖАМА ........ 7
2.1. Имам Шамил кквеялъул хабар ........ 7
2.2. Дов сардарас Шамилиеги гьесул хъизамалъеги рачIарал сайгъатазул хабар ........ 14
2.3. Ва, гьунар тIокIав Шамилил хилапат байбихьи ........ 24
2.4. Шамилил гьижраялъул хабар ........ 24
2.5. Магьди Шамхалгун Шамилил хабар ........ 27
2.6. ТIелекь гъазават ........ 30
2.7. ТIарада Инхело гъазават ........ 33
2.8. Аргъвани гъазават ........ 34
2.9. АхIулгохIил гъазават ........ 35
2.10. АхIулгохIдаса къватIив вахъун, Шамил Шубутиве иналъул хабар ........ 39
2.11. Шамилил чIужу Жавгьаратил хабар ........ 40
2.12. Шамилил вас ГъазимухIамад АхIулгохIдаса лъутулеб мехалъ, ккараб жоялъул хабар ........ 42
2.13. Шамилил яцалъул хабар ........ 42
2.14. Машгьурав бодул цевехъан ТIиндиса ХIажил вас ГIаличул МухIаммадил хабар ........ 44
2.15. Шамил гьеб Шубутиб Гьаращкити росулъ вукIадго ккарал жалазул хабар ........ 47
2.16. Чачан ракьалда наибзаби теялъул хабар ........ 49
2.17. Беццав чи чIваялъул хабар ........ 50
2.18. Ишкатали ва гьелда сверухълъиялда гъазават ........ 52
2.19. Эрпелиса мунапикъ – Аллагьас жиндие тавпикъ кьогеяв, Амин – Улубил хабар ........ 53
2.20. СагIидюрт гъазават, ва ХIажимурад гьижра гьабун вачIин ........ 54
2.21. Моздокалдаса насраниясул яс ШугIайнатил хабар ........ 55
2.22. Бицен ........ 55
2.23. Лъабабизеги Гелбахъ гъазават ........ 56
2.24. ЧIикIаб гъазават, гьелда тIад хъала балеб заманалъ ........ 56
2.25. ГьерекI, белехь, кIиабизеги Генуб, КIкIуял рахъи, цинги кIиабизеги Гъазигъумек бахъи ........ 57
2.26. Цинги хаду топхана гIуцIи ........ 58
2.27. Цинги хаду ТIад-буртиязул гъазават, 1259 соналъул ихдалил авалалда ........ 58
2.28. Цинги хаду, Унсоколо, Балахьуни, МокIсохъ, ЦIатIанихъ, ГIахьалчIи, ГьоцIалъ хъулби рахъиялъул гъазават ........ 59

2.29. Имамасул къагIида букIана........................................................ 60
2.30. Цинги хаду, Имамасул Хундерил агълугун хабар ....................... 61
2.31. ГIанди росу бухIи, Чачаназул рохьабахъ кIудияб гъазават ккей.... 62
2.32. 1269 соналъ ЧIар хъалаялъул гъазават ........................................ 63
2.33. Гуржиязул росаби рахъизе гьабураб гъазават ............................ 64
2.34. ГьоцIалъа гьунар тIокIав ХIамзатил имамлъиялъул хабар,
ва гьесул ккарал рагъал ................................................................ 65
2.35. ХIамзат муридзабазул боялгун Ругъжаве вахъин........................ 66
2.36. Имам Шамилица Имам ХIамзатие гьабураб
насихIаталъул хабар..................................................................... 67
2.37. Балахьуни вукIарав Булачхан кIудияб гIурулъеги
рехун хвеялъул хабар.................................................................... 68
2.38. 1245 соналъ, жинда ТIадегIанав Аллагь гурхIаяв,
Амин, Генуса ГъазимухIамадидалъун дин гьабизе байбихьи..... 69
2.39. Хунзахъ гьабураб гъазават........................................................... 69
2.40. Генуса имам ГъазимухIаммадил къаркъала накълу
гьабиялъул хабар.......................................................................... 74
2.41. Шамилил хъулбузул хабар............................................................ 75
2.42. Шамил ун хадуб, Билканалдаса хIажи Муртазалил хабар .......... 75
2.43. Шамилил гьунар тIокIав вас ГъазимухIамад КIаралазул
наиблъун теялъул хабар, Шамил хун хадуб Имамлъун
вукIинеян абун.............................................................................. 84
2.44. Сибиралдаса тIадруссаразул хабар ............................................. 85
2.45. Иххазги лъецаги Шайикь, Гениялъ, Акнада гIадинал
ва гь.ц. росабиги кьоялги хвезе гьариялъул хIакъалъулъ........... 86
2.46. ЛъарагIлъиялъул рахъалъан, хIежалде ине бокьаразе хабар....... 86
2.47. Ангъидаса Денгал ГIиса, Ал-Ашали, Ал-ХIантIабали................. 87
2.48. Гьаб буго Дербент-хъалаялъул рагъазул хIакъалъулъ
гIажаибаб хабар............................................................................ 89
2.49. Гьаб буго Дагъистаналъул агълуялъул цо-цо ашрапазул
хIакъалъулъ хабар ........................................................................ 89
2.50. Доба лъугьараб цIияб хабар.......................................................... 94
2.51. Диналдалъунги, адабалдалъунги, гIелмуялдалъунги,
бахIарчилъиялдалъунги машгьурав, гьунар тIокIав
дагъистанияв, магIарулав, Гиничукьа Дибир хвеялъул хабар .... 96
3. ТIАДЕЖУБАЙ........................................................98

# ЦЕБЕРАГIИ

Гьаб тIехь Ангъидаса Шайхиласул вас Халилица (1828-1907) хъвана 150-гIан соналъ цебе гIараб мацIалда, Къарахъа МухамадтIагьирица хъвараб тарихияб асар кьочIое босун. Гьенир рехсечIого хутIарал, хасго ГIанди-гIоралъул кIкIалахъ ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ мухIканго хъвалеб буго Ангъидаса Халилица. Гьев ккола тарихчи ва пакъигь, ай исламияб къанун лъазабиялда тIад чIчIарав гIалим.

Гьавуна Халил ТIинди кIкIалалъул байбихьуда, мугIрузул ахалъуда бугеб Ангъида росулъ, Шамхалилал абураб тухумалъул хъизаналда. Гьесул эменги вукIана цIаларав чи. Гьесул дарсал росун хадур, Халилица лъай босана чанги гIалимасухъ. Гьел ккола: Хъваршиса Загъалав (хвана 1871), гьесул вас ТIалхIат (хвана 1882), Лъондодаса Гъазияв (хвана 1872), Аргъваниса МуртазагIалил Шамхал (хвана 1907), КIаратIаса Халид (ГIалил Кьукьулав) (хвана 1892-93), МачIадаса МухIаммад-Амин (Мурадилав), ГIурадаса ГьитIинав Ибрагьим-хIажи (хвана 1872), ГIурадаса Мухамадил МуртазагIали (хвана 1865), Гьигьалъа Дибирасулав, Хуштадаса ПирмухIаммад ва Салманил ХIасан, Муниса МухIамадил ГIабдусалам (1829-1887).

instituteofhistory.ru

Халилица гIахьаллъи гьабуна чанги Имаматалъул рагъазулъ (1849 соналда ЧIохъ, 1853 соналда ЦIоралъул ЧIарихъ ва гь.ц.). Цин гьев жиндирго Ангъида росулъ дибирлъун хIалтIана, хадув гочана ТIинди «шагьаралде» ва гьениб бана 30-гIан сон. Гьенив Халил хIалтIана дибирлъун, къадилъун, наибасул катиблъун ва мадрасалъул мугIалимлъун.

Гьес 1864 соналда хъвана «ТагIрифат» абураб тIехь, гIараб мацIалъул грамматикалъул цIех-рехал гьарун. Жеги гьесул руго пуланал тIахьал-хIалтIаби: «Фатава», «Хуласатул адаб», «Сиягъун лазизатун», «МултакъатIат», «Мухтасару тамрини сарфи», «Такмилу макъисил масаили» (МуртазагIали ГIурадиясул асаралда тIаса хъвараб), «Гьидаятул фи-

хам шархIул кифаятил кирам» (Муниса ГIабдусаламил тIехьалъе шархI), киналго ратун гьечIо, ва амма пикъгьиял хIалтIаби ругилан ккола.

Аслияб гьесул асарлъун нилъеца рикIкIула гьаб гIараб мацIалда хъвараб «ал-Хабар фи-т-тарих ал-махIалли». ГIемерисеб Халилица хъвараб жо ккола жиндаго бихьараб, жив гIахьаллъараб яги гIахьалчагIаз бицараб ва гьелъ борхизабула асаралъул къимат ва цIикIкIинабула гьелде божи. Гьаб тарихалда буго чанги хIужа, цониги бакIалда такрарлъулареб. Хасго ГIанди-гIурухъ гIумру гьабулел магIарулазул хIакъалъулъ Халилица кьолел руго гIемерал баянал.

ГIунгутIилъун рикIкIине бегьула Халилица жиндир асаралда рицунел баянал хронология цIунун кьолеб гьечIолъи. Мисалалъе асар байбихьулеб буго имам Шамил 1859 соналда Шураб хъалаялде ва хаду – Калугаялде сибир гьавиялъул. Кин бугониги гьаб тарихияб асар нилъеца рикIкIуна цIакъ къиматаб тарихияб иццлъун. Гьаб таржама басмаялда бахъиялдалъун нилъее бокьун буго Имаматалъул тарих лъикI лъаялъе къвербакъилъун букIине.

Гьаб тарихалъул таржама гьабуна, лъаларел гIадинал чагIазул хIакъалъулъ баянал кьуна **Сасикь росулъа Абубакр Шайхилавица**. Цо-цо лъаларел росабазул ва бакIазул баянал кьуна ва цебергIи хъвана ГIириб росулъа Шунилазул ШагIбаница (ХIапизов Ш.). ГIаммаб редакторлъи тIехьалъе гьабуна ТIаса Жунгуталиса АхIмад МуртазагIалиевас ва гъалатIал ритIизариялъул хIалтIи тIаде босана Гьидиб росулъа МухIамадова Маризаца.

**Адабият:** Алиев Б.Р. Кавказская Сибирь»: селения Акнада, Ангида, Аща (к истории и этнографии тиндалов). Махачкала, 2011. С. 413-416; Амиров М.Г. «Хабар» Халила из Ангида – памятник дагестанской историографии XIX в. // Тезисы докладов научной сессии, посвященной итогам исследований ИИЯЛИ в 1990-1991 гг. Махачкала, 1992. С. 1; Мусаев М.А., Магомедханов М.М. Дагестанские исторические сочинения XIX – начала XX века: состояние и перспективы изучения // Вестник ДНЦ. 2012. №47. С. 92-99; Абдулкеримов М.М. О составе арабоязычной рукописной книги в Дагестане // Источниковедение средневекового Дагестана. Махачкала, 1986. С. 122-123.

# ТАРЖАМА

## بسم الله الرحمن الرحيم
## Бисми Ллагьи РрахIмани РрахIим.

ЦохIо цо Дудаса кумек тIалаб гьабула, Я кумек гьабулев, цохIо цо Дуде буго таваккал, Я БетIергьан, Дуца лъикIлъиялдалъунги рохалидалъунги тIубазабе. Амин!

ТIолго рецц Аллагьасе, цо-цо гIадамал гIелмуялдалъунги, гIакълуялдалъунги, бахIарчилъиялдалъунги цогияздасан тIокI гьарурав. Ссалат саламги лъеги нилъер сайид, авараг, хIабиб, шапигI ва мавла МухIамадида. ТIадегIанав Аллагьас жиндаги гьесул агьлуялдаги, асхIабзабаздаги - киназдаго ссалат салам лъеяв. Амин, я дугIаялъе жаваб Гьабулев (*Мужиб*).

Гьалда хадуб. Гьаб тIехь ккола ТIадегIанав Аллагьасда жив пакъирав, Ангъидаса Шайхиласул вас Халилица данде гьабураб, Дагъистаналъул имамзабазул хIакъалъулъ харбал, сипатал, ахIвалал – жеги гьесги (Халилица) гьелда тIад цIикIкIине гьабураб жогун цадахъ (гьел) баян гьариялъе данде гьабураб тIехь, гьелда цIарги «Хабарул Ангъиди» (Ангъидасесул хабар) абун лъураб.

## Имам Шамил кквеялъул хабар

Гьев вукIана бусурбабазул боялгун цадахъ Видануб[1] хъалаялда. Гьесда тIаде гIурусазул боял рачIана, бусурбабазда гьел нахъе чIвазе хIалкIолъи гьечIеб куцалъ. Гьениб гIемерал рагъи ккана, цинги гьел нахъе руссинаризе гьечIеб хIалкIолъиги (*къудрат*) бихьун, гьев Килалъ[2] мегIералъул хъалаялдаса къватIиве вахъана. Хадуб, гьениса КIаратIе[3] ана,

---

[1] Гьанже гьеб ккола чачаназул Видануб мухъалъул росу.
[2] Килалъ – Баклъул (Гумбет) мухъалъул росу.
[3] Гьанже гьеб ккола ГIахьвахъ мухъалъул росу.

цинги Гьидалъе[1]. ТIадегIанав Аллагьас дунял-ахираталъул лъикIлъи жидее ризкъи кьун таги гьел, гьез гьев гьесул нухда тIовитIаралъухъ. Цинги КIкIуядерил[2] магIарде щведал, КIкIуядерил, Ругъеждерил[3] ва Къаралазул[4] мунапикъзабаз къасд гьабуна гьезул боцIи-мал бахъизе, ва хазинаялда тIад гъараги гьабизе. [1b] Гьесул (имамасул) къасдги Гъуниб[5] хъала букIана.

Цинги гьев ГIириб[6] хъалаялъул рахъалдехун Илисуса Даниял-султан-бегида[7] аскIове тIад вуссана. Къаралазул ракьал-

---

[1] МагIарул ракьазул бакьулъ, АваргIорул кваранаб рахъалда, Шамил мухъалда бугеб кIудияб жаниблъи. Гьениб буго 6 кIудияб росу (ГIурада, ТIидиб, МачIада, ГьентIа, ХIотода, Лъахъ) ва чанго гIисинал росаби яги кулал.

[2] КIкIувал яги кIкIуял – гьанже Гъуниб мухъалда ругел 38 гIисинал кулазда гIумру гьабулел гIадамал. Гьел гъорлъе уна Кьогьоб росдал муниципалитеталде.

[3] Ругъжаб – Гъуниб мухъалъул росу, цебе ГIандалал бодул лъабго аслияб росдал цояблъун букIараб.

[4] Къаралал – гьанжесеб ЧIарада мухъалъул хьунал (север) рахъалда бугеб кIкIалахъ гIумру гьабулел гIадамал. Къарахъ бодулъе гъорлъе унел рукIана 23 росу. Гьездаса кIудияллъун кколаан Гьачада, Гьочоб, Кьорош, Кьахъ (гьанже ЧIарада) ва ЦIулда.

[5] Гъуниб росдадаса тIадегIан букIараб росу. Гьанже гьелъул чIваднал гурони хутIун гьечIо, щай гурелъул гьенир гIумру гьабулел рукIарал чагIи 1859-60 сс. гIурусаз, росуги биххун, къватIире гочинаруна – аслияб къагIидаялъ гьанжесеб Шураб мухъалъул ГьаркIас, Манасаул росабалъе. Нахъа Гъуниб росдал ракьалда, ХIубикь абураб бакIалда гIурусаз жидеего хъала ва аскаразе рукъзал рана. Гьеб аскаразул хъалаялдаса лъугьана гьанжесеб Гъуниб росу.

[6] ЧIарада мухъалъул кIиабилеб кIудияб росу (бищун кIудияб – ЦIуриб). НекIсияб заманалдасаго гьениб букIана щулияб хъала, Шамил имамил буюрухъалда рекъон, гьеб жегиги къачIана ва цIи гьабуна.

[7] Илису (яги Илуси) росу ккола гьанжесеб Азербижаналъул Къахъиб мухъалъул росу, жиб ГIурумухъ (Курмух) абураб гIорул рагIалда бугеб. Гьанже гьениб падар (азербижан) мацI гурони бицунаро, амма XX гIасруялъул байбихьуде щвезегIан, гьениб аслияблъун букIана магIарул мацI. Хадуб, XX гIасруялда хIукуматалъул миллияб сиясаталъул хIасиллъун ккана гьениб падар мацI бергьин.

де гьев щвараб мехалъ, гьезул квешал чагІаз къасд гьабуна (гьесда тІад) гъараги гьабизе, (гьесул боцІи-малги) бахъизе.

Цинги гьев Гъуниве тІад вуссана. Гьениве щваравго гьесде тІаде ункъабго рахъалъан гІурусал рачІана сардаргун ва киналго наибзабигун, бусурбабазул боялгун цадахъ. Шамилида цадахъ дагъабго бо букІана. Гьезул бищунго лъикІаздаса (тІаса рищарал) ккола:

1. Лебалав гІалимчи, мугьажир, хІажи Чергесалдаса ХІанапияв Ибрагьим.

2. ГІалим, мугьажир, хІажи Къабиралдаса Насруллагь[1].

3. Гьунар тІокІав гІалимчи, камилав гІакъилчи КІaратІаса ГъалбацІ-дибир[2].

4. Жиндир бахІарчилъиялдалъун машгьурав, ЧІохъа ГІинкъав-хІажияв[3].

5. Гьунар тІокІав гІалимчи, Аллагьасул гъалбацІ Къарахъа Гьунухъа ДибирхІажиясул вас ХІажияв[1].

---

Гьеб Илису росу букІана XV гІасруялдасаго жибго жиндаго чІараб хІукумат – султІанат, жиб ЧІарлъул жамагІаталъул асаралда гъоркь букІараб. Гьелъул ахирисев султІан Даниял-бег 1844 соналда имаматалде гьижра гьабун хадуб, гьеб гІурусаз лъугІизабуна ва гьелъулгун ЧІарлъул жамагІаталъул бакІалда гІуцІана Джаро-белоканская область абураб вилаят. Гьев Даниял-бег гьавуна 1797 с. (?) ва хвана Истамбулалда 1871 с. Балагье: Айтберов Т. М., Хапизов Ш. М. Елису и Горный магал в XII-XIX вв. (очерки истории и ономастики). Махачкала, 2011. С. 267.

[1] Шамилил машгьурав мурид, куралазул Къурагь мухъалъул Къабир росулъа.

[2] Машгьурав наиб ва мудир. ТІоцеве гьев рехсолев вуго 1834 соналда ЧІиркъатІа мажгиталда Шамил имамлъун вищизе тІобитІараб мажлисалъул гІахьалчи хІисабалда. Нахъа гІахьаллъана киналго имаматалъул рагъазда. Хвана 1863 с. турказул Истамбул шагьаралда, хІежалде унаго. Доваго вукъунги вуго. Балагье: 100 писем Шамиля I пер., ком. и введ. Х.А. Омарова. Махачкала, 1997. С. 236.

[3] ЧІохъ росулъа МухІамад-хІажи, киназдаго гьев лъала жиндир тІокІцІаралда гъоркь ГІинкъав яги ГІинкъав-хІажи хІисабалда. Имаматалда 1840-50 саназда вукІана ЧІохъ наиблъун. Хвана 1863-64 сс., гІурусазда цІехечІого, 1861 с. хІежалдеги ун, амма хадув вас ИсмагІилги ун, нахъ вуссун хадув.

6-7. Гьунар тIокIав, кIиявго гIалимчи, кIиявго наиб ГIандиса Дибир[2] ва Авариса Инквачил Дибир[3].

8. Гьунар тIокIав бахIарчи ГIуркIачIиса Муртаза[4].

9. Машгьурав бахIарчи Сугъралъа Хурш[5].

10. КIаратIаса Гъазиясул ХIажияв[6], жиндир бахIарчилъиялдалъунги, гIелмуялдалъунги, гIакълуялдалъунги, адабалдалъунги ва диналдалъунги машгьурав. Жиндие зулмугьабурал, силдазул[7] квешал чагIазул квераздалъун жив чIварав, (гьелги) баракат гьечIев Денга МухIамадил, Сагитил МухIамадил[8] лъималаз ва гьезда релълъаразги.

11. БахIарчияв бихьинчи, мугьажир ЧIикIаса МикьрекIил МуртазагIали[9].

---

[1] Гьунухъ росулъа ХIажияв кколаан 1852-59 сс. Къарахъ наиблъун. Гьесул эмен Дибир-хIажи вукIана Къарахъа МухIамадтIагьирил мугIалим. Балагье: Къарахъа МухIамадтIагьир. Инсанас жиндирго гIамал-хасият кIварабгIан къадаралда лъикIлъизабиялъул хIакъалъулъ бицунеб пайдаял калимабазул тIехь I тарж., ва баянал ГIабдулмажидов Р. С., МаламухIамадов Ж. М., ШихмухIамадов М. XI. Москва, 2014. Гь. 94-95.

[2] Имаматалъул ахирисел саназда гьев рехсолев вуго ГIанди наиблъун. ТIокIал баянал гьесул хIакъалъулъ щвечIо.

[3] Хунзахъ мухъалъул ГIиничукь росулъа Инквачил Дибир вукIана Гъуниб магIарда имамас жив наиблъун лъурав ва, гьеб бахъун хадув, гIурусаз бащдаб соналъ Шураб туснахъ гьавурав чи. Хадуб гьев Авар округалъул наиблъунги вукIана.

[4] Хунзахъ мухъалъул ГIуркIачIи росулъа машгьурав рагъухъан ва Шамилил божарав бодул цевехъан.

[5] Сугъралъа Шамилил наиб, гьанже ругел Хуршиловазул кIудияв эмен.

instituteofhistory.ru

[6] Шамилил божарав хъулухъчи, гьесул хазинадул ва рукъалъул ишал тIуразавулев вукIарав чи Имамгун Калугаялде арав.

[7] Силди – гьанжесеб ЦIумада мухъалъул росу. Цебе – Ункъракь бодул росу.

[8] Имаматалъул Силдиса хIаракатчагIи, жал батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIарал.

[9] Гьадин буго тIехьалда. Амма Къарахъиясул тарихалдаги (64б), ва "ЧIикIаб" абураб тIехьалдаги (гь. 107): МикьрекI МуртазагIали — абун буго. Гьеб гьесул тIокIцIар букIун батила. Гьесул хоб Индиралда бугилан хъвалеб буго ТIагьирхIажица.

Гьенир жанир рукIараз [2а] нухалги, сагърабиги[1] хIал кIвараб куцалъ цIунулел рукIана Гъуниб магIарде сапар[2] моцIалъ гIурусал балъго, сардилъ рахинегIан. Гьенив чIвана хъаравулзабазул цевехъан (قائد) Кудалиса Амирасул МухIамад.

Цинги гIурусал ункъабго рахъалъан Гъуниб хъалаялда жанире лъугьана ва гьениб кIудияб рагъ ккана, хIатта ихх гIадин гIурул кIкIалахъе би чвахана.

Гьелдаса хадуб Шамилица жиндир бодул гIакъилзабиги гIалимзабиги масжидалда жанир данде гьаруна ва гьезие рагъуеги шагьидлъи тIалаб гьабиялъеги вагIза гьабуна, амма цонигияс гьеб гьабизе (гьелда ине) загьир гьабичIо, хIатта гьесул лъималазцин, жидерго лъималазда гурхIи гIилла сабабалъеги бачун.

Гьединлъидал, гьесухъе (Шамилихъе) гьезул (гIурусазул) рахъалъан гьоркьохъаби хьвадана, рекъелги ва гьев сардаласухъе вачIинги тIалаб гьабун. Гьебго жо гьабун, жиндирго дурц, Шамилил вас ГъазимухIамадихъги хьвадана Илисуса Даниял-бег.

Цинги Шамилида гIадамазул ахIвал-хIал лъан хадуб, хасго жиндир хъизам-лъималазул, гьес сардарасухъе ин къабул гьабуна. ТIадегIанав Аллагьас нилъ цIунаги гьединаб жоялдаса. Гьединлъидал гьев жиндирго гьалмагъзабигун цадахъ, ярагъги борчун, вилълъана, сардарас гьевги, гьесда цадахъ ине бокьаравги Аллагьасул рукъ – хIарамалде (хIежалде) риччазе къотIиялде рачIун. Шамилил гьалмагълъиялъ цоцалъ къотIи гьабуна, жал Шамилидаса ратIа гьаруни, яги жидер ярагъ босизе къасд гьабулезде, рагъизе [2b] ругин ва, жалго чIвай тIалабги гьабун дозда тIаде кIанцIизеги ругин.

Гьединаб жоялда рильлъана гьел. Гьединлъидал дол (гIурусал) Шамилидаги гьесул гьалмагълъиялдаги гьоркьор

[1] Сагъру (ثَغْر) ккола гIараб мацIалда, тушманас жинда тIад гьужум гьабизе хIинкъи бугеб бакI. ГIарабияз цебе Дарбандалдаги, гьелда сверухъ ругел бакIаздаги Биладу Ссагър-иланги абулаан. Гьелда гIорхъаби абизе бегьула.

[2] Гьамишалда ишара гьабун хъвалеб буго муаллипас: гьеб (сапар моцI) гIадамазда гьоркьоб жинда жаниб квешлъи ккеялдалъун машгьураб буго.

чIчIун, гьел цоцадаса ратIа гьаруна ва гьесухъа ярагъги босана, ярагъ борчарал чIагIаздаса сардар хIинкъулиланги абун. Гьединлъидал доз къотIи гьабураб жо Аллагьас къадар хъван букIун гьечIо.

Абулаан ГIуркIачIиса Муртазаца[1] доб мехалъ гьелде (рагъуде) гьесизаруна, ГъалбацI-дибирица нахъе бахъизабунин ва кватIизарунин. (Гьаб) лъугьана.

Цинги Шамилил боцIи-малги, хазинаги гьез нахъе босана ва хъизангун цадахъ гьев КIкIуядерил[2] магIарде гIурусазул аскар бугеб бакIалде вачана. ХутIараб боги[3] лъимал-зурриятги жидерго рукъзабахъе ритIана.

Цинги гьениса вачана Шураб[4] хъалаялде. Цинги гьениса бергьун тIадегIан, кIодо гьавун[5], падишагьасухъе.

Шамилгун цадахъ хириял гьаказда рекIун ана:

1. Гьесул хирияв катиб, тIокIав, кIудияв гIалимчи ЧIикIаса Таймасханил вас ГIабдулкарим.

2. Гьунар тIокIав гIалимчи ХIажияв, гьевги тIокIав гIалимчи Гъазиясул вас, гьев живгоги машгьурав цевехъан КIкIаратIаса Къурбанил васлъун кколев.

3. БахIарчи Тавуш-МухIамад, гьевги супи КIкIаратIаса КъурамухIамадил вас.

Гьелдаса хадуб гIурусаз Шамилил Дагъистаналда цониги гуржияв яги гуржияй, яги салдат[6] течIо.

Дида бихьана капурзабаца, хасго гуржияца [3а] Лъибишо[7] (росдал) хурзабахъ хIамида нахъа (хIалтIулев) вукIарав цо салдат, хIал гьабун, цеве къотIулев, нухда квен-тIех босизе росулъецин виччачIого. Гьесда релълъарал гьезул гIемерал руго.

Гьединго киналго мугьажирзабиги жидерго вилаятазде тIад руссинаруна.

---

[1] Ай, Шамилил мурид ва Даргъи росдал бетIер. Гьев вуго гьесул бищун бахIарчиял муридзабаздасаги гьезул бищун тIокIаздасаги.

[2] КIогьори – гьанжесеб Гъуниб мухъалъул росу.

[3] Ай, Имам Шамил бо.

[4] Шураб (гIурус. – Буйнакск) – гьаже Дагъистаналъул шагьар, 1920 саназде щвезегIан Дагъистан областалъул тахшагьар.

[5] ТIехьалда: بإعزاز كبير وإكرام فخيم абун буго. гьалъул гIага-шагараб магIна ккола доб.

[6] ГIурус аскарияв.

[7] Гьанже ГIахьвахъ мухъалъул росу, некIо багвалазул бодулъе гъорлъе унеб букIараб.

Цинги дол (гIурусал) цере, байбихьуда бигьаял рукIарал, хадуб бакIаллъун (захIматаллъун) лъугьана.

Цинги доб Чукайп[1] шагьаралде щвараб мехалъ, досда (Шамилида) дова ватана падишагь ГIалискандар[2], гьевги падишагь НикIалайил[3] вас. Гьеб ккола Харков[4] шагьаралда гIагарлъуда бакI, гьелдаги Питербургалдаги[5] гьоркьоб буго 1374 верс[6].

Гьесул (падишагьасул) каламалъул хIасилги, гьел данделъараб мехалъ: мун рази (лъикI) вукIа, дихъе вачIиялда рекIехълъиларо мун.

Гьелдаса хадубиш (амру) къойидаса къойиде лъикI лъугьана, Аллагьасе рецц авалалдаги ахиралаги.

Бицен буго, Шамилица киналго кашишазул кIудиявгун кIалъай гьабунин. Гьевги капурзабазда аскIов падишагьасдасаги тIадегIанав чилъун ккола. Дос (Шамилица) гьесда абунин: ТIадегIанав Аллагьасул гIадат гьечIищ цеве арав аварагасул шаргI хадув вачIарав аварагасул шаргIалъ насху гьабулеб, цоял АлвахIал цогияздалъун насху гьаруна ва АлвахIазулги хIукму Тавраталдалъун насху гьабуна. Тавратги Инжилалдалъун насху гьабуна гурищ?

Икйаица[7], ай кашишазул кIудияс, ухаян абуна.

---

[1] Чугуев ккола гьанже Украиналъул Харков абураб шагьаралдаса 28 км рикIкIад бугеб шагьар. XIX-б гIасруялда гьенир гIурусазул рагъулазул урдуялгун росаби рукIана.

[2] ГIалискандар II (1818-1881) ккола гьеб заманалъул ГIурус империялъул пача (ханлъи – 1855-1881).

[3] НикIалай I (1796-1855) ккола 1825-1855 саназда вукIарав ГIурус империялъул пача.

[4] Гьанже Украиналъул кIиабилеб кIудияб шагьар, жиндир жаниб 1 млн. чияс гIумру гьабулеб.

[5] Доб заманалъул ГIурус империялъул тахшагьар.

[6] Верста – 1 км-алдаса халатаб манзил.

[7] Гьадин (الإكْيَا) буго тIехьалда, амма Къарахъиясул *Барикъаталда*: Аргирай, абун хъван буго. Барабаниласул гIурус таржамаялда (Ленинград, 1941. Гь. 275) абуни «архиерей» хъван буго. Архиерей яги епископ ккола насранияб диналъул кашишзабазда гьоркьоб 3-б кIудияб макъам – хъулухъ.

Гьединлъидал Шамилица абуна: батани, щай нуж мукIурлъуларел Фуркъаналъ Инжилги насху гьабунилан? Досда гьелда жаваб гьабизе кIвечIо.

Гьеб мехалъ Шамилица абуна [3б]: дуе гьебги гIелин.

## Дов сардарас Шамилиеги гьесул хъизамалъеги рачIарал сайгъатазул хабар[1].

Шамилил кIияйго чIужуялъе: Загьидатиеги ислам босарай ШугIайнатиеги бирлиянтаца къачIараб кIиго сагIат, гьел кко-ла нилъеда гьоркьоб алмазал абун машгьурал ганчIал. Ва щибаб доб сагIатги азарго гъурущил багьаяб букIана.

Росабазе арал кIияйго ясалъе: Написатиеги, ПатIиматиеги кIиго баргъич.

Гьесул кIиявго вас ГъазимухIамадилги ва МухIамадша-пигIилги лъудби: Кариматиеги Аминатиеги бирлиянтаца къачIарал, гурдеялъул горбол рагьиялда[2] чIвалел кIиго рукIкIенги.

Живго имамасе кьуна гIурусазул доба кIиазарго гъуру-щил багьаяб хъабарча (فروة). Гьеб букIана сардарасда тIад букIараб, гьес (гьев) цIакъго кIодо гьавун, гьесие кьураб.

Цинги падишагьас досие Питербургалда ине амру гьабу-на, (гьебги) падишагьасул эбел йигеб бакI, жиндихъе гьев (Шамил) щвани (жинца гьениве вачинин абун), гьелъие гьабураб къотIи тIубазабун.

Гьединлъидал дов гьеб шагьаралда ана, долда гьев вихьидал, долъ досда гьикъа-бакъи гьабуна досул ахIвал-хIалалъул, сапаралда бихьараб бигьалъи-рахIаталъулги, захIмалъи-къварилъиялъулги. Падишагьас тIоцеве довгун

[1] Гьаниб гьамишалда муаллипас хъван буго гьал рагIаби: цинги гIурус падишагь, гьесул цIарги ГIалискандар, гьевги ГIалискандар абун жиндир цIар бугев падишагьасул вас, гьевги НикIалайил вас хвеялъул, ва цоги цIияв падишагь, хияналъи гьабичIого букIинейилан гьаялги щулагьарун, лъеялъулги хабар.

[2] جيب القميص.

данделъараб мехалъ абун рукIарал рагIабиги абуна, цинги, гьенисан гьев жиндирго рокъове тIад вуссун вачIана.

Хадуб, падишагь гьесухъе тIад вуссун вачIиндал, дос гьесда (Шамилида) рихьизаруна [4а] киналго гIажаибал жал, жиндир берцинлъиялъе сипат гьаруларел (ай, гьарун бажарулареl) падишагьасул кIалгIаби, ва гьезда жаниб бугебщинаб жоги: ярагъ, гIарадаби, хазинаби, рорхатал минаби (العمارات).

Питербургалда досда рихьарал бищунго гIажаибал жаладасан букIана падишагьасул кIалгIабазда жаниб бугеб меседил хIелеко. Гьелъул ахIдейги (гIе-гIеди) букIана нилъер хIелкил гIадаб, батIалъи гьечIого. СубхIанаЛлагь, жиндир къудрат-хIалкIолъиялдалъун кинабго жо квегъун кьурав.

Цинги падишагьас гьесие рещтIулеб бакIлъун Калуга шагьар бихьизабуна. Гьелъулги, жиндир лъикIаб гьаваялдалъун, берцинаб тIабигIаталдалъун, гIемерал гIоралълъараздалъун бицуна. Бищун бугo падишагьасул эбел унтидал, гьений ун йикIанин сахлъизейилан абун.

Гьев рещтIинавуна доз азарго гъурущил кирадухъе[1] ккураб рокъове. Гьеб рукъалда цебе букIана цIакъ гIатIидаб ах, пихъил гъутIби, тIугьдул, гIурччинлъи жаниб бугеб, жиндие бокьараб мехалъ дов (Шамил) тира-сверине вахъине. Гьебги чияр чи жаниб гьечIеб букIана. Гьелда жанибго къваригIарав чиясе чвердезе ва рацIцIалъи гьабизе хIамамги букIана.

Доз шагьаралъул хIакимасе амру гьабун букIана долъул хвара-араб жо хазинаялъул гIарцудаса къачIайилан. Гьениб жаниб букIана кинабго хIажалъи кколеб щинаб жо: тахбакIал (الكراسي), тахал (العروش), бакIал (المقاعد), бусаби, гIодор тIамулел жал (البسط), къандалъаби, матIу, сагIтал ва гьелда релълъарабщинаб.

Гьединго [4б] доз Шамилида аскIов чIезавуна цо чи, гьес (Шамилица) досда жиндир хIажат бугел жал лъазаризе, ва дос падишагьасухъе хъвазе. Ва кIиго таржамачиги, цо гIурусав, цо гъазанияв[2]. ГIурусав вукIана ГIачабатIа хъалаялдаса[1] гьесухъе

---

[1] Кира (гIурус. – «аренда»).

[2] Гъазан-татарав, ай гьанжесеб Татарстан Республикаялдаса татарав.

вачIарав, жиндаги ГIандирийилан абулев, гьесда авар мацIги, бусурбабазул гIелмуги лъалаан. (Гьезул) вазипаги (мухь) ункъазар гъурущидаса цIикIкIараб букIана. Масала, гьесие (ГIандирие) 3000, гIурус таржамачиясе 1000, ва гъазаниясе 200.

Гьединлъидал, Имамасе доз санайил биччараб жо жиндие гIурхъи гьечIеб лъугьуна.

Гьединго бицен буго, падишагьасдаса Имамасе рукъзал хIадуреян изну бачIиндал, амру гьабун букIанин досие кванил къайи-матахI бацIадаб гIарцул бичун босеян. Гьединлъидал, Шамилица имам ШапигIил мазгьабалда гIамалги гьабун, гьеб къабул гьабичIо. Ва гьеб сабаблъун гьесул къадру гьезда аскIоб дагьабги борхана, щайгурелъул гьезда лъалеб букIун дунялалъул матахIалда хадуб хьул лъун гунтIихириял ахлакъаздаса букIин.

Цинги падишагьас гьесие цIакъ чIухIараб гьоко сайгъат гьабуна. Абула, гьелъул багьа гьабунани, азарго гъурщиде бахунин. Гьединго кIиго цIакъаб чуги, анкьнусго гъурущалъе бугеб. Гьеб жоялъе Аллагьасе рецц къасиги къадги.

Цинги дов, гьесда (Шамилида) аскIов чIезаврав чи ккола капитан Апулун[2], гьесги жиндир хьвада-чIвади лъикI гьабуна ва гьесул хIурматги цIунана, досда рихьизабуна [5а] кагъат ва чакар бахъулел бакIалги (معدن). Гьес Шамил кIиабизеги падишагьасухъе вачана.

Хадуб, лъабабизеги, гьев (Шамил) гьесухъе ана, жинцаго падишагьас тIалабги гьабун.

---

[1] ГIачабатIа хъала ккола гьанжесеб Болъихъ мухъалда ГIандигIурул рагIалда бан букIараб «Преображенская» хъала. Гьебги бана 1859 соналда, инарал-пелдмаршал А. И. Барятинскиясул буюрухъалда рекъон.

[2] Апполон, гьевги Иванил вас – Руновский. Гьавуна 1823 соналъ. Гьев жасус вукIана дозул, 1859-1862 соназ Шамилихъа харбал цIузе тарав, гьеб хIалтIиги тIубана гьес бергьараб куцалъ ва цо чанго тIехьги бахъана басмаялда, гьездасан ккола 1860 соналъ «Шамилил хIакъалъулъ хъвай-хъвагIаял» абун. (Записки о Шамиле. СПб, 1860; ва Дневник, гьенибго 1862 с. бахъараб. ГIуруслъи Туркистаналда щула гьабизе арав чи дова Ташкенталда хвана 1884 соналъул 28 апрелалъ.

Цинги падишагъасул эбелалъ хириял сайгъатал гьаруна имамасул хIалилатазеги[1] ясазеги, ва доз гьесда рихьизаруна жидеца абулаго: гьаб пуланалъе, гьаб пуланалъе – абун. Гьезул щивазул цIарги рехсон тагIйин гьабун, щибай ятIаги гьаюн: лъабго маржаналъул чIумал, щибалъул къимат лъабнусго гъурущида бащалъулел. КIиго ункъбокIонаб къали, жаниб меседил хIинчI бугеб, жиндир хIакъикъияб куцалъ гIажаибаб бакъаналда гьаракь гьабулеб. Гьелда релълъараб жо цебе бихьичIеб, гьеб кIиябгоги кагътил букIана. КIиго, хириял ганчIаца къачIараб, каранда (гурдеялда) чIвалеб меседил рукIкIенги ва (гьединго) рукIкIби хутIарал ясазеги.

Гьел сайгъаталгун, хIурматгун тIадвуссана Шамил Питербургалдаса, гьелъиеги ал-хIамдулиЛЛагь.

Цинги дов кIудияв Апулунида лъайдал падишагъасе шайих Шамил кIодо-тIадегIан гьавизеги ва гьесул адаб-хъатир гьабизеги бокьулеб букIин, гьесие бокьана Шамилил хIалбихьизе, гьев падишагъасдаса ракI-ракIалъ рази вугищали, яги гьечIищали лъазе. Гьесдаги бихьана Шамил гьесдаса рази вукIин ва жиндирго БетIергьанасе щукруги гьабулевги вукIин.

Кин бугониги [5б] гьесда шайих Шамил апандил хIалалдасан лъана гьесие бокьун бугеб цо жо, гьебги гьесул яс Нажабатил гьетIун бижараб кIиябго хIетIе битIизабизе.

Цо къоялъ гьев цевеса тIагIана, цинги тIад вуссун вачIана цо гIажаибаб тIабигIаталъул чигун цадахъ, гьесул цIарги Лудвик Киржинавский[2] букIана.

Гьевги вачун Имамасухъе вачIана ва досда аскIов гIодов чIана, довги (Лудвик) цо рахъалда гIодов чIезавуна. Ва кIиялго гIемер мехалъ гаргадана. Гьевги (Имам) жинда Питербургалдаги Маскавалдаги бихьараб жоялъул бицунев вукIана, гьесул каламги гьуинаб букIана.

Гьеб мехалъ Апулуница Имамасда абуна: «Я Имам, шайих Шамил апанди! Дун дур ракIалъе дару цIехолев вукIана, ва дида гьаб даруги батана». Ва гьес ишара гьабуна дов чиясде. Гьев гьесдасаги ва гьесул доб рагIиялдасаги гIажаиблъана. Гьединлъидал цо чанго къоялдасан дов чияс байбихьана шайих Шамил апандил яс Нажабатие дару гьабизе. Гьес гьей ясалда абуна: «Мун балагье гьал дур кIиял-

[1] ХIалилат абула росасул чIужуялда, досие дой хIалалай йикIиналъ.
[2] Людвиг Кржижановский.

го хIатIазухъ, ва дуца гьеб кIиялъулго сураталъул хIисаб гьабе. Дуда гьел жакъа къоялдаса нахъе тIокIалъ рихьиларо гьел кIиялго гьеб куцалда, ТIадегIанав Аллагьасе бокьани». Гьес гьеб абидал гьенир рукIарал релъанхъана.

Доб къоялдаса хадуб анцIила щуго къо инчIо, гьес дол кIиялго хIатIал тIуранго ритIизарун гурони. Гьес доба хIалтIизабичIо я нус, я гьеб гуреб цоги [6а] дараби, гIицIго цохIого чIортоялъ гьелъул кIиябго хIетIе бухьи гурони. Аллагьасе рецц буго щибаб жоялъе жинца сабаб гьабурав.

Цинги Шамил имамас дов тохтурасе азарго гъурущ кьуна.

Бицен буго, Имамасухъе кIудиязул (الكبراء) руччаби рачIанин гьевги гьесул лъимал-хъизанги бихьизе, ва гьез гьесдаса изну тIалаб гьабуна, ва гьес гьезие изнуги кьуна.

Гьезда гьев вихьидал, цоялъ абуна: нуж разилъанищ муруатазул (المروات) агьлуялъул (Дагъистан[1]) имамасдасаги (ва гьесул лъималаздасаги[2])?

(Гьезул) цоялъ жаваб кьуна: гьев лъикIав чи вуго, гьес дир рос чIван вукIинчIебани.

Шамилица абуна: «Дида гьев дур рос вукIин лъан букIарабани, дица гьев чIвазе вукIинчIо» – ян. Гьединлъидал гьей елъанхъана.

Азаралда кIинусиясда ункъоялда анлъабилеб соналъ, ражаб моцIалъул къоабилелъ (26.10.1869 с.), итни къоялъ Шамил жиндир хъизан-лъималгун цадахъ хункарасул вилаяталде витIана, ТIадегIанав Аллагьасул рукъалда (хIежалда) ине къасдалда.

Гьезда аскIов хутIана гьесул вас ГъазимухIамад ва (гьединго) гьесул вас МухIамадшапигI.

Гьединлъидал Шамил Анапаялдаса[3] гамида рекIана къалъул какда хадуб кIиго сагIтидасан, гьелъул хабарги цIараб кварида (телеграп) Шураб[4] битIана, гьебги Шурабе щвана кIиго сагIат гIанаб заманалда жаниб. Гьеб кIиялдаго гьоркьоб кIиго моцIалъ базаргабазул рилълъин гIадинаб манзил буго.

---

[1] ТIехьалда гьаб калимаялда тIад хIуч цIан буго.

[2] БутIазда жаниб бугелда тIад хIуч цIан буго.

[3] Анапа шагьар буго ЧIегIер ралъдал рагIалда, ГIурусракьалъул (Россия), Краснодар вилаяталда.

[4] Шураб (гIурус. – «Буйнакск») – Дагъистаналъул шагьар.

Бицуна, гама Истамбулалде гIагарлъидал, Имамас жиндир кIиго гьалмагъ витIанин [6б] ханзабазулги султIаназулги сайид - хункар ГIабдулгIазизихъе[1]. Гьевги вукIана жиндир вац ГIабдулмажидидаса[2] хадув вукIарав, гьевги (ГIабдулмажид) ккола жинца СавустIупу[3] хъалаги ва Хирим[4] вилаятаги бахъарав чи. Гьебги букIана Шамилил боялдалъун Гуржи вилаят бахъараб заман – гьесухъа (хункарасухъа) гьесул ракьалда рещтIине изну тIалаб гьабун. Гьес гьесие изнуги кьуна воха-хинлъун, хIурматгун (كرامة).

Гьелдаса (гамидаса) къватIиве вахъиндал гьесда дандчIвай гьабуна жидее рикIкIен гьечIел кIудиял (الكبراء) ва тIадегIанал (العظماء) гIадамаз. Дов гIодове рещтIиндал, Истамбул шагьаралда вугев гIурусав балагузица[5] (بليوز) доба гьоболлъиялъе квен-тIех (тIагIамал) хIадур гьабунава гьесдасаги гьеб къабул гьабизе тIалаб гьабуна. Дос (Шамилица) гьесда абуна: «Нужер падишагьас дие гьанжелъизегIан гьоболлъиги лъикIаб тарбияги кьуна[6], гьединлъидал гьанже дир гьоболлъи хункарасда тIад буго», – ян. Ва гьесие баракатги бегьизабуна ва рецц-бакъги гьабуна.

Шамил Истамбулалда рещтIиндал, гьелъул агьлуялъ цIакъ гIемераб рохел гьабуна. Имамул-агIзам хункарас гьесие рукъги къачIана, (гьебги) дос анлъазаралда щунусго гъурщихъ бичун босун букIана.

Гьевги (Шамил) гьенив чIана (чIей гьабуна), ва гьесие щибаб къойил квание щуго туманги кьуна.

Доз гьесда хункарасул хазинабазул гIажаибал жал рихьизаруна.

---

[1] ГIабдулгIазиз (1830-1876 сс.) ккола 15 соналъ (15.06.1861-4.06.1876) ГIусманиязул султIан.

[2] ГIабдулмажид (1823-1861 ккола 22 соналъ (1.07.1839-25.06.1861) ГIусманиязул султIан.

[3] Севастополь шагьар.

[4] Хирим (Крым).

[5] Балагуз (гIурус. – «посол») – пуланаб хIукуматалъул къватIисеб улкаялде витIулев чи, гьелъул ихтиярал цIунизе гIоло.

[6] Тарбия кьеялъул магIна ккола цIуни, хьихьи.

Бищунго гIажаибал жалаздаса цояб букIана гьесда доба бихьараб, цо хIалалъ чIезабулареб куцалъ (بحيث لا يضبط) сверулеб гьобо, ва гьединго кагъатида чагьги (چاه) бахъулеб бакI.

Бицен буго, дора ругез абунила (Шамилида) [7а]: «Дур гIумруялда жаниб бищун гIажаибаб жо щибан, хасго батIаго кIиявго падишагъасул, гIурусазулги ва бусурбабазулги хазинабазулъ?»

Гьес абунила: «Дагъистан вилаяталда дида хадур рукIарал бахIарзал – ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьезда кIиябго даралда[1]. Амин, Я Мужиба ДдагIават! (آمين, يا مجيب الدعوات) – Гьезул цояс тушбабазул (тIубараб) аскаралде данде чIей гьабулаан», – илан.

Цинги, Шамилил вас ГъазимухIаммад эмен тIовитIизе ун вукIарав, гьабураб къотIиялда рекъон тIад вуссун, гIурус падишагъасухъе вачIана. Падишагъас гьев жиндирго хъизанлъималгун цадахъ, дов (Шамил) хун хадуб, гьесул хъизаналъе хидмат (тIалаб-агъаз) гьавизе витIана.

Мадинаялъул имамас Маккаялъул шарипасда лъазабуна гьев хвеялъул хабар, гьев (маккаялъул шарип) Шамилил вас вукIиналъе гIоло, ва гьес (шарипас) хункар ГIабдулгIазизидаги лъазабуна (гьеб).

Хункарас гIурус падишагъасдаса тIалаб гьабуна (Гъази-МухIаммад?), Аллагьасе гIемераб рецц буго – гьев жакъа (гьанже) 1302 соналда (20.10.1884 с. байбихьана) жиб хирияб Мадинаялда, жиндирго инсул хабада зиярат гьабулев вуго.

Гьев гьедин вукIана гIезегIан заманаялъ Парукъ-пашаясул (инарал-майор) цIаралда гъункарасда аскIов.

Гьесул къадру хункарасда аскIоб борхидал, ва Дагъистаналъул бахIарзалги гьесда сверун цIикIкIиндал, Истамбулалъул агълуялъ къасд гьабуна, гьесдасан мацI гьабун, гьесие макруялъе ургъизе. Гьев гьезул гьеб ишалдаса диванги гьабун, ворчIана [7б].

Цинги, хункарасда лъикIаблъун бихьана гьев Мадинаялде витIи, ва гьесда цадахъ рукIарал Дагъистаналъул агълабазул

[1] Ай, дуниялалдаги ахираталдаги.

instituteofhistory.ru

чагӀиги жиндир вилаяталъул батӀи-батӀияб, дозие бокьараб бакӀазде, гӀарац-меседгун[1] ритӀизе.

ГӀемерисел ана, ва гьезул цоял Дагъистаналде тӀадги руссана. Гьел тӀад руссараздаса вукӀана нижер тӀокӀав шайих, Аргъваниса Шамхалил вас, МахӀа-хӀажияв. МахӀа вукӀана имам Шамилил наиблъунги, лебалав гӀалимчилъунги, хасго мантӀикъ гӀелмуялъулъ[2].

Доб заманалъ ингилисазул падишагьасдаги Мисралъул хан хункарасул гӀагарчи ИсмагӀил-пашадаги, гьевги МухӀамадгӀали-пашал вас, гьоркьоб рагъ ккана.

Абула, Искандар[3] ингилисазул боялъ пасат гьабунин. Аллагьас нилъ гьединаб жоялдаса цӀунаги, щайгурелъул гьеб ккола хӀажизабазул нухлъунги, загьидзабазул магӀданлъунги.

Гьалдаса дагьаб цебегӀан кӀудияб рагъ ккана лемсазул[4] боялдаги парангазул[5] боялдаги гьоркьоб. Лемсаз парангазул вилаяталъул цо бутӀа бахъун букӀана, ва парангазул падишагьги лемсазул боялъ ккун вукӀана. Цинги гьезда гьоркьоб рекъел гьабуна, ва гӀемераб заман ана парангазул падишагьго гьечӀого. ВаЛлагьу АгӀламу, гьалдаса хадуб (щиб букӀунеб) [8а].

---

[1] Аслуялда: загьаб (месед) – абураб рагӀи бортун буго, хадусеб: ва загьаба касируна – (гӀемерал ана) абураб жоялъ жубазеги жубан.

[2] **МахӀа-хӀажияв** Шамилил наиб кин вукӀарав? Шамхал живгоцин гӀисинал наибзабазда гъоркь рикӀкӀула. МахӀа-хӀажияв хвана 1304 соналъ (байбихьана 29.09.1886 с.). ХӀоцоса ГӀабдулатӀипица марсият гьабун, кагъат хъвана Шамхалихъе, гьениб баян гьабулебги буго дов гӀолохъанго хвей.

Аргъваниса МуртазагӀалил **Шамхал** – кӀудияв гӀалимчи, имам Шамилил наиб. Хадув ГӀанди округалъул халкъияб махӀкаматалъул диванбег. Хвана 1325 соналъ, вукъун вуго Аргъванив.

[3] Искандария (Александрия), Шималияб Мисриялъул, кӀудияб ралъдал рагӀалда бугеб шагьар.

[4] ТӀоцебе Ингилисаз абун хъван букӀун буго, хадуб Лемсазда абун битӀизабун буго. Гьебги ккола хисизабураб гӀурусазул «немцал» абураб рагӀи.

[5] Европалъул пачалихъ ва миллат (гӀурус. – «французы»).

Абула, жиндир мунагьал чураяв имам Шамилида лъанин хункар Мисриялъул имам ИсмагIил-пашада[1] данде къватIив вахъине вугилан, досул (ИсмагIилил) гIасилъиялъе гIоло, жиндихъа хункарас тIалаб гьабурал гIарадаби кьечIолъи сабаблъун. Имамас, хункарасда аскIов вукIиндал, гьарана гьеб жо нахъа бахъеян, жив дов ханасухъе, ГIазизу Мисриясухъе[2] щвезегIан. Ва хункарас гьесул гьари къабул гьабуна. Цинги досухъе щвараб мехалъ, дос гьев кIодо гьавуна, жиндирго тахидасаги рещтIун, гьелда тIад гIодов чIезавуна.

Шамил гьесда кIалъана гьаб жо жиндир хIасил бугелда: «Рекъоларо нуж кIияздаго гьоркьоб дагIба-къец букIине, гьелдалъун капурзаги рохула», – ян.

Гьединлъидал ИсмагIил-пашаца Шамилида абуна: «Дица гьабила дуца амру гьабураб жо», – ян.

Шамилица гьесда абуна: «Дида лъикIаблъун бихьулеб жо буго дуца дур вас гьесухъе витIи», – ян.

Гьединлъидал гьес жиндирго васги витIана хункарасухъе. Гьев гьесухъе (хункарасухъе) вачIиндал, Истамбулалъул агьлуялъ кIудияб рохел загьир гьабуна, зодоре гIарадабиги кьвагьун. Ва хункарас жиндирго ясги кьуна дов (жиндихъе) витIарав васасе.

Имам сабаблъун гьезда гьоркьоб рекъелги ригьинги ккана, Аллагьас гьесие лъикIаб жазаъ гьабеги заралалдасаги цIунаги.

Цинги ИсмагIил пашаца Шамилие [8б] гIемерал сайгъатал кьуна ва гьев гьесул къасд бугеб бакIалдеги регIана.

Шамилил гама сардилъ пиргIавнил гъанкъараб бакIалде щвараб мехалъ, ралъдал карачелал рагъарана, ва гамил мудаббир[3] зигардана Шамилие. Шамилица жиндир гьалмагъасухъе тIад жо хъвараб (кагътил) кесек кьуна, ва гьесда амру гьабуна гьеб ралъдалъе рехеян. Гьесги гьеб ралъдалъе рехана, ва гама гIодобиччана.

[1] ИсмагIил-паша (1830-1895) – Мисриялъул падишагь 1863-1879 соназда.

[2] ГIазизу Мисра – Мисриялъул хан абураб магIна, Къуръаналдаги «Юсуп» сурталалда рехсараб.

[3] Ай, гIадлу-тадбир, бербалагьи гьабулев чи.

Абула, гьеб хабар Маккаялъул шарипасда лъанин, имам гьесда аскIове щвелелдего.

ГIела Шамилие гьесие ккаралщинал караматал, Дагъистанги, гIурус ва хункарасул вилаятаздаги. Хасго гьесие ккараб ункъо жо:

1. ДандчIвараб мехалъ, хункарас гьесул кIиябго кверда уба гьаби (къочин).

2. ГIурус падишагьас гьесие меседил хвалчен кодоса кодобе кьей. Гьеб кIиябго гIадаб жо гьанжелъизегIан ккечIо.

3. Мисриялъул гIазиз (хан) жиндирго тахидасаги вахъин, ва гьев гьелда тIад гIодов чIезави.

4. Маккаялъул шарипас гьев Масжидул-ХIарамалъул минбаралда тIад вахинави, хасаздаги гIадамаздаги гьев вихьизе.

Гьеб киналдасаго гIажаибаблъун ккола гьев гIемерал къварилъабаздасаги захIмалъабаздасаги, цIадулъан месед гIадин, ТIадегIанав Аллагьас жинда ссалатги саламги лъеяв, халкъалъулго сайид, МухIамадида аскIов хвезавизегIан, къватIиве ворчIун ккей[1] [9а].

Имамас наибзабаздаги халкъалдаги абулеб букIана шаригIаталъул низамалда чIайилан, хIатта гьес амру гьабулеб букIана, гIиял рас бетIиги тун, гьеб кIуркьмахалъ къунцIеян, (рас бетIи) гIиязе гIазаб букIиналъе гIоло. Ва гьоцIо бахъизе гIоло наялги чIвачIого теян лъазабуна. КигIанго гьеб иш гIадамазе захIмалъаниги, хасго багулазул, тIиндадерил ва чIамалазул агьлабазда, щайгурелъул бетIараб квасул пайда цIикIкIун букIуна. Гьеб сабаблъун Шамилидаги гIалимзабаздаги гьоркьоб дагIба-рагIиги ккана, хасго гьунар тIокIав шайих Загъаласдаги[2] Шамилидаги гьоркьоб.

---

[1] ЧIаго хутIин абураб магIнаялда.

[2] Хъварщиса **Загъалав** – гьесул цIар Къурбан-гIали ибну Загъа абун хъвалаан ва гьев кколана ТIадмагIарухъ бергьарав гIалимчи, факъигь, имам Шамилил гIакълучи. Гьес гIахьаллъи гьабуна жигьадалдаги. Хвана 1287 соналъ. Назир ад-Дургалияс абулеб буго гьес нусгоялдасаги цIикIкIун сонал ранин. Вукъун вуго Хъварщи росулъ (ЦIумада мухъ).

## Ва, гьунар ТIокIав Шамилил хилапат байбихьи (байбихьана)

ХIамзатица жинда хадуб хилапаталъул иш Шамилихъе тун букIана. Гьесда гьебги тIад къана, хириял гIалимзабиги ракIарун хадуб. Гьездаги нилъедаги ТIадегIанав Аллагь гурхIаги. Амин.

Шамилица гьеб жиндаго тIаде босана, нахъчIван, инкар гьабун хадуб, хIатта дол, добги къабул гьабичIого, рикьрикьун инехъин рукIиндал.

Шамилида гьев чIванин рагIидал, гьес тIоцебе гьабураб жо – Генув туснахъалъув вукIарав Ругъжаса СултIанав чIвай букIана.

## Шамилил гьижраялъул хабар

Гьес гьижра гьабуна жиндирго эбелалъул росулъе, ГIашилтIе.

Цинги доб заманалъ Шураб хъалаялда вукIарав инарал Кулукаца[1] Гендерил агьлуялдаса тIалаб гьабуна щуго гIанасеб хIамида тIадги лъун, цIолбол хьопалги [9б] ва лъикIаб пихъил гъутIбиги ритIеян.

Цинги гьезул агьлул-хIалли вал-гIакъди[2] данделъана бетIер (раис) Бартиханил рокъор гьеб ишалъе мушавара гьабизе. Гьез гьениве Шамилги ахIана. Гьес гьезда цIехана данделъиялъул гIилла. Гьез гьесда бицана ккараб жо, ва гьесда гьелги ратана (дол) ритIизе гIазму гьабурал гIадин. Гьес гьезда абуна: «Нилъеца, ай гьанир ругеца гьел ритIани, цоги вукIунищ ритIичIого чIолев чи?» – ян.

---

[1] Франц, гьевги Карлил вас – Клюки-фон Клюгенау. Инарал – литIнатI. Аслу богьемияв (Чех), хъулухъ гьабуна гIурусазе. Гьавуна 17 сентабералъ 1791с., хвана 1851с. 7 апрелалъ, АхIулгохIил "багьадур".

[2] КIудиял ишал бухьа-бичи гьабулеб мажлис. Доб заманалъ гьезда чIухIбийилан абулаан.

Гьез абуна, вукIунароян. Дос абуна, нилъеца ритIичIони, цоги щивниги чияс ритIулищилан? Гьез абуна, ритIулароян.

Гьединлъидал гьес абуна: «Нилъеца гьеб гьабизе бегьуларо, гьеб ккола квешаб нухлъун лъугьин, ва абадиялъ къотIизеги къотIуларо (къотIулареб)», – ан.

Цинги гьезие вагIзаги гьабуна гьалда релълъун:

ЛъикI ккарав чи вугин, жив хведал, жиндир мунагьалги цадахъ холев, ва квеш ккарав вугин, живгоги хун, жиндир мунагьал нахъе хутIулев чиян. Гьес гьезда абуна: «Дида лъикIаблъун бихьула нужеца гьесие гIузру бачани. Гьесдаги абе: «Дуца нижер цIолбол хьопалги (пихъил) гъутIбиги къотIана, дуца нахъе тарабги ансадерица къотIана, гьединлъидал духъе битIизе жо исана нижехъ гьечIо, дуца гьеб цогидазухъа тIалаб гьабе, нижеца бижун хадуб битIила гьеб дуе бачIунеб соналъ», – ин. Гьес абуна: гьелдеялде Аллагьас цо жо ккезабизе батилин. Гьел руцIцIун чIана, гьелдаги разилъичIого. Гьелги жалго тун, Шамил къватIиве ана.

Цинги гьесда хадув гIунтIана гьесул вацгIал (инсул вацасул вас) Ибрагьим, ва гьес абуна: «Дол дуда нахъасан кIалъалел руго, ва гьез абулеб буго, гьадасухъги гьесул рагIудахъги балагье, хутIарал гIадамал жидерго руччабаздаса цин гIурусал нахъ чIвазе кIоларого ругеб мехалъ! Ва гьез жидерго пикру гьеб битIизеян ккараб битIараблъун гьабуна» [10а], – ян.

instituteofhistory.ru

Гьелде данде ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв шайих Шамилица абуна: «Жидеего бокьараб гьабеян абе», – ян. Ва гьеб жоялда гьесул ракIги къварилъана. Цинги гьеб рокъор данделъун рукIаралщинал чагIи, гIемер заманго иналдего, пасалъана (хвана), ва гьезул рукъзалги рухIана, рещтIунел бакIазулги (مساكنهم рукъзал) асарго тIагIана.

Шамил апандица дин ккведал, ТIадегIанав Аллагьасул рокьиялдалъун дуниял гьесие бокьухъе сверана, гIумруги халалъана.

Нужеца пикру гьабе ТIадегIанав Аллагьасул каламалъул:

وأما ما ينفع الناس فيمكث في الأرض

(Тапсир: ва амма гIадамазе пайда гьабулеб жо ракьалда хутIула, ай нахъе хутIула).

Ва гьесул караматаздаса ккола:

Генуб росу лъабцIул бухIана, гьесул рукъ бухIичIо, доз доб бухIизе цIакъ жигарги бахъана, гьединго ГIашилтIа бугеб гьесул рукъги бухIичIо, гьеб бухIараб мехалъ, ва АхIулгохIда букIараб гьесул чIолеб бакIги бухIичIо, гIурусаз гьеб бахъараб мехалъ.

Гендерил агьлуялъе гIоло Шамилил ракI къварилъидал, гьес ГIашилтIе кIиго чапар витIана, гьениса гIолохъаби рачIаян абун. Гьениса анцIила анлъго чи вачIана. Гьес жиндир къасд лъиданиги бицинчIо, цохIого цо жиндир чIужу ПатIиматида гурони богодаса хадуб. Ва гьейги гьесие мукIурлъана (разилъана) гьеб жоялда. Гьединлъидал гьез рукъалъул къайи-матахI хIадурги гьабун, бухьизеги бухьун, рогьалил какдаса хадуб (дол) гIолохъабазухъе кьуна. КIиявго гьитIинав вас (гъулам) Жамалудинги ГъазимухIамадги цо-цо (дол) гIолохъабазул гъуждузда рекIинаруна. Ва, къватIив вахъулеб мехалъ, гьес (Шамилица) жиндирго рукъалде гьадинаб хитIаб гьабуна:

«Дица мун жибго толеб буго (ватIалъулев вуго), дуда жаниб дин бахъунчIезабизе (билълъанхъизабизе) дие данде ккечIолъиялъе гIоло. [10b] ХIакълъунго, ТIадегIанав Аллагьасул халкъалъул бищун ЛъикIас, жинда ТIадегIанав Аллагьасул ссалат салам лъеяс ТIадегIанав Аллагьасул бищун лъикIаб ракь тана, Досие жиндирго дин загьир гьабизе санагIалъи ккечIеб (рес ккечIеб) мехалъ. ТIадегIанав Аллагьас дуда жаниб гьеб бахъун чIезабизе хъван батани, дун дуде тIад вуссина, гурони вуссинаро», – ян. Гьев къватIив вахъана, гьесде данде чIвана гIодулей жиндирго эбел. Гьелъ абуна: «Мун киве унев, ва кин дун дуца жийго толей?» – ян. Гьес абуна: «Дун рикIкIаде унев гьечIо, цохIо дур росулъе ГIашилтIе унев вуго, дуе бокьани, лъимал щвезарун хадуб мунги ячина гьение», – ян. Гьединлъидал гьейги гьение ана, цинги Генуе тIад юссуна ва гьений хвезеги хвана. ТIадегIанав Аллагь

гурхIаги гьелда. Амин. Цинги Шамил кIиго сонгIанасеб заманалъ ГIашилтIа чIана.

Цинги ансал рахъана гьесде данде лъабго нухалъ. Ва гьезие гьелдалъун гIодогIанлъиги басралъиги гуреб жо лъугьичIо.

Шамилие гIоло гIещдерил агьлуялъ гIемераб къварилъизахIмалъи чIамана, ТIадегIанав Аллагьас гьел кIиябго рокъор рази гьареги, хасго нижер вацаз вацал: гьунар тIокIав гIалимчи ГIахьалчIиса КъурбангIалил[1] васасул вас ва хIажияв Абубакрицаги аз-Загьид[2] – генал сибиралде ритIулеб заманалъ, сибиралде витIарав МухIамадицаги.

## Магьди Шамхалгун Шамилил (ккараб) хабар

Гьес Шамил ахIана данделъиялде, ва Шамил гьениве инчIо. Гьединлъидал гендерил агьлуялъ гьесда гьарана ва тIад чIана (гьениве аян). Гьеб Шамилица къабул гьабичIо. Гьесухъе гьесул мурид вачIана ва абуна: «Доб данделъиялде мун вачIунгутIи гьез гIунтIизабулеб цIулъиялде», – ян. Гьединлъидал (гьев) тIаде вахъана, (гIоркь бугеб) парччиги босана, гьесда тIад (ретIун) хъабарчаги букIана, ва кьижулеб мехалъ ботIрода [11а] лъолеб тIагъурги букIана. Гьесда кодоб щибниги ярагъ, ханжарцин букIинчIо, ва (гьедин) рокъоса къватIиве вахъана, тIагьарат гьабизе бокьарав гIадин. Хабалазда аскIове щведал, тIасаги бахъун тIимугъ къеда бана, ва живгоги хехго (векерун) данделъиялде ана. Гендерил агьлу гьесда хадуб къватIибе бахъана ва чIаян ахIдана. Гьес гьезда абуна: «Нуж рачIанани, дун нужгун вачIине гьечIо», – ян. Гьединлъидал, гьев данделъиялда ругезде ваккидал, гьел ратана: Азайниса шамхаласул вас, кIудияв чигун ва

[1] ГIашилтIаса ГIабдуллагьил КъурбангIали – кIудияв гIалимчи, факъигь. Шураб диван-беглъунги хIалтIана. Гьавуна 1244 соналъ. Гьесул эменги кIудияв, машгьурав гIабид вукIана. Амма гьевги хун, КъурбангIали бесдалго гIуна. Хвана 1317 соналъ.

[2] Загьид: дуниялда хадув лъугьунарев, гьеб рехун тарав чи.

хъулухъчигун цадахъ. Гьел тIад рахъана, ва хIайранлъарал гIадин хутIана. Гьес гьел гIодор чIезаруна, ва живгоги шамхалил васасда хьолбохъ гIодов чIана.

Гьес гьезда абуна: «Нужеца дида абулеб жо абе», – ян. Гьез гьесдаса тIалаб гьабуна гьев Шамхалихъе вачIине, гьес гьев кIодоги тIадегIанги гьавизе, ва лъарагIлъиялдаги магIарухъги ругел гIадамал кIиязулго мугьруялдалъун хьвадизе. Гьеб заманалъ шамхаласул йикIана гIолохъанай къинай чIужу, ва гьесул вилаяталъ гьеб сабаблъун рохелги загьир гьабун букIана.

Шамилица абуна: «Нужеца дой къинай гIадан Къебед МухIамадил дое рагьнуялъе (аманат) кьуни, дун шамхалихъе вачIина. Нужеца дие хиянат гьабунани, дос гьейги къинаб гьой гIадин чIвазе йиго», – ян. Гьеб ишги ккани дос (Къебед МухIамадица) жиндирго росулъ нуцаби чIван хадуб.

Гьез абуна: «Гьеб рагьну букIине дандего кколареб (рес гьечIеб) жо буго».

Гьесги (Шамилица) абуна: «Гьеб данде кколареб батани, дун вачIинги данде кколареб жо буго», ян. Гьебги абун, гьев, къватIиве вахъун, тIад вуссун ана, жинда хадурралагьун гьелги тун.

Нухда гендерил чагIи дандчIвана. Гьес гьезда абуна: «Гьанже нуж ая гьезухъе, [11b] дица гьезие гIураб жаваб гьабуна», – ян.

Гьелдаса хадуб гьелъул хIакъалъулъ гьесда гьикъана: «Щиб къасдалда мун гьединаб, хвалда хIинкъи бугеб жоялде (مهلكة) арав, кодоб цо бегIераб жоцин гьечIого?» – ян.

Гьес абуна: «Дун гьелде вачана пасикъзабазул рагIабазда ццин бахъиялъ, гьел дидехун гьетIун рукIарабани, дица гьезул цоясухъа бегIераб жоги бахъун, гьелгун гъазават (рагъ) гьабилаан», – илан.

Цинги диналдалъун жидехъа давлат (ханлъи-хIукумат) тIаса иналдаса хIинкъарал хунздерил агьлуялъ жиндирго ракьалда гIурусаздалъун (ай, гьезул кумекалдалъун) хъала базе къасд гьабуна. Гьел гIурусазухъе ана, ва гьелги ТIалтIа, ай

кIудияб шагьаралъул рагIалда хъала базе ахIана. Ва гIурусалги гьеб жоялъе гIоло рагъа-ракарана.

Шамилида[1] гьеб лъайдал, гьев ГIашилтIа агьлу-хъизанги тун жиндир гьалмагълъигун тIаде вахъана. Багулаздаса, тIиндадериса, ва цогидаздаса, бокьун яги хIал гьабун, бо гIуцIана нухазул къварилъабазухъ гIурусазде дандечIей гьабизе къасдалда. Гьес къасд гьабуна гьел (гIурусал) хунздерил гIатIилъиялде рахилелде гьел (нухал) къазе.

ГIесдерил[2] кулазде боялгун гьев щведал, гьеб росдал гIадамаз гьезде данде кутакаб рагъ гьабуна, ва Шамилил боги нахъе къана. ГIесдерица гьел чIвана, ккуна, ва гьезухъа ярагъ бахъана.

ТIадегIанав Аллагьас, чIван вахъунев вукIарав Шамил хвасар гьавуна. Гьев чIвазе къасд гьабурав чи гьесул гьалмагъас чIваялдалъун.

Цинги гьев рещтIана Зоно абулеб бакIалда ва къого сордогIанасеб мехалъ кутакаб ракъигун гьенив чIана.

Абула, ТIадегIанав Аллагьасул гъалбацI, хIасабги насабги бугев, [12а] Шамилил боялъ гуржиязул росаби рахъулеб заманалъ жив шагьидлъарав Кавулъиса[3] Тураласул ХIажимухIамад, Денгал наслуялъул, (гьевги) жиндие цIунтIадерицаги къиялазги магъало кьолев вукIарав (чи).

Дир заманалъ тIиндадерил бо ана ЦIунтIаги Къиялъги магъало бахъизе, ва гьезул гьелда хIал кIвечIо.

Гьес Шамилие сурат[4] битIана, гьев Зано[5] вугеб мехалъ.

Гьесул баракат къотIичIо жакъалъизегIанги, ай гьесул васазул васазул заманалъ, 1302 (соналъ; гьебги 20.10.1884 с. байбихьана)[6]. Я Аллагь, дуца гьеб баракат абадияб гьабе гьезда, амин, я дугIаби къабул гьабулев (يا مجيب الدعوات).

---

[1] Гьамишалда: Дагъистаналъул имам, Аллагь жинда разилъаяв.

[2] ГIасаб – Шамил мухъалда бугеб росу.

[3] Кавулъи – ТIинди росдал бищун басриял авалазул цояб.

[4] Гьадин буго хъван سسات(р) хIарп гьечIого магIарулалъ. Хадубго: ай, зад زاد – абун буго. ГIарабалъ магIна гьабун.

[5] Гьадин буго (зано زَن)

[6] Гьаб ккола тIехь хъвараб заман баян гьабулеб хIужжа.

# ТIелекь гъазават

Шамилги гьесул гьалмагъзабиги дора кутакалда рагъана. ГIурус богун гIандалазулги кIувалдерилги ва гьел гурезулги мунапикъзаби рукIана, гьел гьесие бищун цIикIкIун зарал гьабураздаса рукIана. Гьединго жидерго боялгун гIурусалгун цадахъ рукIана Гъазигъумекиса МухIаммад-ханги, ва Жунгуталдаса АхIмад-ханги. Гьеб заманалъ Шамилида цадахъ рукIана цеве рехсарав ХIажимухIамадги, ТIинди [росдал] Кавулъи [авалалдаса] Бидул Денгал МухIамадхIажиявги ва Кавулъиса ХIажимухIамадил ХIажиявги. Гьелги ккола тIиндадерил лъикIал, кьварарал чагIи. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьезда.

ТIелекь чIвана машгьурав бахIарчи, мугьажирав гIалимчи Гъолодаса ЧIарихъа Малла-Рамазан, ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв. Амин. [12b]

Доб заманалъ Шамилилги гьесул боязулги иш загIиплъана, хIатта жинда релълъин гьечIев камилчицин загIиплъулеб хIалалъ. Кин бугониги, Шамилица сабру гьабуна, ва гьелдалъун гьел хвасарлъана. Я дир бетIергьан Аллагь, дуца гьезул мунагьал чуре, ва Мун гьездаги гурхIа.

Цинги Шамилица МухIамадмирза-ханасухъе рагьнуялъе кьуна жиндир яцалъул васги, ТIелекьа Мирзал васги, гьевги Къебед-МухIамадил гIагарав, ва машгьурав тIокIав гIалимчи Къарахъа Гьочоса ГIабдурахIманил васги. Ва гьелгун данделъана, гьезда амруги гьабуна гьез жидерго вилаятазда шаригIат билълъанхъизабеян. Гьеб жо букIана 1253 соналъул ахиралда (1838 соналъул байбихьи).

Амма, Шамилил яцалъул вас гIурусаз рикIкIад гьавуна гIемераб заманалъ, цинги тIад вуссана Аллагьасул цIобалдалъун.

Дов кIиявгойин абуни МухIамадмирза-ханас жиндилъ бугеб иманалъул асаралъ, заман ун хадуб, сардилъ Кулла-БацIаде[1] щвезе гьаруна.

[1] Куллаб ва БацIада – Гъуниб мухъалда, цоцада аскIор ругел росаби.

instituteofhistory.ru

Цинги Шамил жиндирго агълуялъухъе ЧIиркъатIе тIад вуссана. Гьев тIелкьадерил питнаялъулъ вугеб мехалъ, гIурусал рачIана ГIашилтIе. Гьединлъидал гьесул агълу лъутана АхIулгохIалде, ва гьез ГIеш[1] росу бухIана, Шамилил рукъги, гьесул гIагарай гIаданалъул, гьелъ гьесие назру гьабун букIараб рукъги бухIичIо гьез. ГIурусаз къасд гьабуна АхIулгохIалде рахине, гьединлъидал руччаби-лъимал (الذراري) ЧIиркъатIе лъутуна. Гьел гьенирегги рахана, ва гьенир рукIарал рукъзалги рухIана, гьесул рукъ хутIизегIан. [13а ] Шамилил тIахьал гьезухъе щвезехъин рукIана, амма гьел рорчIизаруна гIурусазул кодове ккун вугев, варагIги зугьдги бугев ал-ГIарип – ГIашилтIаса МухIаммадил цIодорлъиялдалъун. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьесда.

Ва гьезда данде рагъ бана доб заманалъ Аргъвани дибирлъун вукIарав бахIарчилъиялдалъун машгьурав, гьунар тIокIав гIалимчи Хунзахъа Хириясул ГIалибегицаги, гьесда цадахъ рукIарал багулазги, тIиндадерицаги ва цогидазги. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьезда гIатIидаб рахIматалъ, амин, я дугIаялъе жаваб гьабулев!

Абула, гьеб жо сабаблъун Шамилица[2] ТIиндадерил агълуги ва гьезда цадахъ доб заманалъ рукIаралги тIаса рищанин (ай, тIаса рищараздасан гьаруна) къварилъиялдаги гIатIилъиялдаги.

Гьез гIемерав чи чIвана, тушбабаздаса ярагъги бахъана ва гIурусазе гьабизе бокьун букIараб жоялдаса нахъги чIвана. Ва гьелги тIад руссана, жидер мурадги тIубачIого, чIорогоги хутIун. Шамилихъе гьеб ишалъул хабар щвана гьев ТIелекь вугеб мехалъ. Гьес гьелъухъ гIинтIамичIо, жиндириш тIубазегIан. Къаддаса ЛЛАГЬУ сиррагьу. Амин.

НикIалай абулев гIурус падишагьасул заманалъ Шамилица Дагъистаналъул вилаятал сверана. Гьев ЧIиркъатIа вугеб мехалъ, инарал Кулуки[3]– ян жинда цIарги бугев, Шураб вугев гIурусазул кIудияс данделъиялде ахIана. Гьев Кулуки вачIана

---

[1] ГIашилтIа.

[2] Гьаб гIатIидго хъван буго Гьигьалъа Имам-МухIаммадица жиндирго тарихалда.

[3] Клюки-фон Клюгенау.

анцӀила щугогӀанасев гьалмагъгун цадахъ гендерил къварилъухъе. Шамилги гьалмагълъигун цадахъ ана, гьениве. Гьел данделъараб мехалъ, Кулукица квер бачине тӀалаб гьабуна, Шамилица, кигӀан гьалмагъзаби тӀад чӀаниги, гьеб иш нахъе чӀвана. [13b]

Цинги гӀодор чӀана, ва Кулуки кӀалъана, падишагь НикӀалайихъе гьев вачӀине тӀалаб гьабун гьевги падишагьас тӀадегӀанги кӀодоги гьавизе вугин, ва тӀолго Дагъистаналъул бусурбабазул ишазде тӀаде вилаятги кьезе бугин, ва кинабгӀаги хиялалъиги гьесухъан букӀине гьечӀин.

Шамилица гьеб къабул гьабичӀо. Гьел гьеб хӀалалда рукӀаго, гъоркьа тӀаде гьалмагъзабигун цадахъ зикру (тагьлил[1]) бачунаго, Ахбердил МухӀамад ваккана. Гьеб рагӀидал, малгӀун хӀинкъун, вагъа-вачарана, ва Шамилил гӀагарчи Генуса Бартиханида абуна: «Дун нужехъ кодов гьечӀищ?» – ан. Гьесги абуна: «Вуго», – ян. Цинги Кулукица гьикъана: «Нужеца дие хиялалъи гьабизе бугищ», – ян? Гьес абуна: «ГьечӀо», – ян. Гьелде данде дос Кулукица абуна: «Гьединго НикӀалайица Шамилиеги хиялалъи гьабизе гьечӀо», – ян.

РатӀалъизе тӀаде рахъиндал малгӀунас квер бачизе тӀалаб гьабуна, амма Шамилица гьелъие инкар гьабуна. Гьеб жо гьукъизеян, Ахбердил МухӀамад лъугьана гьел кӀияздаго гьоркьове, гьединлъидал, малгӀунас гьесдехун ццим загьир гьабуна, Шамилидехун гьабуралдасаги цӀикӀкӀун.

ГӀурусал хунздерил гӀатӀилъиялдаги рахун, ТӀалтӀа кӀудияб хъала бан хадуб, АхӀулгохӀ хӀадур гьабуна.

ГӀурусаз хъулби рана ГӀахьалчӀиб, МокӀсохъ, ЦӀатӀанихъ, ГьоцӀалъ, Зираниб, Хьаргабиб, Балахьуниб, Генуб. Ва жалгоги гьел бакӀазда рещтӀана ва щулалъана. Гьелдалъун мунапикъзабазул гарбал халалъана, ва гӀемерисел гӀадамал, бокьун рукӀа яги хӀалгьабун рукӀа, гьездехун гьетӀана, гьелдалъун муъминзабазда балагьги цӀикӀкӀана. [14a]

---

[1] Тагьлил ккола (Ла илагьа илла Ллагь لا إله إلا الله) – абун аби.

Шамилиеги, муъминзабазеги, гIалимзабазеги гьеб иш захIмалъана. Гьез мушавара гьабуна, гIемерисез Чачаналде гьижра гьабизеян пикру загьир гьабуна. Шамил гьелда рекъечIо, гьес абуна: «Нилъеца нилъерго ракьалда цо щулияб бакIалдасан гъазават гьабизе буго, гъазавалдаса нилъ гIорцизегIанги, шагьидлъизегIанги», – ян. Гьес абураб жоялда тIад рекъана гьунар тIокIав гIалимчи Колоса Сурхай. Гьединлъидал гьез байбихьана ЩулалъулгохIги АхIулгохIги хIадур гьабизе. ГIурусаз гьеб кIиялдаго тIад къасд гьабуна, амма гьеб нухалъ гьезул иш данде ккечIо.

## ТIарада Инхело гъазават

ГIурусазул бо КIаратIа рахъалдехун бахъанин рагIидал, Шамил Зонове ана. Гьенир гьесда ратана багулазулги тIиндадерилги бо, жидерго машгьурал церехъабигун: КIванадаса Басханил МухIамад ва ТIиндиса ГIаличул МухIамад, ва гьел гурелги гIалимзабигун цадахъ.

Гъазаваталъе бугеб шавкъалъ гьез, Шамилил изнуги гьечIого, гIурусазул аскаралда тIад къасд гьабуна, амма гьезул жо ккечIо. Цинги гIурусаз къасд гьабуна ТIарада Инхело рахъалъан КIаратIе рачIине. Жиндирго дагьа-макъал муридзабигун цадахъ Шамил къватIиве вахъана, боги бачинчIого. Шамил ТIарада Инхело росдаде гIагарлъидал, гIурусазда гьев лъана, гьесул хвалчен кваранаб рахъалда бан букIинаялъ. Гьелдаса хадуб Шамилица хвалчен квегIаб рахъалда гурони бачIо. [I4b]

ГIурусаз гьесда, туманкIазги, гIарадабазги речIчIана. Шамил гьотIода нахъа вахъун чIана, ТIадегIанав Аллагьас гьев цIунана гьезул квешлъиялдаса. Гьезул кьвагьи чIараб мехалъ, гьев гьезда вихьулеб бакIалдасан гIедегIун векерун ана тIерхьинегIан, гьел кIиабизеги кьвагьдезе хIадурлъилелдаго. ХIинкъарав гIурусазул бетIерас амру гьабула жиндихъе жиндирго чу бачеян, лъутизе, ва гьелда тIадги рекIана. Цинги гIурус бо къабихIаб куцалъ къана. Шамилги гьесул муридзабиги богол мех щвезегIан рагъана.

Бицуна: кIаратIисезул руччабаз гIурухъа лъим баччулеб букIанин гьекъезе. Гьенир гIемерал гIурусалги чIвана. Гьенив шагьидлъана ЧIиркъатIаса Сулайман, МелъелтIаса Тамачалав, ЧIикIаса хIажи СалихIил ХIусейн ва гь. ц. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьезда. Амин.

## Аргъвани гъазават

АхIулгохIги хIадурун, кIиабилеб соналъ, гIурусаз кIиабизеги АхIулгохIда къасд гьабуна. Гьединлъидал Шамил живго цохIо гьениса къватIиве вахъана, ва гьесул гьалмагъ Юнусги гьесда хадув Аргъванив гIунтIана. Ва гьес чапарзабиги кагъталги ритIана гъазават тIалаб гьабун. Гьел данделъана буртизул ракьалда, кинниги гьениб кIудияб пайдаго ккечIо, гьединлъидал гьев Аргъвани росулъе тIадвуссана, ва гьебги хIадурана. ГIурусал гьезде тIаде кIанцIана, амма гьез гьел нахъе чIвана, гьелъул хIасилалда гIурусазул кIудиял камиялги ккана.

Абула, гьебщинаб жо кканин, гIурусалгун вукIарав мунапикъ МелъелтIаса Гъули (غُل?) абурав чиясул хIиллаялдалъун. ХIакъикъат ТIадегIанав Аллагьасда лъала.

Имам Шамилги, Хъварщиса шайих Загъалавги гьенисан рорчIана. Гьев Загъалав свакаялъ гIодов ккезе гIагарлъун вукIаго, гьесул буртинадулъ щуго каратI лъун, багьун букIана. Бодул цоял росулъго чIана. Гьездаса ккола машгьурав бахIарчи Болъихъа ХIажияв, НахъбакIалда, ай Буртинаялда гьезул дибир Кудалиса АхIмадгун цадахъ шагьидлъарав ИсмагIилил эмен.

Ва тIиндадерилги, багулазулги, чIамалазулги гIолохъаби. Гьенив шагьидлъана нижер шайих, машгьурав бахIарчи, гьунар тIокIав гIалимчи, загьид, Хущтадаса Салим, ва наиб, гьунар тIокIав гIалимчи Хелекьуриса Шамхалги[1].

---

[1] Гьаб кIиго бутIаялда жанибе бачараб жо аслуялда хъван букIун буго. Хадуб бацIунеб букIун буго. Дица хIалихъе цIалун, гьаниб лъуна. ТIанкIал лъураб бакI цIализе кIвечIо. (*ГIаламуддин*).

## АхIулгохIил гъазават

ТIад рекIине жоги кумек гьабулев чиги дагьлъидал, ва тушбабазда данде рагъ гьабизе щулияб, божи бугеб бакIги тIагIиндал, Шамилги гьесда хадур рилълъаралги Саду бай-даналда данделъана, ва гьенисан ЧIиркъатIе рилълъана. Гьез-да гьезул цоцоял АхIулгохIде ине къасдго гьечIого ратана, ва гьелъие батIулал гIиллаби рачунел рукIана [15b]. Гьедин-лъидал Шамилги гьевгун цадахъ ругелги АхIулгохIде ана. Гьесде тIаде гIурусалги, хунздерилги ансадерилги муна-пикъзабиги рачIана.

Шамилгун цадахъ ругезул рикIкIен щунусгоялдаса гъоркь букIана. Гьезул нусгогIанасев Шамилица ЩулагохI абулеб мегIералъул тIогьив тана, гьеб цIунизе. Гьез гьебги цIунана, ва доб заманаялъ АхIулгохIалъе кIудияб заралго ккечIо.

Гьеб заманалъ гьенибе рачIунел-унел чагIазе ЧIиркъатIасан нух букIана. Гьенисан щолаан квен-тIех (сур-сат) ва хIажатал жал. Гьеб гIемерисебги ЧIиркъатIаса букIана. Цинги гIурусазулги мунапикъзабазулги цо-цо къокъаби ЧIиркъатIа рещтIана ва доб мегIералъул тIогьир ру-гезде кутакаб рагъ гьабуна, цебесанги, нахъасанги. Гьезде ба-лагьги кIодолъана ва гучлъана, ва гьезул анцIила анкьго гIа-насев бахIарчи шагьидлъана. Гьединлъидал, добги тун, гьел АхIулгохIде ана.

ГIурусал доб магIарда рещтIана, жидецаго рагьги гьабу-на, ва жалгоги чIвана. Гьезда жал чIваялъулги хвеялъулги гIемерлъи бихьидал, хIиллаялъе ургъана: гьез хъорщол тIох лъун, дагь-дагь ккун АхIулгохIалде гIагарлъизе байбихьана, жидее муридзабазул тункIазул зарал щвеларедухъ. Шамилил гьалмагълъиялъул цо-цо чагIи дозде тIадги кIанцIун, гьеб хвезабуна. Цинги гIурусал гьебги тун [16a] цогидаб хIилла ургъизе лъугьана. Халатаб, гургинаб таргьаги[1] гьабун, гьеб

[1] Аслуялда: غرارة(гъирарат) абун буго. Гьеб ккола жинда жаниб жо лъолеб жо, таргьа, къандалъо ва гь. ц.



instituteofhistory.ru

ракьул[1] цIезабуна, ва маххул рахсацаги бухьун АхIулгохIалъул рахъалдехун дагь-дагьккун гиризабуна, ва гьелда нахъаги добго куцалъ жо бана. Гьеб гIагарлъараб мехалъ, гIадамазул кьерал хисана, гьел ургъалилъ ккана. Гьединлъидал, Шамилица гьеб хвезабизе щив вахъулеван ахIидал, гьесие гIадамас жаваб гьабичIо. Гьев гьедана гьеб сордоялъ гьеб хвезабичIого толарин, ва живго ине къасд гьабуна. Амма, гьениса яхI-рухI бугел чагIи рахъана ва дозде тIадги кIанцIун, добги хвезабуна.

ГIурусазда цадахъ къоло ункъо гIарада букIана. Гьеб мегIерги, ай АхIулгохI гьез гIарадаби речIчIулеб мехалъ, багъарулеб букIана гьелда хьолбохъ вахъун чIарасул мугъалда тункулеб куцалъ. ГIурусаз гьелда гIарадабиги речIчIун, гIорхъода ругел къадалги бараб жоги рихизарулел рукIана. Гьенире жанир ругел чагIи лъугьана къаси кьижизе щоларого, къад чIезе бакI батуларого. Гьелги рукIана жалго рахчизаризе хIалтIи пиша гьабулел. Гьедин рукIана гьел лъабго моцIгIанасеб заманаялъ.

Дагъистаналъул имам Шамилица, Аллагь жинда разилъаяв,[2] тIоцебе абулеб букIана: нилъеца гьаниб сабру гьабизе буго, ва лъабго моцIалъ гьезда данде чIезеги руго. Гьеб заманалда жаниб къватIир ругел, яги гьезул цо-цоялгIаги рагъаризе ратилин тушбабазда гъазават лъазабизе, ва гIурусазе нахъасан зарал гьабизе. Кин бугониги, кумекалъе букIараб гьесул хьул тIубачIо, гьединлъидал, гохI цIунулезул балагьги цIикIкIана. РикIкIен дагьлъиялдалъунги, унтарал ва лъукъарал гIемерлъиялдалъунги (I6b). Гьезул иш ккана, щибаб сордоялъ цо-цо чи хун гурони, гьекъезе лъимцин щолареб хIалалде.

Цинги, гьеб балагь тIаса ине Шамилица жиндирго вас Жамалудин кьуна гъоркьлъалие гIоло. Амма гьеб кIудияб ишалдалъунцин гьезда тIаса балагь инчIо, гIурусалги добго

[1] ТIоцебе цIулаца цIезабуна абун букIун буго, хадуб, добго хатIалъ битIизабун, ракьуца абун хъван буго.

[2] Мухъазда гьоркьоб хъван буго.

хIалалда чIана. ГIурусазул сардарасда жидеда гьел кьолболъанго тIагIинаризе бажаризе гьечIеблъи лъараб мехалъ, гьес гьел рекъел-къотIи гьабизе ахIана. Цинги рекъелалда хадуб сардарас Шамил жинда аскIов вачIине тIалаб гьабуна. Шамилица инкар гьабуна, хIатта гьесул инкар кквей цIулъиялдацин гIунтIизабуна. Гьединлъиндал гьев, ццинги бахъун, вахъун данделъиялде вилълъана. Лъимал-руччабиги бихьиналги къватIире рахъине гьаруна гIурусазда рихьулеб бакIалда, жидер гIадамал гIемер ругин ккезе. Руччабазда бихьиназул ретIел ретIана, чалмаби къан, ярагъ борчун. Гьезда гьезул мухъал рихьидал, гьезул цояс абуна, гьалго щал чагIи гьанжелъизегIан дуда рихьичIел-ан Цогияс абуна, доб мегIер гIадамаз цIун буго, нужер чадрал салдатаз цIун ругеб гIадин – илан. Шамил гIурусазде аскIове щведал, гьесда гьезул кIудияв Пулло ватана азарго гIанасел кIудиял чагIигун ва салдаталгун. Шамил Пуллода аскIов гIодов чIана, ва жиндирго гIабадул (тIад ретIараб жо) рагIал гьесда гъоркье тIамуна, амма живго гьелда тIад гIодов чIечIо. Гьес къасд гьабуна, жиндие гьез хияналъи гьабуни гьев чIвазе. Гьесул гьеб къасд бичIчIана гьесул гьалмагъасда, шагьид ГIандиса Гъазиясда, (17а), ва гьев гьел кIияздаго аскIовегIан вачIана. ЧIухIарав инарал Пулло кIалъана гьадин:

Кинабго иш падишагьасул кодоб буго, нилъеда гьоркьоб рекъел ккани, мун чара гьечIого сардарасухъе вилълъине ккола, гьесда мунги вихьизе ва падишагьасда гьеб хабарги бицине.

Цинги Шамилица абуна: «Гьанже босе! Гьанже босе!» – ян. Щайгурелъул гьев рази вукIинчIо жиндир вас рекъелалъе гIоло гIурусазухъе кьезе, ва гьес абулеб букIана, гьеб жоялъул нилъее пайда ккезеги гьечIилан. Кин букIаниги, гIадамазул загIиплъиги рекъелалъе гьезул бугеб хьулги бихьидал, имамас жиндирго вас Жамалудин гIурусазухъе кьуна, кигIан цIакъ жиндиего гьеб жо бокьун букIинчIониги.

Гьаб буго Шамилица гьев гьезухъе кьолеб мехалъ абураб жо: «Я дир БетIергьан! Мун вуго хIакъав Аллагь, Дуца Дур авараг Муса, жинда Салам лъеяв, ПиргIавнил кодов хьихьарав, ва гьав дир васги, бихьулеб куцалъ капурзабазухъе кьолев

вугониги, хIакъикъаталда, гьев вуго Духъе кьолеб аманат, Мун вуго жо цIунулезул бищун лъикIав».[1]

Шамилица кIалъай гьабилелдаго, гьесул инсул вац, гьунар тIокIав гIакъилчи, бахIарчи Бартиханица инарал Пуллое жаваб гьабуна: «Ниж эркенал чагIи руго, цояс цожо гьабуни, гьесда цогияв кIалъала, нижер гIалимзабиги гIакъилзабиги руго росулъ, гьанире рачIинчIого, ва нижеда кIоларо, гьелгун мушавара гьабичIого, гьеб жо гьабизе», – ян. Цинги Ибрагьимил ХIусейница къалъул как ахIана мехцин щвечIого, ва Шамил тIаде вахъана гIурусазда абулаго: «Как ахIун хадуб, калам букIуларо», – ян. Ва гьелги рикь-рикьун ана.

Цинги гьелдаса хадуб, чагIиги ритIун, гьез гьев цоги нухалъ тIалаб гьавуна. Шамилица гьезие жаваб кьуна: «Дун вачIина ярагъги борчун, цадахъ нусго гьалмагъгун, нужер сардарги вачIе абе азарго гьалмагъги вачун, жиндирго аскарги рикIкIад гьабун», – илан.

Цинги гIурусаз Бартихан тIалаб гьавуна, ва гьесги инкар гьабуна. Цинги гьез (I7б) рекъелги билълъанхъизабун, ( تحقيقا للصلح) гьенир ругел лъимал-хъизанал жидерго ватIаналде тIад руссине гьари тIалаб гьабуна. Гьез ЧIиркъатIа ва Генуб (росдал) цо-цо рукъалъул агьлаби ритIана, амма гIурусал гьелдаги разилъичIо. Гьединлъидал, гIурусаз рагъ гьабизе байбихьана лъабгогIан къоялъ, ва киналго щулиял къадал хвезаруна. Гьел къоязул цоялъ Шамил тушбабазда бихьулеб бакIалда гIодов чIана, ва жиндирго гьитIинав вас ГъазимухIаммадги кодов ккун. Гьесда аскIов вукIана Инхоса Дарвиш НурмухIамад, гIурусаца зулму гьабун ккурав ва сибиралде витIарав, Шамил Дагъистаналдаса ун хадув – кIудияб ганчIида нахъа щулаго чIун. Шамилица абуна ТIадегIанав ( عزّ وجلّ) Аллагьасда хитIабги гьабун: «Я дир БетIергьан! Гьаб буго дие бищун хирияб рухI, гьединлъидал дица дие гьарула хвел, нодо бакьулъ гуллаги щун, цинги гьав дир гьитIинав васасеги», – ян.

---

[1] Гьал рагIаби тIехьалъул гьамишалда (кваранаб хьолбохъ) хъван руго, дагьабго гIисинаб добго хатIалъ.

Кинха ТIадегIанав Аллагьасе гьел кIиязего гьеб жо ккезе бокьулеб, Гьесие гьел кIияздасанго бокьараб жо букIана: лъебергогIанасеб соналъ капурзабиги мунапикъзабиги гIодорегIан гьари, динги тIадегIан гьаби, гьев кIиявго щвараб бакIалда щвезавизеги, гьев кIиявго жал хвараб бакIалъулъ хвезеги бокьун букIун. Нужеца лъикI пикру гьабе, я, гьал вацал, гьел кIиязулго хIалалъул, ва ТIадегIанав Аллагьасул рахIматалдасаги даим-абадиялъ хьул къотIуге.

## АхIулгохIдаса къватIив вахъун, Шамил Шубутиве иналъул хабар

АхIулгохIалъулги гьенир ругел гIадамазулги иш загIиплъиялде ккедал, (I8а) Шамилица къасд гьабуна гъазават гьабизеги жиндирго хъизан гьениса къватIибе битIизеги. Цинги хадуб жиндирго вас ГъазимухIамадги агьлу-хъизанги ритIана. Живги гьенив шагьидлъизе нигатги гьабун чIана. Жиндирго гьалмагъ Юнусида[1] гьес гьикъана: «Дуца щиб гьабизе бугеб?» – абун. Гьес абуна: «Дуца гьабураб жо дицаги гьабизе бугин», – ян. Цинги гьес жиндир хъулухъчи СалихIида амру гьабуна, тушманасухъе щвечIого букIине бокьоб бугеб жиндир чу чIваян. Гьев ана гьеб чIвазе, ва гьев вихьараб мехалъ, гьеб хIихIидилаго, гьесухъе бачIана, гьев гьелда гурхIана, гьесухъа гьеб чIванги бажаричIо.

Цинги Шамил рагъул хIадурлъигун (بعدد القتال) рокъоса къватIиве вахъана, тIахьалги хутIараб къайи-матахIги гьенибго тун. Жиндирго «Инсануль ГIуюн»[2] абулеб машгьурав

---

[1] ЧIикIаса МухIамадил Юнус, имамасул божи бугев машгьурав мурид. Хвараб тарих лъаларо.

[2] Гьеб ккола Жинда ссалат салам лъеяв Аварагасул сираталъул кIудияб тIехь. Лъабго жилдалда цебего басмаялда бахъун буго. ГIарабалда: Iإنسان العيون في سيرة الأمين والمأمون لنور الدين علي بن إبراهيم بن أحمد الحلبي Сиратул ХIалабийиланги абула гьелда. Муаллип: ГIали ибну Ибрагьим аль-ХIалабий. Гьавуна 975 соналъ, хвана 1044 соналъ. Жакъа

гIалимчи ГьаракIуниса СагIидица насху гьабураб тIехьалда кверги кьабуна – ТIадегIанав Аллагьас гьеб гьесухъе тIадбуссине гьабуна, АлхIамдулиЛлагь, авалалдаги, ахиралдаги, къасиги, къадги, радалги, маркIачIудаги[1]. Унеб мехалъ, гьес абуна: «Щив тушманасул кодобедай мун ккелеб»? – ян. Гьев анцIгоцин чиги цадахъ гьечIого цо бакIалде ана.

## Шамилил чIужу Жавгьаратил хабар

Цо сордоялъ Шамилида макьилъ йихьана жиндирго чIужу Жавгьарат ракьалде гIодой йортулей гIадин, ва кIиго сон бугев вас СагIидги гьелда тIад хъурщулев. Шамилица макьу къотIана гьей хвезе йигин абун. Гьелъул ботIрода ругъун букIана, Шамил АхIулгохIдаса ун хадуб, гьей лъабгогIанасеб къоялъ хутIана ва хвана. Васги гьелда тIад хъурщелев вукIана, цин дадаян Шамилиде ахIдон, цин баба-ян Жавгьаратиде ахIдон. [18б]

instituteofhistory.ru

Аби буго, Шамил доб соналъул ахиралда чIужу хвараб бакIалде щванила. Цо чияс цо бакI бахьизабунила гьесда, Жавгьарат гьений йортун йикIанилан. Ва гьейги, гIор бачIиндал, бачун бачIараб биччараб гамач-хералъ яхчизаюн ятанила. Гьелъул ретIелалъулги черхалъулги хисараб жоги букIинчIила, хIатта кIиябго кIветIцин гIатIго букIанила, цабзаздаса нахъецIаял, чIагояв чиясул гIадин, гьезда тIад къан унаанила. Гьейги дояго юкъанила. АхIулгохIда цо нохъода жанив цо чи вугин, жиндир чорхолги ратIлилги щибниги жо хисичIого (гьаб) 1272 тарихалде щвезегIан, гьенир рачIаралщиназда гьевги вихьулилан.[2]

---

гьеб Имамасул букIараб нусха Америкаялъул Принстоналъул китабханаялда цIунун буго.

[1] ТIехьалда عشيا абун буго, гьелъул магIна ккола маркIачIудаса къаси бецIлъизегIан заман.

[2] Гьаб тарихги (1272) хабарги буго ЦIулдаса МухIамад-ТIагьирил тIехьалдаса босараб. Халилида гьелдаса хадуб гьев чиясул цIарги къисматги лъан гьечIеб хIисаб бугоха.

Шамилица васият гьабун букIуна жиндирго агьлухъизаналда, гьел къватIире ритIулеб мехалъ, живго АхIулгохIдаги чIун, бажарараб куцалъ рагъеян, ругънал гIемерлъани, КIудияб гIурулъе кIанцIеян, ва асирлъи къабул гьабугеян.

Шамилил хъизан кIудияб гIурул къваридаб бакIалда букIана. Гьев гьезухъе щвараб мехалъ, гьез чIалу бахъун чIезабуна мегIералъул борхалъиялда, гьениса гIатIилъиялде къватIире рахъизе. Гьезда цебе гIурусазул аскар букIана. Шамилица тIалаб гьабуна жиндир вас ГъазимухIамадгун гьеб чIалуялдасан щив вахине вугеван гIемераб ужрадухъ, амма цонигияс гьесие жаваб гьабичIо. Цинги Шамилица гьев жиндирго мугъалда рекIинавун, вухьана, ва гьесул хьиталги кIалдире ккун, тIоцеве живго харана, ва, гьесда цадахъ цо-цо гьалмагъзабиги харана. Цинги Шамил, чIалуялъул бетIералда гIодовги вукIун, хутIарал гьалмагъзаби, Балахьуниса Муса гIадинав, ва гьев гурел цогиялги, хадур гъезегIан, тIокIав вилълъинчIого чIана. Жинда хадуб бугеб жиндир агьлуялъухъеги гьес витIана микьго чи. ГIурусазда Шамил жиндир хъизангун лъутун вукIин лъайдал, гьез тункIал кьвагьизе байбихьана. Шамилицаги гьеб заманалъ щуго туманкI кьвагьана. Гьел гIурусазул боялда гьоркьосан хьвадулеб мехалъ, Шамилида цеве вукIана Дилималдаса СултIанбег. Гьев гьенив шагьидлъана. ГIурусазул боги щущахъ биххана. Шамилица гьезда хадуве ине къасд гьабидал, гьев ккуна гьесул лъикIав, ритIухъав гьалмагъ Хунзахъа Ахбердил МухIамадица. Цогиги гьалмагъги ахIун, гьев Шамилие Аллагьасдалъун гьедана, мун гьаб сардилъ хвезе гьечIин абун. Гьелдаса хадуб гьесда гьикъараб мехалъ, щай гьев гьедин гьедаравин, гьес абуна: макьилъ бихьун букIана кIудияб иххалъ АхIулгохI гъанкъизабулеб, жанир ругел гIадамалгун цадахъ, ва гьениса живги, Шамилги, дагьа-макъал гьалмагъзабиги роржун анин ЧIиркъатIехун, щибгIаги зарал хъатичIого. Гьединлъидал дица гьеб макьу къотIун букIанин, ниж хвасарлъизе ругин, хутIарал гьалаглъизе ругин абун. Лъугьана.

## Шамилил вас ГъазимухIамад АхIулгохIдаса лъутулеб мехалъ, ккараб жоялъул хабар

Гьеб заманалъ гьесул букIана анкьго сон. ГIурусазул аскаралда гьоркьоса гьел унеб мехалъ, гьев цоясул мугъалда рекIун вукIана. Цо салдатас ГъазимухIамадил бохда хеч къазабун, гьев лъукъана, ва гьес жив ваччарасда абула, жив гIурулъе рехе, жив гIурулъе рехе йилан, жиндирго инсул васияталда гIамалги гьабун, гьебги ракIалде щун.

## Шамилил яцалъул хабар

Гьей йикIана жиндир черх бакIай гIадан. ГIурусаз гьенир ругел руччаби зуригат асир гьабизе рекIидал, кIазги гьумералда бухьун, кIудияб гIурухъе кIанцIана гьей.

Бицуна Шамилгун доб чIалуялдасан харун рачIаразул рикIкIен букIанин лъебергогIанасев чи, гьезул анлъгояв шагьидлъанин гьенивго. Цинги Шамилги гьесда цадахъ рорчIаралги щвана гендерил хъаравулзабазда данд битIун бугеб бакIалде. Гьел рукIана Шамил вачIинегIан гIурул добцояб рахъалда халккун чIун, гьев нахъчIвазе ва гьесде рагъ базе. Гьез гьесда тункIал кьвагьана, ва Шамилида лъана гьенир ругел киналго щивав чи ватIа вахъизе. Гьес хвалченги бахъана, бетIералдаса тIадги борхун, хьвагIезабуна гьезда бихьулеб куцалъ, ва гьезда ахIана: «Ле пулан! Ва пулан! Гьаб дир квегIаб хвалчен нужеда хадуб гIунтIизе буго, Аллагьас хъван батани», – ян. Гьелъ гьезул рекIелъе кIудияб хIинкъи рехана.

Шамил гьалмагълъигун цадахъ АхIулгохIдаса аравлъи лъайдал, гьесда хадув вахъана АхIмадханги ХIажимурадги, мунапикъзабазул аскарги бачун. Гьезда аскIоре щведал, Аллагьас гьезул бералги рухьун, гьел, пайдаго ккечIого, тIад руссана.

Цинги Шамил жиндир дагьабго гьалмагълъигун ва хъизангун, ракъуцаги къечалъги холаго, тIаде рахъана. ГIемераб мухьги кьун, Шамилица кIиго чи ккуна, жидедаса цереги ун, лъимги босун, тIадруссун рачIине. Гьел ана ва рачIана. Цояс лъим цебе бугеб къокъаялъухъе кьуна, гьезда цадахъ вукIана

ГъазимухIамадги, цогидас хадусеб къокъаялъухъе, Шамил жанив вугеб. Гьал лъимги гьекъон долцоязда хадур гIунтIана, дол хIухьбахъизе гIодор чIун ругеб мехалъ. Шамилида ГъазимухIамад ватана гьездаса ватIатIун цо борхалъуда. Шамил, гьесухъеги ун гьесда абуна: «Мун кин вугев? Лъим гьекъанищ?» – ян. Гьес жаваб гьабуна гьекъечIин. Шамилица абуна кватIичIого нилъ лъим бугеб бакIалде щвелин, дуе гьекъезе лъимги, кваназе квенги кьелин. Цинги гьесда абуна вилълъаян ва ГъазимухIамад вилъине лъугьана, цояб хIетIе цогиялда жемулаго, гIодове вортулаго. Шамилица гьев мугъзада рекIинавуна. Васасул бетIер Шамилил ботIрода тункулеб букIана. Гьес инсуда абуна: «Дир горбол къуват хутIун гьечIо бетIер баччизе», – ян. Гьев цIакъ загIиплъун вукIана, гьесда бугеб ругъунги рихьарал къварилъабиги сабаблъун. ГъазимухIамад Шамилие зигардана, жив вакъун холев вугин. Гьев вукIана цоги чиясул мугъзада рекIун. Шамилица мочIрол тIогьибе ишара гьабуна бецIлъудаго, ва абуна дуда бихьулищан? Нилъ дора щвараб мехалъ, дуе гIорцIизегIан чед кьезе бугин добайилан.

Гьез рогьалил как бана магIарде рахъинелдего. Цинги бакъ баккулаго, магIарде тIаде щвана. Гьенире щведал, гьезда рекIарав вихьана жидер рахъалдехун вачIунев, амма гьел рихьаралго, гьев нахъевуссун лъутизе лъугьана. Шамилица ахIана: «Кьвагье досде! Кьвагье досде», – ян! Гьев тIадвуссун вачIана, ва абуна: «Гьал нужищ рукIарал?» – ян. Гьесда гьал лъараб мехалъ, гьев вохана ва абуна, жинда нуж тушбабийилан ккун рукIанин. Гьев вукIун вуго чадилги хIанилги цIурал хуржалги росун, АхIулгохIдаса хвасарлъарал чагIазда дандчIвай гьабизе къватIив вахъарав чи. ГъазимухIамадги кваназавуна, жалгоги кванана.

Шамилица дов сахаватав чи ЧIикIаса ГIисахIажиясда амру гьабуна Ахбердил МухIамад чода рекIинавизе аян. Гьев загIиплъун вукIана. Гьев гьесухъеги ун, тIад рекIеян Ахбериласда абидал, гьес жаваб кьуна, цоги лъукъарав рекIинавеян. Цинги гьев, рикIкIад бугеб гIиязул кулиялдаги ун, гьениса харабги босун вачIана. Аллагьас гьесие кири кIодо гьабеги ва квешлъиялдаса цIунаги.

Бицен буго, АхIулгохIда гIурусазул лъебералда лъаб азарго чи чIванин. Абула, цо къоялъ гьезул щуазаргояв чIванин, ва инарал Пулло тIадвуссанин гьениса кIиго гьалмагъыгун цадахъ.

Бусурбабазул шагьидлъана лъабнусго бихьинчи. ТIоцеве шагьидлъана ЧIиркъатIаса МуртазагIали. Гьенир шагьидлъаразул бищун лъикIаздаса рукIана: гьунар тIокIав гIалимчи, мугьажир Хунзахъа ГIалибек, Шамилил даци камилав гIалимчи Бартихан, ва гъваридав гIалимчи, мугьажир Колоса Сурхай, ЧIиркъатIаса Хизри, кьвапарав бахIарчи Рихьуниса Балал МухIамад. Абула гьес цо къоялъ нусгогIанасев тушман чIванин, ва гьев гьезухъе кодов щванин ругъначаги цIун. Гьел гьесда рагъдезе, рогьо базе лъугьанин, амма гьев гьезие тамахлъичIин цо рагIиялъцин. Гьединго гьел шагьидзабаздасан ккола бахIарчияв Рихьуниса МухIамад-СултIан, кьварарал бахIарзал Аргъваниса кIиго вац Гьиракил вас ХIусейнги Ханил вас МухIамадги, гIолохъанав гIалимчи ГъазимухIамад шагьидасул яцалъул вас МухIамад, бахIарчи Балахьуниса ГIусман, Генуса Ибрагьимил ХIусейн, Гьарадерихъа Усав, Харахьиса ГIалихан, ГIалигул ХIусейн, СагIаду – кIиявго ГIоротIаса, ГIуркIачIиса Муртазаласул МухIамад, ритIухъав Гьидалъа МуртазгIали МачIадияв, МухIамад-амин ХIотодияв, тIаса вищарав ритIухъав Сугъралъа Къокъав ГIумар, кьварарав бахIарчи ТIиндиса Усалъ МухIамадил вас Усий (ал-Кукий ас-Суплий), гьевги ХIажи Усийил вац вуго.

## Машгьурав бодул цевехъан ТIиндиса ХIажил ГIаличул МухIаммадил[1] хабар

Гьевги ккола КъурамухIамад хIажиясул кIудада[2], жив сибиралде витIун, гьенив хварав, ГIабдурахIман Сугъуриясул вас МухIамадхIажияв имамасул заманалъ наиблъун вукIин сабаблъун.

---

[1] МухIамадил эмен ГIаличу, гьесулги эмен – ХIажи.

[2] ГIаличул МухIамадил яс ПатIиматил вас ккола гьев КъурамухIамад. Гьесул инсул цIар ккола ГIумархIажи.

ГIурусаз гъев ккуна АхIулгIохIдаса. Абула, гъев лъукъун вукIанин, ва гъес жив ТIиндиса бодул цевехъан вукIин балъго гъабунин, гъез гъесие захIмалъи гъабичIого букIине гIоло. Щайгурелъул, бицен буго, гъесул квер нусго гуржиязул капурчиясде щванин, цоял чIван, цогиял туснахъ гъарун. Абула, гъев Шураб хъалаялда гъазават гъабулаго, чIванин[1].

Капурзабаца АхIулгохIдаса асир гъавуна анлънусго чи. Абула анкьнусгойиланги, руччабиги лъималги ва кIиялго хириялги. Аллагьас нилъ цIунаги гъединал къояздаса, халкъул гIаламалъул сайидлъун жив вугев ва аварагзабазул имамлъунги вугев, жинда ссалат салам лъеяв МухIамад аварагасул хIурматалдалъун. Амин.

Хадур гъел рилълъана цо гIиязул кули бугеб бакIалде щвезегIан. Гъенив ватана гъезда лъалев гIолохъанчи. Гъесул эмен АхIулгохIда шагьидлъана имамасда аскIов. Гъес гъезие гьоболлъи гъабуна, гIиялги хъун, хъулухъ гъабуна, гъеб инсул васият букIаниланги абун. Гъениб гъесда моцI бихьана 1255 соналъул ражаб (09.09.1839 с. байбихьана).

Цинги ГIуркIачIире[2] щвана, гъезул такъсирчагIаздаса балъго. Хадур Алмахъ росулъе щвана, гъезда гIагарда ругел кIудиял росабаздасаги балъго. Лъим бугеб бакIалда какиечури гъабизе рещтIиндал, гъезде тIаде гIедегIун щвана гъеб росдал дибирги гIадамалги, ва гъарана тIадруссун росулъе рачIаян, гъенире рещтIине ва гьоболлъи гъабизе. Шамилица гъезда бичIизабуна щиб гIиллаялъе гIоло жал росулъ рещтIинчIелали. Алмахъал гъедана жидеца гьоболлъи гъабичIого тезе гъечIин, гъеб сабаблъул гъел чIаго цIадаре реханиги. Гъеб мехалъ Шамилица абуна: «Гъедин батани, ниж гъанир рещтIина», – ян. БетIергъабазул цояв тIагIам босун вачIана, цогияв батIияб жо босун щвана, гъезие лъикIаб гьоболлъи лъугьизегIан.

[1] Гьигъалъа ИманмухIамадил тIехьалда хъван буго гъев АхIулгохIда чIванин абун. ТIинди бугеб гIагарлъуда гьоркьоб тIибитIараб пикру буго гъев Гъунив 1859 соналда шагьидлъанин абун. Гъединлъидал, гIаммаб къагIидаялда 3 батIияб пикру бихьулеб буго гъесул хвелалда сверухъ.

[2] Гъедин буго тIехьалда. Гъеб мекъи буго, битIараб: ГIаркьухъ абун буго.



instituteofhistory.ru

Цинги гьел ана. Шамилги гьесул гьалмагъ Юнусги Зандакъиса цо херав чиясде тIаде щвана, бецараб харида кьижун вугев. Гьел кIиялго гьесул хьолбохъ гIодор чIана, ва херав макьидаса ворчIана. Шамилица гьалмагъасда абуна, духъ гьасие кьезе кунеб жо бугищин. Гьес белъараб гIиялъжоялъул мегьед къватIиб бахъана. Херас гьел кIияздаго цех-рех гьабуна Шамилил хIакъалъулъ. Шамилица гьесде ишара гьабуна, гьевги чIванин, къезеги къанин, ва гьезухъа кинабго жоги нахъе бахъанин абун. Гьеб рагIарабго херав гIодана, ахIдана, гIакълуялдаса арав чи гIадин гIодове вортана. Цинги гьел тIадеги рахъун ана. Гьев херасде тIад щвана хадусан рачIунел рукIарал Шамилил гьалмагъзаби, ва гьес гьездаги гьикъана Шамилил хабар. Гьез гьесда битIараб бицана, Шамил дол цере дуда хьибилалдаса арал кIигоязул цояв вугин. Гьеб рагIарабго, херав Шамилидаги гьалмагъасдаги хадув векерун ана. Гьесда гьел хIухь бахъизе рещтIун рихьана. Гьев кIиясдагоги херасда релълъарав чи векерулев вихьана, ботIрода тIад жоги гьечIого. АскIове щведал, дов херав ватана. Шамилил накабахъеги вортун гьев гIодана.

Цинги маркIачIудаса боголил гIужалда гьоркьоб гьел щвана Таттахъ абулеб росулъ. Гьениб гьезие лъабго къоялъ гьоболлъи ва хъулухъги гьабуна. Цо чияс жиндир оц хъуна, Шамил тушбабаздаса хвасарлъани, хъвезейилин назру гьабун букIараб.

Цинги Шамилги гьесул гьалмагъзабиги Баяниб росулъе щвана. Гьенибги гьабуна гьезие гьоболлъи ва хъулухъги. Гьеб росулъ ражаб моцIалъул къоабилелъ (28.09.1839 с.) гьавуна имам Шамилил вас МухIамадшапигI. Гьенибего гьесдасан гIакъикъатги гьабуна, анкьабилеб къоялда цебе.

Гьев гьабсагIат, 1302 соналъ (20.10.1884 с. байбихьана), гIурус падишагьасухъ вуго, цоги гIадамасул гьечIеб хIалалда. Гьесухъе гьев ккана гIурусазе хъулухъалъе гьев лъугьиналъ. Амма гьунар тIокIав Шамилил вас ГъазимухIамадица гьезие хъулухъ гьабиялдаса инкар гьабуна. Гьелъул баракаталдалъун гьев хункарасда аскIове ккана, кIудияб даражаялдеги вахана. Я Аллагь, гьел кIиязулго ахир лъикIалда ккезабеха дуца. Амин, я дугIа къабул гьабулев Аллагь.

Цинги Шамил жиндирго чагIигун цадахъ гьениса къокъана Видануб росулъе ва гьенив рещтIана. ШагIбаналъул моцI гьезда гьениб бихьана. Хъизанги гьениб тун, гьалмагъзабиги рачун, Шамил жидеего рещтIине мустахIикъаб бакI балагьизе къватIиве вахъана. Гьеб ишалъе бищун рекъараб бакI гьезда батана Шубуталъул рахъалда бугеб Гъаращкити[1] росу. Гьенив рещтIана сахаватав гьоболасухъ. Гьев гьезда дандчIвай гьабизе къватIив вахъун вукIана, гьел Видануса къватIире рахъараб мехалъ. Цинги гьев ШагIбан абулев гьобол, Шамилил хъизанги бачун вачIана шагIбаналъул анцIго сордо ун хадуб (19.10.1839 с.).

Шамилил гьалмагълъиялъул цоял тIад руссана, ва микьгояв гьенив чIана. Гьесул хирияв гьалмагъ Юнус, хъулухъчи СалихI, лъукъарав Худанатил МухIамад, Билади, Гьимат ГьоцIалъасел, лъукъарав НургIалиги Муртазаги Гъарадерихъа, Балахьуниса Муса.

Цинги гьесда дандчIвана машгьурав бахIарчи ЦIамутIариса ШугIайб, Даргъоса Жаватхан, жинца Шамилида гьев ккараб жоялда ракI къварилъун вихьидал, абурав: «Дур хьул къотIуге цересел гъалмагъзаби тIагIанин абун, хIакълъунго, дуе гIемерал гьалмагъзаби ратизе руго, дунги дуе лагълъун вукIила, дуца абураб бокьараб жоги гьабила, дуе бокьараб куцалъ мутIигIлъизеги мутIигIлъила», – ян. Аллагьас гьесие лъикIаб кири гьабеги. Шамилица гьев кIиявго наибзабилъун тана.

## Шамил гьеб Шубутиб Гъаращкити росулъ вукIадго ккарал жалазул хабар.

Гьев вукIана гIодобе рехараб чIорто гIадин, гIадамаз ургъелги гьабичIого. Цо къоялъ гьесухъе зигардулаго ячIана ЧIикIаса ГIазизай абулей гIадан, жий гьани гъараваш гIадин йичанин абун. Шамилица гьелда бичIчIизабуна жиндир гьей хвасар гьайизе рес гьечIеблъи.

[1] Чачаназ гьелда абула Гъушкорт-илан. Гьеб ккола Шубутиб мухъалъул росу. Гьебго росулъ буго наиб Ахбердил МухIамадил хобги.

Гьеб заманаялъ жиндирго хIужраялъув Къуръан цIалулев гьев вукIаго, тIаде вачIана гьесул вас ГъазимухIамад, дой ячIун йикIарай гIадан гIодилаго, ахIделаго цо бихьиназ ячун уней йигин. Шамил кIанцIун нуцIихъе ана, ва гьей йихьана ахIдолей, бусурманав чиго гьечIищ дун хвасар гьайизе абун. Гьев азбаралдеги лъугьун, хвалченги къватIибе бахъун, гьалмагълъиялде ахIана къватIире рахъаян. Цинги дол бихьиназда хадув ана гьезде хьамулаго, хIинкъи кьолаго, жинца гьел гьединаб жо гьабизе толарилан. Гьесда дандчIвана МухIамадгерей, гьезда гьоркьов гьевги лъалев, магIарул мацIги бицунев гIолохъанчи. Шамилидаги хурхун, гьес гьев дозда хадув гIунтIизе виччачIо. Шамилидасан гьесул кверги лъукъана. Гьеб хIалалда Шамил вихьидал, гъотIода нахъеги кIанцIун, гьез чIужугIадан йиччан тана, ва гьейги лъутун, росулъе ячIана. Гьенир бихьинал данделъана ва гьезда гьоркьоб гIемераб дагIба-рагIи ккана. Шамилил гьобол лъугьана гьесда захIматго цо жо бичIчIизабизеян. Шамилица таржамачиясда гьикъана гьес бицунеб жо щибан. Гьес абуна гьев вугин, гьей гIаданалда тIад анцIила щуго туман гIарцул налъул бугин, ва гьеб сабаблъун гьесие бокьун бугин гьей йичун тезе. Шамил гьесде хьандана ва, гьесда тIад анцIазарго туман кканиги, жинца бусурманай гIадан йичизе толарин абуна.

Гьеб къоялдаса байбихьун, шаригIат тIобитIана ШубутI вилаяталда, Чачаналъ ва МагIарухъ, Аллагьасе рецц цебе аралдаги хадуб бачIунелдаги.

Цинги вачIана Ахбердил МухIамад анцIила щуго гьалмагъгун цадахъ. Гьезда гьоркьор рукIана машрикъ магърибалда жиндир бахIарчилъиялъул цIар арав Гьаквариса МикагIилги Гьигьалъа бахIарчи Къадиласул МухIамадги. Цинги гьел ана гъоркьияб Чачаналъе, ва гьел гьесие разилъун мутIигIлъана. Жеги гьезул кIудиялцин рачIана Шамилихъе, гIурусаз кьурал чиналги росун, гьесда цере гьел гъуризе, гьесие бугеб жидер мутIигIлъи загьир гьабун.

Шамилица амру гьабуна кIудиял росаби Шалиги, Герменчукги ва гьезда релълъаралги рехун теян. Чачанал гьесие разиго мутIигIлъана ва гьениса гьес абураб бакIалде къваридал рохьабахъе рещтIана.

Гьел Ахъдач-ГІавухъалде щвараб мехалъ, гьесухъе вачІана гьесул цІалдохъан, ГІарип ГІамирханги гьудул Сапийги, кІиявго ЧІикІасел, ва цогиялги, ЧІикІаб росдал агьлуялъул рахъалъан мутІигІлъи загьир гьабун. Гьез гІодоблъиялда ругел тушбабазухъа жидер боцІи хвасар гьабизе заман кьей тІалаб гьабулеб букІана. Шамил гьелда разилъана ва гьезие изнуги кьуна гьеб ишалъе. Лъугьана.

Цинги Чачан вилаят ункъо тайпаялде бикьана.

## Чачан ракьалда наибзаби теялъул хабар

Цо тайпа Ахбердил МухІамадихъе кьуна, гьебги ккола Гехи.

Цоги тайпа ШугІайбихъе, гьебги Мешки.

Цогияб Жаватханихъе, гьебги Шалиги Герменчукги.

Цогияб мугьажир Индиралдаса ТашавхІажихъе. Аллагь гурхІаги ва разилъаги гьел киназдасаго жаза гьабулеб къоялъ. Гьеб заманалъ къого кило цІоросаролъул букІана гъурущихъ Чачан ракьалда, анцІго кило пурчІинадул ва анкьго кило ролъул ТІинди ракьалда. Нужецаго хІисаб гьабеха, вацал, гьебги ккола ГІавухъ.

Цинги Шамил цадахъ ругелгун тІадвуссана Видануб росулъе.

Гьелда хадув гьев рещтІана ХарачІи росулъ лъабго гІанасеб сордоялъ. Гьезул анцІго чи чІвана, гьел наибасе мутІигІлъуларел цІогьаби рукІиналъе гІоло.

Цинги Шамилихъе рачІана тІиндалги багулалги.

Дида бицана дир гІагарав чи Ангъидаса ГІисал вас МухІамадица бицанин жив Шамилгун АхІулгохІда вукІанин. Гьес мухьги кьун, бо тІалаб гьабизе витІанин. Цинги къватІив хутІанин диналъул тушбабазе нух къотІизе. Гьеб сабаблъун Шамилидаса гьесие баракат баханин, гьев ЧІохъ вугеб мехалъ, гІурусал ЧІохъ хъалаялде рачІараб мехалъ. Цинги гьев хІежалда ана ракълил нухдасан ва Парс ракьалда[1] хутІана къокъаб зама-

[1] Парс ракь – Иран.

налъ. Цинги имамасул вас ГъазимухIамадихъе[1] ана зияраталъе имам Шамил хирияб Мадинаялда хун хадув, ва гъесда бицана АхIулгохIда ругеб мехалъ ккарал жалазул хабар. ГъазимухIамадил къасд букIана гъесие кIудияб сайгъат гъабизе, амма гъев гъенивго хвана ва вукъана. Гъеб хабар нижехъе щвезабуна цIунтIадерил хIажизабаз. Аллагь гурхIаги гъел киназдаго.

instituteofhistory.ru

## Бещав чи чIваялъул хабар

Гъаб цебе рехсараб лъугьа бахъиналдаса хадуб Шамил гъалмагълъигун цадахъ Гьириязул[2] дове сапар бухьун вахъана. ЧIугIу-Мукъали кIкIалахъе[3] щведал, дозие насихIат гъабуна, долгун хIеренго кIалъан, абуна: «Нижеца нужехъа щибниги боцIи-мал босизе гьечIо, ва нужер цониги чи чIваларо. Нужеда лъикI бихьани гьал гIадамаз гъабулеб жо гъабизе, дунгун цадахъ рекъон хIалтIизе гьеб буго нужер иш. Гурони, нужеца нижее, гьал узденал чагIи лагъзаллъун гьарун, халкъалъе зулму гъабулел гIурусал гьаниса рикIкIад гьаризеги рацIцIизеги кумек гъабизе ккела», – ян. Гьел гьелда разилъана.

instituteofhistory.ru

[1] Гьев Истамбулалда вугеб мехалъ, Парукъ-пашал цIаралда, цинги Мадинаялде ана, Истамбулалъул агьлуялъул гьесдаса ракIбуссун хадуб, гьев хункарги нахъе рехун, жиндиего имамлъи тIалаб гъабизе къасдалда вугинги абун. Гьезул гьесдаса ракIбуссана пашабазул ва Истамбулалъун кIудиял чагIазул хIиллаялдалъун. Гьеб заманалъ хункарасда аскIор Дагъистаналъул гIемерал бахIарзал рукIана. Гьезда гьоркьоса вукIана дир шайих Аргъваниса Шамхалил вас МахIа ХIажияв ва КIванадаса Басхан, ва апицарасул (الأبسر) вас ГIарчоса Алдамги. Гьел жидерго ватIаналде тIад руссана, ГъазимухIамад хункарасдаса ватIалъидал, доб хIилаялдалъун (العرض). Хункарасги гIурус падишагьасги ГъазимухIамадие изну кьуна тIадвуссизе НикIалайил вас ГIалискандар хун хадув, ва гьесул (ГIалискандарил) вас ГIалискандар падишагьлъун вахъараб заманаялъ.

[2] Гьириял ккола Гьиристан вилаяталъул халкъ. Гьебги ккола гьанжесеб «Северная Осетия».

[3] Гуржиязулгун гIорхъода бугеб чачаназул кIкIал-мухъ.

Доб росулъ ватана виццатав, къвакIарав, цIакъ квешав Гъубаш-илан абулев чи. Хъачагълъиги гьабун, гIадамазул нух къотIун, дол чIвалев ва жиндихъего туснахъги гьарулев чи. Шамилица амру гьабуна гьесул кIиябго бер бахъизе, ва гьеб кIиябгоги бахъана, цинги довги, вухьизеги вухьун, цо рокъов жаниве рехана. Досул къуваталъул гучлъиялъ, хIиллаги гьабун, цояб хIетIеги цIан гурони, дов бербахъизе гIодов ккезавизе бажаричIо анкьго гIолохъанчиясда. Имамги гьалмагълъиги рещтIун рукIана гьеб рукъалда хьолбохъ бугеб рокъоре. Ва гьаб иш тIубан лъугьарабго, рогьалил мех щвана, гьединлъидал гьез рогьалил какалги рана. Шамилица амру гьабуна, хъаравулзаби кьижичIого, цIодорго чIезе кколилан. Гьединлъидал цояв доб рукъалъул нуцIил кIалтIа хъаравуллъун тана, хутIарал кьижизе ана. Шамил борхатаб бакIалда вукIана, ва гьев тIубан кьижун-ворчIун гьечIого вукIадго, къватIисан цо гьойил хIапдей гIадаб гьаракь рагIана. Гьев жиндир гьалмагълъиялде ахIдана къватIир рахъаян. Гьедин рукIадго, гьезде тIаде вачIана нуцIихъан цо чи, кодоб бахъараб ханжаргун. Шамил гьесда тIаде кIанцIана, ва рокъор жанир рукIарал чагIиги лъутун ана. Рокъор жанир рукIинчIо Шамилил божарал гьалмагъзаби. Гьединлъидал Шамилица ккуна ханжар кодоб бугеб досул квер, ва кIиялго цоцалъ речIчIана. Шамилил кодоб букIинчIо щибниги яргъил жо. Гьев ахIделев вукIана жиндир гьалмагълъиялде жив гьав тIаде кIанцIарав чияс чIвалев вугин, жиндихъ ярагъги гьечIин абун. ТIаде кIанцIаравги гьесда ханжар кьабизе вортанхилев вукIана. Шамилил чорхода гьес анцIила кIиго ругъун лъуна, цIинуялда гъоркь анкьго гIанасеб гIуж лъуна. Гьев беццав ботIрода тIад ваччиялъ каранзул рукьбиги рекана. Цинги беццасде тIаде кIанцIана Шамилил гьобол Шубутиса ШагIбан. Гьесда беццас ханжарги кьабун гьевги хвана, Шамил ахIдана жиндир бахIарчияв гьалмагъасул Зумсиса[1] МагIашил цIарги бахъун. Гьев МагIашги гьесде тIаде кIанцIана. Гьев малгIунас МагIашида ханжар кьабуна, гьевги, доб рахъалдахун баккараб ругъунги лъун, гIодов ккана. Шамилица гьев гIодов кьабуна, гьес Шамилил гъеж хIанчIана,

[1] Зумсиб – чачаназул Шубутиб мухъалъул цо кIкIал.

Шамилица гьесул бетIерги хIанчIана, хIатта жиндирго цаби досул ботIролъе жанире инегIан. Цинги гьес жиндир хIетIе беццасул ханжар кодоб бугеб квералда тIад лъуна. Гьениве вачIана Шагьадаса Зирар, Шамилица гьесда абуна гьасул кодоса ханжар нахъе бахъеян, Зирарица абуна жинда гьеб кIолеб гьечIин. Гьеб мехалъ Шамилица абуна гьесул килщалги къотIун, нахъе бахъе. Гьедин гьебги бахъана. Гьев малгIунги лъикI лъукълъукъун, чIван доб рукъалъул бокIнилъ рехана. Цояс абуна, дов беццас Шамилида гьикъанила, дуе дун кинан ватаравин? Шамилица гьесда абунила, дуеги дун кинан ватаравин, щибниги яргъил жоги гьечIогоян.

Цинги гьеб бакIалъул гьезда Шамилил гьалмагълъиялда тIаде гьетIизе лъугьана, гьес пасикъас Шамил чIваниланги ккун. Цинги Шамил вахъана гьезда вихьулев бакIалде. Гьединлъидал гьелги жидерго мурадалдасан нахъруссана. Шамилги Шубутив тIад вуссана.

## Ишкатали[1] ва гьелда сверухълъиялда гъазават

Дол ругънал сабаблъун Шамил къогогIанасеб къоялъ бусада вегун вукIана. Цинги муридзабаз, гьезда гьоркьоса гIемерисел ЧIикIаса рукIана, гьезул ракI гьесизе гьабуна шаригIат билълъанхъизабизеги, тушмашлъиялъул агьлугун гъазават гьабизеги. Гьез абуна имамасде: «Дуе рекIине данде кколеб гьечIони, нижеца мун, молодаги лъун ваччила», – ян. Гьединлъидал жеги ругънал сахлъичIев Шамил тIаде вахъана, жиндирго агьлуги хъизанги Дашмирза абулеб росулъ лъикIав гьоболасухъ рещтIинаруна. Хадур гьел машгьурав бахIарчи ШугIайбица Андивуртире, гьенисан басрияб Даргьиялде рачана.

Шамил жиндир муридзабигун цадахъ ЦIобокь росулъе щведал, гьеб росдал агьлу гьесие мутIигIлъана. Цинги гьев ЧIикIаб магIарада рещтIана, гьениса Ишкаталире рилълъана. Гьезда гьенир Шамхалги, АхIмадханги, гIурусалги мунапикъзабиги ратана.

[1] Ишкатали – Шураб (Буйнакск) мухъалда бугеб росу (гIурус. – «Ишкарты»).

## Эрпелиса мунапикъ – Аллагьас жиндие тавпикъ кьогеяв, Амин – Улубил хабар

Цинги дол Эрпелире рилълъана, ва гьенир Улубил рукъзалги рухIана. Гьесие рекъараб букIана гьеб, щайгурелъул гьес кIиго нухъалъ Шамилие загьру кьезе гIадамал ритIун рукIана. Цо нухалъ Шамил Генув вугев мехалъ. ХIамзатил заманалъ Улубица ХарачIиса цо ахIмакъ витIана гьел кIиязего загьру кьезе. Гендерил хъаравулзабаз гьев ккуна, Бартиханица гьесул ратIлилъ чухь базе тIамуна, ва загьру батана. Гьев чIана гьеб дару бугилан. Гьезда гъорлъ вукIарав бусурманлъарав цо жугьутIас абуна гьесда гьеб кваназабеян. Гьеб мехалъ гьев мукIурлъун, Шамилида бицана гьедин.

Цоги нухалъ Улубица Шамилил вацгIал – Бартиханил вас Ибрагьимги гьесул кIиго гьалмагъги ритIана. Гьеб мехалъ Улуби вукIана Генуб росдада тIад гIурусазул рахъалъан ханлъиги гьабун. Гьеб заманги, Шамил АхIулгохIдасаги ун, Чачаназул Видануб росулъ рещтIараб заман. Улубица дозие гIарцул къали кьезе къотIи гьабун букIана, гьездаги лъазабун букIана, гIурусаз ГIандир, Болъихъ, Гьидалъ хъулби ралел ругилан ва Дагъистаналдаса салдатал къватIир хункарасде данде рахъизарулев ругилан, нужги гьеб ишалдаса парахатго ругин абун.

Дол чапарзаби Ведано росолъ щведал, Шамилгун данде чIвачIо, щайгурелъул дов Шубутиб ун вукIана, долги тIадруссана.

Гьединаб жо гIемер букIана гьесда релълъарав чиясул. Кин бугониги Аллагьас гьев макруялдаса цIунана.

Цинги Шамил Игьали росулъе щведал, гьесухъе вачIана АхIмадханил гьалмагъ Мущулиса Тидурил МухIамад. Гьес абуна жив АхIмадханил цIакъаб чуги туманкIги бикъун, лъутун вачIарав вугилан. Шамил гьесда божичIо, ва абуна: «Дун дуда божуларо, дуца гьабулеб пиша бихьун гурого», – ян. Досул щибниги пишаги бихьичIо, ХIажимурад гьижра гьабун вачIун хадуб гьевги чIвана, хIиллаялъе вачIарав чи вукIиналъ.

Цинги Гелбахъалдеги Янгъиюрталдеги ана. Хадур гIурусал рачIана гьаб кIиябго росулъе. Гьелдаса хадуб Шамилица

гьеб кӀиябго росу бухӀана, ва живгоги ГӀашилтӀе ана, гьениса АхӀулгохӀде. Гьеб мехалъ гьений жиндирго чӀужу Жавгьаратги юкъана, цебе араб гӀадин. Кидаго гьабулеб гӀадин, ансадерица ШагӀбан-дибирил пикруялда хадурги лъугьун, рекъолареб жо гьабуна, СубхӀанаЛлагь, кинабго жоялъул тадбир гьабулев бетӀергьан, гьев ШагӀбан-дибир Шамилил хвалчадаса чӀван ккечӀо. ГӀурусал Генуре рачӀиялъул бицен Шамилги вукӀадго, гьев мажгиталъув вугев мехалъ, довгун цадахъ рукӀарал гӀолохъаби ана тушманасда дандечӀвазе шавкъалда, гьенив шагьидлъана нижер вац мугьажир Унсоколоса ТӀагьир, ТӀадегӀанав Аллагь жинда гурхӀаяв. Бицен буго, вихьизе гьесул эбел ячӀиндал, гьей гӀодичӀо, ва щибниги пашманлъи загьир гьабичӀо. Гьелъул гӀаксалда, гьелъ, рохел загьирги гьабун, абуна гьесда кӀалъалаго. МагӀнаялъул гьал рагӀаби: «Я дир вас, дун разияй йиго дуе Аллагьас дуцаго мун чӀаго вукӀадго гьарулеб букӀараб жо ризкъилъун кьеялда. Баркула дуда гьеб», – ян. Аллагь разилъагиха гьел кӀияздагоясдаса нилъедасаги. Цинги Сагъри-кьоде ана. Гьел гьедин рукӀадго, гьезухъе хабар щвана гӀурусал СагӀидюрталда жанире лъугьанилан.

## СагӀидюрт гъазават, ва ХӀажимурад гьижра гьабун вачӀин.

Шамил аскаргун цадахъ СагӀидюртиве вахъана. Дов Гелдаган росдада аскӀове щведал, гьевгун ХӀажимурад дандчӀвана. Гьел гӀурусалгун дандчӀвайдал, гьелгун рагъана, ва гӀемерав чиги гьезул чӀван, гьел къезе гьаруна. Хадур жиндеего бокьухъе Аллагьасул цӀобалдалъун росабалъ свердана, кӀикъоялда анцӀила анлъабилеб соналъул (4.03.1840 с. байбихьана) хасел бащалъизегӀан. Цинги басрияб Даргъиялде жиндирго хъизаналде тӀадвуссана ва гьенив рещтӀана. Шамил Шоботи рукӀарал жиндир хъизаналдаса рикӀкӀалъун вукӀана азаралда кӀинусиялда кӀикъоялда анцӀила щуабилеб соналъул (16.03.1839 с. байбихьана) ахиралде щвезегӀан.

## Моздокалдаса насраниясул яс ШугIайнатил хабар

Ахбердил МухIамад жиндирго къокъагун цадахъ дол рахъаздехун ун вукIана. Дой ШугIайнатги, хирияб дорошка[1]-ялдаги рекIун, Шамилидаса хIинкъиялъ Ставрополалъул рахъалдехун лъутизехъин йикIана. Бицен буго, дой йикIанила АхIулгохI бахъараб мехалъ, гьенив вукIарав Гирапие бахIарайлъун йитIулей. Цинги гьей бусурманлъана, гьелъул лъикIай бусурманчIужуги лъугьана.

Гьединлъидал Шамилица гьейги ячана.

## Бицен

Бицен буго, гьелъул агьлу-гIагарлъи бачIун букIанила гьелъухъе Шамил Гъунив ккун, гIурус падишагьасухъ витIулеб мехалъ, жидеда аскIо йикIине тIалаб гьабун. Гьелъ гьелдаса инкар гьабунила, ва жийги Шамилгун цадахъ анилан. Гьединго бицен буго, гьелъ Шамилие лъимер гьабунилан, ва гьеб лъимерги ГъазумухIамадгун цадахъ Истамбулалда бугилан. Гьединго бицен буго гьелъул вацаз Шамилидехун падишагьасдехун гьабулеб гIадинаб калам гьабунила ва гьединго данде кколеб рекъараб ретIелги кьунила. Жеги бицен буго, Шамилилги падишагьасулги данде кколареб жо кечIо цо жо гурони, гьебги падишагьас Шамилида бихьизабуна лъабго хангун цадахъ ругел аскаразул лъабго ва гьес Шамилида абуна: «Гьелги, гьезул ханзабазулги бищун лъикIал кинал кколел», – ян? Шамилица цо ханасде ва гьесул аскаралде ишара гьабуна. Гьев ханги досул хасал чагIиги имам Шамилида цереги рачIун, накабазда чIана, Шамилидаса разилъи тIалаб гьабун. Гьезул низамалда рекъон, киназдаго ишара гьабизе кколеб рагIула.

Дихъ Шамилил Дагъистаналдаги, киналго султIаназул сайид хункаргунги гIурус падишагьгунги ккарабщинаб жо хъван бажаричIо, кин бугониги дица диего лъикIаблъун бихьараб жо хъвана, гьелдаги пикру гьабеха.

[1] ГIурусазул чуял ран цIалеб гьокоялъул тайпа.

instituteofhistory.ru

## Лъабабизеги Гелбахъ гъазават

Гелбахъалъул агьлу букIана жиндир сверухъ бакIалги къан, гьенир сверухълъиялда сиялги ран чIун. Имам Шамил гьаб хасалил ахиралда къватIиве вахъана. Гьесул аскар гьезда аскIобе щведал, гьезде гIодоб биччай гьечIого гьужум гьабуна. Гьеб бакIалда гIемерав чи шагьидлъана, ва гьезул гIемерав чиги чIвана, нахъе хутIараз мутIигIлъиги загьир гьабуна.

## ЧIикIаб гъазават, гьелда тIад хъала балеб заманалъ

Гьаб анлъабилеб (1256) соналъул (4.03.1840 с. байбихьана) риидалил авалалда Имамасда рагIана гIурусал гьенире рачIунел ругилан. Гьев гьезул магIарда рещтIана, наибзабиги боялгун ахIана. Цинги гIурусал рачIана ва ЧIикIаб тIад, кIудияб гIурул рагIалда рагъ гьабуна, амма гьезул хIал кIвечIо. Цинги гьезда гьоркьоса цо къокъа бахъана ХIусайнил гьабал ругеб рахъалдехун. Имамасул къасд букIана доб бакIги къан, добасан дозде рагъ базе. Кинниги наибзаби кватIана жидер боялгун рачIине, рачIаралги дозда данде доб бакIалда къеркьей гьабизе гIолелги рачун рачIинчIо. Гьединлъидал гIурусал ЧIикIаре жанире лъугьана, муридзабазул цоцоял гьениса лъутана. Цинги гIурусал гьениб хъала базе лъугьана. Дозул цоцоял ГIавухъалдехун ана, цо заманалъ Имам борхалъудаги чIун, дозде валагьун вукIадго, досда ГIандадерил боял тIадруссун нахъе ун ратана.

Дос гьикъидал, гьал кире арал абун, гьесда абуна, гьел гьезул наиб КIаратIаса ГъалбацIицаги, машгьурав ГIандиса Байссуласги тIадруссине гьарунилан. Имам Шамилил цIакъ квеш цим бахъана, хIатта гьел кIиялго чIвазеянцин хиял ккун букIана. Амма гIурусал ГIавухъалдехун инчIеб мехалда, Имам рокъов тIадвусана, наибзабиги рахъана, хIатта ШугIайбцин вахъана наиблъиялдаса. Гьеб мехалъ Байсулас, дове гьаниве вилълъун, балъго данделъиги гIуцIун, абуна, нилъеца Шамилида гьаризе буго, ГъалбацI кIиабизеги наиблъун теян. Гьес гьев течIони, нилъецаго, досда цIехечIо-

го, наиблъун ГъалбацI тIамизе вуго. Гьаб нияталда гьев Байсулав Имамасухъе вахъана. ГIандиса Рамазаницаги, гьевгун рекъаразги Имамасухъе щвезабуна гьесул къасд гьабги бугилан. Дов Имамасухъе вачIигун, чIван рехана. Цинги Имам вилълъана ГIанди росулъе, дозул къасд букIана дандечIей гьабизе. Гьедин букIадго досие дандчIвай гьабуна Рамазанил васасги досул муридзабазги, гьевги вачун долги ана. Цинги Шамилица гьезда тIад наиблъун ГIандиса Гъазияв тIамуна. Имамас ЧIикIаса ЯхIя витIана ГъалбацI дибирасухъе байтулмалалъул боцIи нахъе босизе. Имам ГIандив вукIадго, ахIи бачIана кумек тIалаб гьабун, гIурусал ГIавухъе жанире лъугьунел ругилан. Гьениса нусго гIанасев гьалмагъгун гьев дове воржун ана. Гьел релъеда щвана ГIавухъе, гьенирги рещтIана. ГIурусазда гьениве Имам вачIин лъайдал, гьел цIакъ хIинкъана, ва релъедаго лъутизехъин рукIана, гьезие рогьинегIан чIаян сабру кьун, гIодо риччазаруна ЧIикIаса Жамалица, цинги гьелги лъутана. АлхIамдулиЛЛАГЬ.

## ГьерекI, белехь, кIиабизеги Генуб, КIкIуял рахъи, цинги кIиабизеги Гъазигъумек бахъи.

Жунгуталдаса жиндир гьалмагълъигун цадахъ цо бер гьечIев Будайил вас ЯхIя чIвай. КIиго гIурусазул кIудияв чиги (чиназул рахъалъ), гьединго Куралазул вилаяталъул вали ТIагьирил вас Гьарунги Сугъралъа Къадил вас Къадиги кквей. Гъазигъумек вилаяталда наиблъун тана ТIагьирил вас ХIажи ЯхIя. Гьесул иш доба рекъон ккечIо, довги Имам Шамилихъе лъутун вачIана, гьесдаса хадуб Гъазигъумекалъул иш цIакъ пасалъана.

ГIурусаз Шамилидаги Даргъиялда ругел гьесул лъималхъизаналдаги тIаде рачIине къасд гьабураб мехалъ, Чачаналъ рохьабазда ШугIайб наиблъун вукIадго, гьединго ГIавухъ рохьабазда, ГIавухъалда наиб Улуби вукIадго ккараб гъазаваталдаса гьез гIурусазул гIемер чи чIвана, гьел гIурусазухъан гIемер давлаги щвана гьезие. Цинги ГIурусазул кIудияв, Гирапица къасд гьабуна Игьали росдада вачIине. Цинги хаду гьевги гьениса тIуризавуна Имамасул боялъ. Хасго батIаго

ТӀиндадерил бояз. Аллагьас жал сах-саламат теял. Амин. ГӀурусазе гӀемераб зарал ккана, ГӀаммаб хӀалалъ Имамасул боялдасанги, хассаб хӀалалъ ТӀиндадерил боялдасанги.

## Цинги хаду топхана (гӀарадаби) гӀуцӀи

Гьелъие гӀиллаги Унсоколоса маххул къебед ЖабрагӀил Имам Шамилил изнуги гьечӀого хӀежалда ун вукӀана, (30). Дов хӀежалдасаги вуссун, Аллагьас жиб цӀунаяб Мисриялда вукӀараб мехалъ досда макьилъ бихьана: мун Дагъистаналда тӀад вусса, Шамилие квер бакъиги гьабе-йин, абулеб. Гьединлъидал Жабраил доваса нахъ вуссун Истамбулалда щвана, ва доб макьуги кӀочон дова рещтӀун чӀана. цинги гьасда макьилъ бихьана жинда гӀайибги (гӀитаб) чӀван абулеб: «дуда абичӀищ мун тӀад вуссаян»? «Щай мун тӀад вуссунарев»? «ТӀад вусса!»

Гьединлъидал дов вилълъана Имамасда аскӀо чӀезеян, цинги хаду Имамасда гьас мушаварат гьабуна гӀарадаби гӀуцӀцӀизеян, гьелдалъун Имамасеги гӀадамазеги пайдабиги щвана. ТӀадегӀанав Аллагь гурхӀаги гьесда.

## Цинги хаду ТӀад-буртиязул гъазават, 1259 соналъул ихдалил авалалда (1843 с.)

Гьез Имамасухъе чапар витӀун вачӀана гьев сан гьавичӀого рикӀкӀичӀого: жиндирго шаригӀат босизе вачӀайилан. Цоги бицен буго гьез абунин: «АнсалтӀаса МухӀаммад жидер къадилъун толев ватичӀони, жидерго шаригӀат жиндиего босизе вачӀа»-йилан. Гьебги букӀана дов (ансалтӀасев) хӀалимав чи вукӀиналъ. Гьединлъидал дов (имам) къватӀи вахъана гӀемерал боялгун цадахъ, гьелги пасат гьаруна. ТӀиндадерил боялъул цебетӀей (икъдам) гуребани Имамасул бо лъутизехъин букӀана, хасго батӀаго дозул бетӀер[1] (раис) релъеда Ангъалгун Унсоколо шагьидлъарав, Ангъидаса Давудил вас Гъазиясул, ва Гьаквариса гъалбацӀ МикагӀил вукӀинчӀебани. Аллагьас гьезул мунагьал чураги.

[1] Гьев ккола гъоркьехун рехсарав АнтӀал Малачил вас ГъазимухӀаммад.

## Цинги хаду, Унсоколо, Балахьуни, МокIсохъ, ЦIатIанихъ, ГIахьалчIи, ГьоцIалъ хъулби рахъиялъул гъазават.

Гьелъие тIоцебесеб сабаб, Илисуялъул ракьалда шагьидлъарав, Шамилидасан лъутизеги лъутун, досда данде вагъизейилан БакьайчIи росуги сверухъ къан чIарав, Аллагьасул гъалбацI ХIажимурад вукIана. Цинги Имамас жиндир катиб ЧIикIаса ГIамирханида мушаварат гьабуна, истихара гьабейилан амруги гьабуна, ва гьал магIнаялъул рагIабиги абуна: «гьаб иш лъикIлъиялде буссулеб буго». Ансадерил хъала бахъараб мехалъ Имам Шамилида тIад ХеречIдерил рахъалдасан гIурусазул бо бачIана, гьезул бодулъ анлънусго гIанасев чи вукIана, ва гьелги ансадерида цебе бугеб мегIералъул тIогьи рещтIана. Рогьун хаду, дозда долги рихьун хаду Имамас дозда тIад магIарда рахеян амру гьабуна. Цинги боялги дозда тIадречIчIана, дол анлънусгIанасев чиги авалалдаса ахиралда щвезегIан чIван рехана. Гьезул цо салдат гурони ворчIичIо гьениса, довги гIорги бахун лъутун ана. Доб заманалъ гIемерал чагIиги шагьидлъана, гьездасан ккола дов цеве рехсарав Ангъидаса Давудил вас Гъазияв, ТIиндадерил бетIер (раис) ТIиндиса АнтIал Малачил вас ГъазимухIаммад.

Хаду нахъисеб къоялъ машгьурав наиб КIаратIаса ГъалбацI-дибирасда тIад гIурусал рачIана.

(31). Гьевги ХарачIи росулъ вукIана, гьенирги гьел цIакъ чIван гIодо рана, ва цIакъ сурараб (асваа) хIалалъ къезеги гьаруна. Аби буго, бусурбабазул Ансадерил хъала бахъулаго нусиялда къогогIанасев чи чIванилан, ва азаралда щунусиялда къогогIанасев чиги лъукъанилан. Доб заманаялъ ГьерекIдерилги гьезда релълъарал мунапикъзабазул боги къезабуна (гъузима). Гьел рукIана гIурусазе кумекалъе къватIи рахъун. Цинги (имам) вахъана Белехьдерил хъалаялда тIаде. Дора жанир рукIараз дагъабго рагъ гьабуна, цинги жалгоги кверде рачIана. Имамасги (Аллагьасе) щукру гьабун, сужда гьабуна. Цинги хадур дора рукIарал (ман фигьа) рикьана,

гьединго Унсоколо хъалаялда рукIаралги рикьана, рикьиялда цебе хумусги бильлъана, кIиявго бетIерги (раисани) нахъ тана. Цинги хадур рилълъана МокIсохъ хъалаялда, гьададинго долъул ишги тIубана. Цинги хадур ЦIатIанихъ хъалаялде рилълъана. Гьениб гIурусаз кIудияб хъала балеб букIана, гьеб жеги лъугьун букIинчIо. Гьединлъидал гьел (гIурусал) гьени гучаб хIалалъ рагъана, хъалаялда жанисанги, гьелда хьолбохъ ругел рукъзазда жанисанги, кодореги рачIинчIо. Гьазги (имамас) гьел къагьру гьаруна, авалалдаса ахиралде щвезегIан чIвазеги чIван рухIизеги рухIана.

## Имамасул къагIида букIана

Жинца къагьруги (хIал гьабун) бергьенлъиги гьабун тIад кверщел гьабурал чагIазул доб заманаялъ чи нахъе толареб, цевехъан вукIа, ахирисев лъелав вукIа. Амма жалго мутIигIлъун кверде рачIарал жалго (чIаго أبقاهم) толаан.

Доба кIудияб рукъ батана барудалъги (яргъил хер) тункIазги цIураб, цоги рукъзал ратана пурчIинадул (شعير) цIурал. Доз гьеб дандеги гьабун, нахъ щIунун букIун бугоан ГIандиги Болъихъги хъулби разеян. Гьединлъидал Имамас ТIадегIанав Аллагьасе рецц гьабуна, ва гьабщинаб рагъул алатал (العُدَد) щвезе гьариялъе щукруги гьабуна. Цо-цо алатал рикьана, цогиял нахъе цIунун тана. Цинги Имам жиндир бергьенлъи (المنصورة) щваял боялгун ТIанусиве рещтIана. Цинги гьес жиндир боял ГIахьалчIи хъалаялдаги, ГьоцIалъ хъалаялдаги ритIана. Амма ГIахьалчIи хъаладухъ рукIараз гIарадаби кьвагьана, жал рагъула рукIанин ккезе, цинги жалго кверлаги рачIана. Ва амма ГьоцIалъ хъаладухъ рукIарал данде рагъана, Имамасул гIарадаялдалъун, хIатта дозул гIарадацин хвезе гьабуна, цинги хаду гьелги кверде рачIана, ва салдаталги къайи-матахIги хумусги гьабун рикьана, ва салдатазул багьа учузлъана. ХIатта цохIо салдат кIиго гъурущги бащадалъухъ гурони восулевцин вукIинчIо. Гьединлъидал ТIадегIанав Аллагьасе рецц.

instituteofhistory.ru

## Цинги хаду, Имамасул Хундерил агълугун хабар

Имамас гъезухъ чапар витIулев вукIана, гьезда капурзаби жалго теян абун, нужееги кIодолъиги тIадегIанлъиги букIилин абун. Амма гьез гьелда гIин тIамичIо. Цинги хаду Аллагьас доб вилаяталдасан капурзаби нахъе рачахъана (طردهم), Хьаргаби хъалаги бахъун. Имам, жиндир бергьенлъи щваял боялги рачун, ЛъарагIлъиялде ун, Гъазданущив рещтIун чIарав мехалъ, довгун рукIарал бусурбабазул боял аскIор ругел росабалъ рукIана. Имамас чIахIиял чагIаздаги ашрапаздаги мушаварат гьабулеб букIана

Щивав ккун, Хунзахъ росу биххизабизеян ( تخريب), доз Имам ХIамзат чIваялъеги, Имам ГъазимухIаммадил боял къезариялъеги, цогиги гIемерал къабихIал пишаби гьариялъеги гIоло, цинги хаду нижер лъикIав (الفاضل) шайх Хъваршиса Загъаласдаги мушаварат гьабуна. Гьес (Загъалас) гьесда (Шамилилда) абуна: «Дида мекъи бихьун (استبعدتُ) букIана дуца Хундерил кIудияб росдада (مما حول البلدة الكبيرة خنزية) сверухъ ругел гIисинал росдал агълу гочизари (إخراج), гIурусал доб ханзабазулги кIудиязулги (чIухIби?) (الأكابر) ватIан, кIудияб росулъа, нахъ иналъе гIоло, амма долъул иш дида бихьаралдаса гIаксалде ккана, дуда бихьун букIаралда рекъонги ккана, гьединлъидал, мун гьединаб жоялъе вижун вуго, гьеб лъикI лъалевги(خبير) вуго, гьединлъидал, дуда бихьухъе гьабе, хIакълъунго ТIадегIанав Аллагьасги абун буго ( إن يُريدا إصلاحا يوفّق الله بينهما), ай, гьел кIиязего (рос лъади, аят гьезде рещтIараб буго) рекъел гьабизе бокьани, Аллагьас гьезие тавпикъ кьела», – ян.

Имамас гьеб ишалъе мажлис гIуцIана, гIалимзабиги гIакъилзабиги данде гьарун. Ахир-къад хIасил ккана биххизабизе. Гьединлъидал доба Хунзахъ ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв Абулмуслим шайхасул хIужра гурони, щибниги бахчулеб жо хутIичIо. Цо заманалъ лъарагIалъиялде ун вукIана, цинги киналго лъарагIалги, гIахъущалги, цIедехIги ва хутIарал вилаяталги имамасе мутIигIлъана, жинда жанир хъулби ругел бакIал хутIизегIан. Гьелдаса хадуб Янгъиюрт,

Гелбахъ, ЦIобокь, Миякьуб хъулби рахъана. Цинги ЧIохъ росуги бахъана, гьениб ккараб рагъда гIемер чиги шагьидлъана, ва гьединго гIемер чиги лъукъана. ТIадегIанав Аллагьас цIунагиха гьев пакъирав авторасул заманалъ гьезул ракьалда ккараб жоялдаса. ЧIахъадерил росдадаса дир заманалъ щибниги лъикIлъи рагIичIо.

## ГIанди росу бухIи, Чачаназул рохьабахъ кIудияб гъазават ккей.

Доб заманалъ шагьидлъана Аллагьасул гъалбацI, кинабго бихьинчиясул лъикIлъийилан рикIкIунеб жоялдалъун машгьурав ТIиссиса Кьагъа ГIали. Доб заманалъ гIурусалги Гьидерил кьотIе щвана. Бицен буго, гIурусазул кIудияв, Воронцовас доб заманалъ жиндир низамалъе ккараб жо рикIкIана, гьесда жиндир камаразул рикIкIен анцIила лъабго азар батана. Гьединлъидал гьев малгIунги гIодана. Гьелдаса хадуб, ЦIияб Даргъиб ватIанлъун ккуна, ай Ведано. Хадуб Имамас, Чергесалде битIи, ай азаралда кIинусиялда лъабкъоялда кIиабилеб соналъ (30.12.1845 с. байбихьана). Гьелдаса хадуб ЦIадахIариб бахъана. Хадуб, СалтIа бугеб Имамасул хъала гIурусаз бахъана. Доб заманалъ боялда вабаъ унти ккун букIана, ва СалтIа кIудияб питнаги ккана. Бицен буго, СалтIа гIурусазул анцIила анкь азар чи чIванилан. ГIурусалгун цадахъ рукIарал бусурбабазулги гIемерал чIвана. Гьелдаса хадуб, Хьаргаби бугеб хъалаялда гъазават букIана Имамасул. Цинги ЧIохъ бугеб хъалаялда гъазават букIана Имамасул, ай азаралда кIинусиялда лъабкъоялда анкьабилеб соналъ (5.11.1850 с. байбихьана).

Цинги Хайдакъалде СалтIаса ГIумаргун, хадуб ХIажимурадгун, хадуб Гъумекиса Букъ-МухIамадгун боял ритIи букIана. Букъ-МухIамадил боялдаса капурзабазул хваразул рикIкIен бахана кIиазаралда щунусгогIанасев чиги нусгогIанасев мунапикъги. Цо дагьа-макъалго чагIи гьесул гьалмагълъиялдасаги хвана. Юсупханил вац Жабраил, гьодораб ругъун лъун, лъукъана, ва гьединго гьесул вацасул вас

СагӀидги, Гьарунил вас ХӀамзатги, ва Табасараналъул амирги, Жамавил васги лъукъана. Инаралги чӀвана. ГӀумаридасаги ХӀажимурадидасаги дагъаб гурони пайда ккечӀо.

## **1269 соналъ** (14.10.1852 с. байбихьана) **ЧӀар хъалаялъул гъазават**

Шамил, жиндир боялгун Закаталаялда рещтӀиндал, гьес жиндирго вас ГъазимухӀамад витӀана богун[1] цадахъ ЧӀар хъалаялде. КӀиябго бо рагъда данделъана Закаталаялъул рохьоб. Капурзабазул боял гьенир къана. Имам Шамилги, гьаб тӀехьалъул муаллип Ангъидасевги (والمؤلف الأنغدي), гӀалимзабиги, загӀипал чагӀиги Закаталаялъул магӀардаги чӀун, унеб рагъда хадуб ралагьун рукӀана, ТӀадегӀанав Аллагьасда хӀелулел. ГӀандалазул гӀалимзабазул бищунго цевесев, Сугъралъа АхӀмад дибирги вукӀана бадисан магӀуги чвахулаго, цӀакъ Аллагьасде гьарделев.

Шамилицаги гӀемер нухалъ абулеб букӀана: «Я Аллагь! Я Аллагь! Я Аллагь!» – абун.

Капурзабазул бо къун хадуб Шамилицаги гьенир рукӀаралщинал чӀагӀазги абуна: «АльхӀамду лиЛлагьи хӀамдан ювафи нигӀамагьу, ва юкафиу мазидагьу», – ян.

Гьеб боялъ гӀурусазе кӀудияб зарал щвезабуна.

Дун, пакъирав Ангъидаса муаллип, дида бихьана цо гьотӀода гьоркь ичӀго капурчиясул чӀвараб жаназа. Гьединго дида бихьана дозул байрахъал нухазда гӀодор ран, дозде рещтӀараб балагьалъги чӀваялъги гӀадамазе хьвадизе нухцин хутӀун букӀичӀо. Дова шагьидлъана Имамасул вас ГъазимухӀамадил байрахъулав – Къурбан. Гьевги ккола силдерица чӀварав КӀаратӀаса ХӀажиясул эмен – Къурбанил вас Гъазиясул вас[2]. ГӀазимухӀамадилги Имам Шамилилги боязда кӀвечӀо ЧӀар хъала бахъизе. Цинги Шамил ана КатӀихъ, хадув МацӀихъ[3],

---

[1] Сарият: سرية имамас тӀадчигун битӀараб цо рагъул къокъа.

[2] Ай, гьев кколев вуго гьев ХӀажиясул вац – «Къурбан ибн Гъазияв ибн Къурбан».

[3] КатӀихъ ва МацӀихъ ккола ЦӀоралда ругел магӀарул росаби.

цинги МеседилхIор-хъалаялда[1], ва гьеб хъалаги бахъиялде гIагарлъун букIана. Хадур гIемерал боял рачIана Гъумекисаги Шурасаги. Гьединлъидал Шамилица доб хъала бахъичIого жибго тана. Гьенир шагьидлъана ТIадбуртиязул[2] наиб Ахъбулат. Цинги гIурусаз доб хъалаги биххизабуна.

## Гуржиязул росаби рахъизе гьабураб гъазават.

Цинги Имамасул бо Кубур[3] (كُبُر) магIарде, Хункарасул Имират[4] вилаяталде щвана. Бицен буго, Шамилидаса кагьатги босун хункарасухъе чапар щванилан, гьевги Шодродаса ХIамзат-хIажи. КъотIи-къай ккана гьел кIиялго, Шамилги Хункарги цадахъ къватIире рахъине. Доб заманалъ Хункарас Хъиримги, Севостопол[5] хъалаги бахъана. Цинги Хункарас доб Хъирим вилаят гIурусазухъе тIадбуссинабуна, Хъарс вилаятги жиндиего босун, щайгурелъул Хъарс вилаят букIана доб заманалъ гIурусаз бахъараб. Имам Шамилил боялъ гуржиязул анцIила цо росу бахъана, гьениса гIемераб давлаги щвана. Гьединго асирлъуде росана дозул кIудиязул руччаби, гьездасан ккола: Цинандаялдаса[6] ЧIавчIавуз[7] ханасул бицен буго дол Туплисалдаса ГьерекIли ханасул ахIпадал (лъимазул

---

[1] КатIихъ росулъа Дагъистаналде унаго, магIарда тIад бугеб хIор ва гьелда аскIоб бан букIараб буцур.

[2] Чачаназул росаби ругеб тIалъи, жиб АнсалтIа росдада тIаде балагьараб. Гьединго гьелда ЧIарбилъ яги Чеберлой абулаан.

[3] Гомбори абула жеги гьелда. Гуржиязул Алазан ва Къарби (Иори) гIоразул расалъиял ратIа гьарулеб мугIрузул бал. Гьелъул гъулдузда ран руго Талавур, Сигънагъ шагьарал ва гIемерал росаби.

[4] Гуржиязул Имерети вилаят ккола гьеб, Кутаиси шагьаралъул сверухълъи. Доб мехалъ ГIусманиязул хункарасул кверщаликь букIун бугилан тараб улка-ракь.

[5] ГIурус. – Севастополь.

[6] Гурж. – Цинандали. Гьанже Гуржистаналъул Телави мухъалъул кIудияб росу, жаниб 3,2 азарго чияс гIумру гьабулеб.

[7] Гурж. – ЧIавчIавадзе. РагIи билълъараб гуржиязул тухум, жидеда кодоб Телави ва Къварели мухъалда гIемерал ракьал, ахал ва церетарал чагIи ругеб. XVIII-XIX гIасрабазда гьеб тухумалдаса гIемерал хъулухъчагIи, инаралал ва цогидал хIакимзаби рахъана.

лъимал) ругилан. Гъединго асир гъаюна Илия ханасул чIужу. Гъедингощвана хирияб боцIи, хIатта умумуздса ирсалъе щун бачIараб ГъерекIли ханасул тажцин. Гъеб тажги букIана гIадан чияс сипат гъабун бажарулареб хIалалъ. ЧIавчIавуз ханасул рукъзалги рухIун, тIадрусана магIарулал. Асир гъабун букIана микьнусиялда ункъоялда анцIила ункъго (894) бетIер. Гъезул кIудиялги руччабигун цадахъ Даргъиялда ритIана. Бищун лъикIаб тарбияги лъун, хьихьана гьел, жиндир камилав зарипав, гIурусазухъе АхIулгохIдаса ракълил цIаралда кьурав Жамалудингун хисизегIан. Жамалудингун цадахъ анцIила лъабгогин бащдаб къали (كبل) гIарцул Имамасул боязе бачIана. Гьебги бикьана, ва хутIарал асирзабиги напс напсгун хисана. Цинги гIурусазухъе милъиде (аманат хIисабалда) ТIелекь ккараб гъазаваталда кьун вукIарав, Имам ХIамзатил яцалъул васги гIемерал гIарцалгун тIадвуссана. Гьединлъидал, цIакъ гIемераб рецц Аллагьасе! Дол кIиялго, Жамалудинги, ХIамзатил яцалъул васги Имамгун кIалъана Падишагьгун бугеб маслахIаталъун бицун. Имамас гьезул калам къабул гьабичIо. Жамалудинги КIаратIа хвана. Бицен буго гьев заман цIан кьураб загьруялъ хванилан абун. ВаЛлагьу агIламу. Цинги хаду имаматалъул кинабго иш загIиплъиялдехун буссана.

instituteofhistory.ru

## ГьоцIалъа гьунар тIокIав ХIамзатил имамлъиялъул хабар, ва гьесул ккарал рагъал (وقائعه)

Имам ГъазимухIамад шагьидлъидал, гIалимзабаз досул бакIалда ХIамзат вищана. Гьев гьалмагълъигун цадахъ шагьараздаги росабалъги сверана, амру, нагью, вагIза, насихIат гьабун. Цинги Рихьуни росулъе тIадвуссана, ва гьенив рещтIана. Хадуб ансадерил дове Шамилгун цадахъ ана.

ХIамзат дозул росдадаса рикIкIад гIадин чIана, Шамил анцIила кIиго гIанасев гьалмагъгун цадахъ дозул къулгIаялде (الزاوية) кIанцIана, гьез гьев росулъе ахIана, жидеца Шамилица амру гьабураб жо гьабилилан. Досда хадув гъурав (الفطن) Къебед-хIажияс жиндирго тIохдасан ишара гьабуна, гьениб жаниб цо хIилла-рекIкI бугилан. Шамилица гьелда гIинтIамичIо, ХIамзатица тIалаб гьабураб рагьну аманат гьез

жиндихъе кьун гурого. Хадур гьелги рагъизехъин рукIарал чагIи, мукIурлъана ва гьезухъа лъабкъоялда анцIго туман багьаяб рагьнабиги аманатги росана.

## ХIамзат муридзабазул боялгун Ругъжаве вахъин

ГIандалазул боял ругъеждерил магIарда тIогьир данделъана. Гьениса жанире гIорхъабиги къан, рагъизеги дандечIей гьабизеги хIадур рукIана. Муридзаби гьезухъе ана, ва гьелги цIакъ сурараб куцалъ къезеги гьаруна, ругъеждерилги цогидазулги гIемерал чагIиги чIвана, хадур Ругъжаб росулъе щвана. Ругъеждерил бетIер СултIанилав жиндирго хъаладухъги вахчун, жиндирго напсалда хIинкъиялъ, къватIиве вахъуларого вукIана. Шамилица гьев къватIиве вачIин хIилла гьабун, гьесде тIаде кIанцIун, гьев щулаго ккуна ва вухьана. Цинги гендерил туснахъалде витIана, ва гьесул рокъоб букIараб жоги нахъе босана. Цинги ругъеждерихъаги, сугъулдерихъаги ва цогидазухъаги росана милъиде чагIи (аманатал).

ХIамзат гьидерил рахъалдехун вилълъана ва гьезухъаги аманатал росана. Шамилги витIана Къарахъа милъилал росизе. ХIамзат имам вилълъана тIиндадерил, багулазул рахъалдехун. Хуштадерил рохьил рагIалда, Гъачара майданалда рещтIана гьев. Хадув гьев ана Шамилгун ва гIемерал боялгун цадахъ Хунзахъе. Долгун маслахIат гьабизе тIалаб гьабуна, тIоцебе ГIуммаханил ясБахул ва гьелъул лъималгун. КIиабизе гьезул вилаятги гIалимзабигун, лъикIал чагIигун, жинда тIадегIанав Аллагьас Ссалат салам лъеяв нилъер авараг МухIамадил шаригIаталда рукIизе. Гьез гьебги бокьун букIа, яги рихун букIа къабул гьабуна. Цинги Хунз вилаятальул къади, нижер шайих Хъварщиса Загъаласул устар НурмухIамад-къади, жал кIияздаго ТIадегIанав Аллагь гурхIаял, вачIана Нуцалхан, ГIуммахан, Булачхан ва гьезул кIудияв Мирзал ХIажиявгун цадахъ, ай, гьезул чIахIиязул цониги чи хутIичIо вачIинчIев.

Имам ХIамзатидаги гьесул гьалмагълъиялдаги гьоркьоб къотIи букIана гьел ханзаби чIвазе абун. Щайгурелъул гьезул къуватги бугелъул, ва гьелги шаригIат къабул гьабуларел пасикъзаби ругилан, ва жидерго ругьунаб зулмуялдехун цIай

букIунила. Гьеб къотIиялдаги рекъон Имам ХIамзат жиндирго чадиралдаса цо рахъалдехун ана ва гьездаги чIваян ишара гьабуна. Цинги, ханзабазги дозул чIахIиязги, ХIамзатил муридзабазул хиянатияб ахIвал хIал бихьидал, рагъ гьабизе байбихьана, ва гьез ХIамзатил вац Мурадбегги, вацгIал Чупанги, Рихьуниса Дибирасул МухIамадги, ва Генуса МухIамадгIалиги ва пулан пуланги чIвана.[1] Цинги ханзабиги чIвана, хIатта Бахуцин чIвана ва Булач живго тана, гьев гьитIинав вугин абун. Гьесие гьабулеб жоги гьабуна кIудияб гIурулъеги рехун. Гьединлъидал жакъа 1312 соналъ (4.07.1894 с. байбихьана) хундерил ханзабазул хутIарав чи ПатагIали-ханги, гьесул лъималги руго. ГIурусаз гьесие чIварал ханзабазул ирсги кьун буго, гьев аслияб куцалъ гьезул наслуялъул чи вугелъул. Гьесда релълъарав чи гIакълуялъулги, бахIарчилъиялъулги, боцIиялъулги рахъалъ Дагъисталалда вукIинчIо. ТIадегIанав Аллагьас гьесул наслуялда, къиямасеб къо бачIинегIан, баракат лъеги. Амин.

## Имам Шамилица Имам ХIамзатие гьабураб насихIаталъул хабар

Нахъисеб къоялъ радал Шамилица ХIамзатие насихIат гьабуна халваталда чIайилан. Гьес абуна: «Гьанже дуда рекъараб буго дурго рукъов ГьоцIалъ, Аллагьасе тавбу гьабун, ракIги тIерен гьабун, гIодов чIезе. Дур иш дица билълъанхъизабила ва бачина нижер рахъалдехун. Гьединго Игьалиса СагIидицаги гьабила жиндирго рахъалда (طرفه), КIаратIаса Гъазияс жиндирго рахъалда, КъебедмухIаммадицаги, къаралазул Гьочоса ГIабдурахIманицаги жиндирго рахъалда», – ян. Гьеб пикру лъикIаблъун бихьана ХIамзатида, ва гьелда разилъана гьев.

Цинги ХIамзатица Шамилида амру гьабуна анцIго гьалмагъзгун цадахъ Бахул рокъоре аян, гьениб щиб боцIи-мал бугебали бихьизе. Гьениб щибго кIвар бугеб жого батичIо гьезда. Цинги гьезие (хунздерие) хIинкъи кьуна, нужеца гье-

[1] Гьаб гьоркьо бачараб жо [ ] муаллипас тIанчил хьолбода тIад гIунтIизабун хадуб хъвараб жо буго.

ниб букIараб жо тIад буссине гьабичIони, нужерго рокъоса нужерго боцIигун (مع أموالكم) цадахъ босизе буго абун. Гьединлъидал, цояв цо жо босун, цогидав цогияб босун вачIун, гIемераб жо данде гьабуна. Цинги гьеб къайи анкьго яги микьго гьакида тIадги лъун, ГьоцIалъе нухде регIана.

Цинги гьезул гIалимзаби данделъана ХIамзатгун. Цоцазда хабарги бицун, гьез гьесие лъикIаблъун бихьизабуна гьенив ханзабазул рокъов чIезе. ХIамзатги гьелда разилъана. Гьеб заманалда Шамил тIадвуссуна, ва гьесда гьел гьаб пикруялда рекъонги ратидал гьез гьеб къайи-матахI нухдасанго буссинабуна, цинги ХIамзат Хунзахъ шагьаралда рещтIана.

## Балахьуни вукIарав Булачхан кIудияб гIурулъеги рехун хвеялъул хабар[1].

Хунздерил мунапикъзабаз, рузман къоялъ жидер мажгиталда вачIараб мехалъ, ХIамзат чIвай.

Бицен буго, ХIамзатида гьесул муридас, Аллагьасул гъалбацI, Хунзахъа ХIажиясул МухIамадица бицун букIанин гьев чIвазе вугилан, ва гьевги мажгиталда ана, ханжарцин бачIого, Дов мурид, ярагъги бан, мажгиталъул кIалтIа вукIана, цинго гьесги эхедеги рахъун гьевги гьеб бакIалда чIвана. ХIажиясул МухIамадица ХIамзат чIваравги чIвана. Абула, гьев ХIажиясул МухIамад жиндирго буржалда[2] жанивеги кIанцIун, жиндир кодоб бугебщинаб рагъул сурсат лъугьизегIан вагъулев букIанин. ХIатта къватIиб ккараб жо бихьизеян раккарал, гIадамазде жо рехунцин, гьезие зарал гьабизеян абун. Цинги жиндирго нуцIидасаги ваккун, гIодовги чIун абуна: «ГIенекке гIадамал, хабар бицинин, рузмакъоялъулъ имам чIваразул...» (ٓواه). Гьеб бакIалда довги чIвана. Цинги Шамилил заманаялъ досул вас, наиб Албуриги чIвана Хунзахъа мунапикъ Тагьмасханил МухIамадил кверaлдалъун, жиндир чIужуялъе хиянатлъи гьабулеб букIаниланги абун.

---

[1] Гьадин буго тIехьалда, амма Булач чIвай, ХIамзат чIван хадуб букIана.

[2] Бурж ккола хъала щула гьабизе гьелъул бокIназда балеб си.

## **1245 соналъ** (2.07.1829 с. байбихьана)**, жинда ТIадегIанав Аллагь гурхIаяв, Амин, Генуса ГъазимухIамадидалъун дин гьабизе байбихьи**

Гьев хIутIана 1248 абилеб соналде (30.05.1832 с. байбихьана) щвезегIан. Имам ГъазимухIамадил, къуддиса сирругьу, караматаздаса бицуна, гьес ансадерида, пасалъиялъул агьлуялда гьал магIнабазул жо абуна:

«Нужее къваригIун буго нуж рукIараб хIалалде тIадруссине, лъарагIлъиялдеги ун, гIечги хамрги[1] бичизе. Гьединлъидал нужеде тIаде кIиабилевги вачIине вуго. Гьес нужее захIматги (يثقل) гьабизе буго, хадуб нужеда бихьила лъабабилес нужее гьабулеб жо», – ян. Гьесул къасд кIиабилев абун, ХIамзат, лъабабилев абун, Шамил рукIун ратилин ккола.

## **Хунзахъ гьабураб гъазават**.

Гьебги, гьезул агьлу пасалъиялъулги питнаялъулги ицц букIиналъ, гьезде тIаде вахъана (имам) гIемерал боялгун, къасдги гьабуна гьезул ханзабазул, ай Бахул шагьаралде. Бицуна, гьей Баху бо жанибе лъугьараб мехалъ, тIохде тIадеги яхун, йихьулеб куцалъ жиндир гIадамал къуватлъиялдаги бахIарчилъиялдаги гьесизе гьарулей йикIанин. Гьединлъидал ГъазимухIамадица, хьиндалазул бодуе цебехъанлъиги гьабун, гьел рачана ва жиндирго мутагIил, хасав гьалмагъ Шамил тIамуна, бакълъулазул бодул цевехъанлъун. Гьелги рачана хабалазул рахъалъан шагьаралде тIаде кIанцIизе, дол рехсаразги эзда зодоса балеб цIер гIадин тункIица кьвагьулеб букIана. Гьединлъидал Шамилги, гьевгун цадахъ вукIарав лъебергогIанасев гIолохъанчиги цо рокъор жанирреги лъугьун, тIаде нуцIа къана. Бакълъулазул гIемерал чагIи шагьидлъана, цогидазулги шагьидлъана, ва ГъазимухIаммадгун цадахъ

[1] Хамр: жиб гьекъедал, мехтизабулеб жо. КигIан батIи-батIиял цIарал лъуниги.

рукIарал чагIи бакъбаккулеб рахъалдехун лъутана. Абула, бакълъулал хьиндалазде данде рагъулел рукIанилан, гьезда нахъасан гьел лъутулеб мехалъ.

Бакълъулазги хунздерицаги рекъел гьабуна, гьедин ахIана цо мелъелтIасес. Ва ахIана рокъор ругездаги къватIире рачIеян. Шамилица гьел бакъ тIерхьинегIан сабру гьабун чIезаруна. Гьениб жаниб макру букIиналдаса хIинкъун. Гьединлъидал, бакътIерхьун хадуб гьел къватIире рахъана, ва Шамил бакълъулазда аскIове щведал гьел гьесда тIаде руссана, сверун гьевги ккун. Гьел гьесла квеш рагъдана, гьаб питна нужер баракат гьечIолъиялдасан бугилан. Гьез гьесда тIаса ярагъги чалмаги бахъана, ва гьев чIвазехъинцин букIана. Гьев хвасарлъана Инхоса Дарбиш НурмухIамадилги гьесул гьалмагълъиялъулги, МелъелтIаса Къадил вас ХIадисилги кумекалдалъун.

Гьеб сордо букIана азаралда кIинусиялда кIикъоялда щуабилеб соналъул рамазаналъул тIоцебесеб сордо (24.02.1830 с.).

Гьеб соналъ ГъазимухIамад имамасул изнуялдалъун ХIамзат богун Гъолоде ин. Гьебги ккола ЧIаралъул хъала баралдаса кIиабилеб сон. Доба рагъги чIвай-хъвейги ккана, ЧIарги гьезда рекъана. Цинги гьезде тIаде хъалаялдаса гIурусал рачIана. ХIамзатил боялъ гIурусазул бо къезе гьабуна, ва гьезухъа гIарадаги бахъана, гьезул гIемерав чиги чIвана. ГIемераб яхI бахъана гьез гьеб гIарада хвезабизеян абун, амма гьеб бажаричIо. Цинги ХIамзатида бичIчIана хъалаялда жанир рутел капурзаби тIагIинаризе кIоларебльи.

instituteofhistory.ru

Гьесда ракIалде ккана (أراد) ЧIар вилаяталъе аман босизеян, гьединлъидал гьев Богьнодаса Шайих-ШагIбангун цадахъ ЧIаралъул вилаяталъе аманги рахIаталда тейги (الإراحة) къасдалда хъалаялъуре ана.

Нужеца пикру гьабе, диналъул вацал, гьеб кIиябго гьалбацIилги, лъикIав гIалимчиясулги, бахIарчиясулги, гIакъиласулги бахIарчилъиялъул. Аллагь гурхIаги гьел кIияздаго, Амин. Гьединлъидал гьев кIиявго гьенир жанир ккун чIезарун ва Туплисалде ритIана, гьенир рукIана цо заманалъ. Цинги нахъе риччана къотIи-къайги гьабун, гъоркьлъалие кIиго гьитIинав васги кьун. Цинги, ХIамзат жиндирго рокъов гIелму лъазабу-

лев вукIана. Жиндие гIоло гъоркьлъалие тун вукIарав вас хвей рагIарабго, гьеб къоялъго, Дагъистан агьлуялъул ункъабилев имам ГъазимухIмадихъе, къватIиве вахъана.

Анлъабилеб соналъул ихдалил (1831 с.) мехалъ ГъазимухIамад, нусиялда кIикъоялда микьгогIанасев чиги вачун, Агъачхъала базе къватIиве вахъана. Гьелдаги Гъазданущиялда гьоркьоб сагIатгIанаб заманалъул нух буго. Цинги Шамхалги АхIмадханги кинабго лъарагIалъиги бачун, гьезде данде къватIире рахъана. ГъазимухIамадица гьел цIакъ квешаб куцалъ къезе гьаруна. Гьелдалъун гIемерисеб лъарагIлъиялъул халкъ гьесухъе гьетIана, гьесул амруялда нахъги рилълъана.

Цинги гIурус бачIана гьесда данде, ва гьесда сверухъ рещтIана. Ккараб жоги ккана, хIалкIолареблъи бихьидал, хъалаги жибго тана. Гьелдаса хадуб Таргъуб гъазават букIана. Имамасул боялъул гьенив азаралда кIинусго гIанасев чи хвана. Абула, гIурусазул хIиллаялъ абун. Аллагьасда лъикI лъала. Гьеб гъазаваталда бахIарчияв ЦIобокьа НурмухIамадица ГъазимухIамадида хеч къазабизе лъугьарав салдат чIвана. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьел кIияздаго ва гьел разиги гьареги къиямасеб къоялъ.

Дагъистаналъул агьлуялъул анлъабилев имам Шамилие, гьалдаса хадуб къогогIанасеб къоялдасан Жамалудин гьавуна.

Хадуб Гъизлар хъала бахъана, цинги Чачан вилаяталде ана, ва гьевгун цадахъ вукIана дарбишияв Ярагъалдаса МухIамад-апанди.

Цинги гендерил кIкIалахъ гъазават букIана ва гьенив имам ГъазимухIамадги чIвана 1248 соналъ (30.02.1832 с. байбихьана). ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьесда. ГъазимухIамад гьезул кIкIалахъ борхатаб сивунив вукIана. Цинги гьес амру гьабуна нуцIихъан гIурусаздеги мунапикъзабаздеги тIад кIанцIеян. Гьелги нуцIида аскIор чIун рукIана, цониги чи вахъинчIо кIанцIизе. ГъазимухIамадица гIемераб истигъпарги гьабуна, гIемераб тагьлилги[1] бачана, ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв, хвалчен къватIибе бахъана, цинги кIанцIана.

[1] Тагьлил: Ла ила"гьа илла Лла"гь لا إله إلا الله I абун аби.

Гьевгун цадахъ кIанцIана гьесул вацIгIал (эбелалъул яцалъул вас) МухIамадсултIанги. Шамилица амру гьабуна гьевгун цадахъ кIанцIеян, гьев живго нуцIида аскIов вукIинчIо, сиги къваридаб букIана. Цониги чи кIанцIичIо, цинго Шамилица абуна: «Балагье, ГIазимухIамад гIодов кколищали», – ян. Гьесда абуна: «АскIовго гIодов ккана», – ян. Цинги Шамилица абуна, бачIанин тIаде къо ГъазимухIамадида нилъ гIодулареб. Гьениб Шамилие щибниги жоялъул ургъел, пашманлъи букIинчIо. Гьезда гьес бицунеб букIана, шагьидзабазул рухI бахъулеб мехалъ хIурулгIинзаби рачIунин гьезухъе. Гьединлъидал хIурулгIинзаби нилъехъ ралагьун чIун ратилин зодор. Цинги гьез тIохалъул картIинисан жанибе цIа рехизе гурилан абун хIинкъана. Гьединлъидал гьес амру гьабуна кIанцIизе. Цониги чи кIанцIичIо. Гьеб мехалъ жиндирго хъвалченги къватIибе бахъана, лъелги рачлихъе рехана, кIиябго бохги гъуждулги гурана ва нуцIихъан кIанцIана, гьесул нуцIидаги тункун, чалмагун тIагъур бортана. НуцIида аскIов ватарасда кьабуна, гьесул кIалдибе щвана ва кIиябго чанагъги дализабуна. Цогидасдаги кьабуна, гьев гIодов вортана. Цогидас Шамилил каранда тункIил хечI къазабуна, амма Шамилица цояб квералъ хеч куна, цогиялъ хвалченги кьабун, гьев гIодов ккезавуна, ва салдататасухъа туманкI бортана. Гьедин гьев вихьарабго, гIурусал лъутизе байбихьана.

Шамилида ракIалдацин букIинчIо гьезухъа жив ворчIилилан. Цинги гьесда жинда нахъасан, цо лъутулев чиясул гьаракь рагIана, «Аллагь, Аллагь», абун. Балагьидал гьев гендерил будун ватана гьелгун сивунив вукIарав. Гьеб бакIалда Шамилида ракIалде бачIана хвасарлъизе. Гьесда хадув ана. Цинги хаду гIурусазул сверун кквеялдаса ратIалъидал гIурусаз гIемераб туманкI кьвагьана гьезда хадуб, гьезда щибниги щвечIо. Шамил загIиплъана хвалчен баччизе кIолареб куцалъ. Гьес гьеб кьуна будунасухъе. Цодагьал рикIкIалъидал, Шамил цо ганчIида нахъа хвезе абун гIодове вортана. Будунги гьесда аскIовгIан вахчун чIана. Шамилица гьесда абулеб букIана «нахъе а»–ян. Гьедин рукIадго, гьесда мугIрузул тIогьисан бихьана бакъ жеги

тIерхьун гьечIеблъи ва ракIалде щвана жинца жеги бакъанил как бачIеблъи Гьединлъидал гьес как балеб букIана ишара гьабун. КIиго ракагIат тIубайдал гьес би лагIана ва цодагьаб бигьалъиги лъугьана гьасие. Гьел кIиялго гьеб бакIалда чIана, бакъулги моцIролги канлъи тIерхьизегIан. Хадур рилълъана мугIрул тIогьире, ва гьениб сордоги бана кутакаб цIороялда. Гьесул бетIералда щибниги жоги букIинчIо, чунтбиги[1] биялъ цIун рукIана. Гьединго хутIараб ретIелги биялъ цIун букIана, амма гьесул каранда бугеб картIинисан бухIараб хIухьел бачIинеб букIана. Цо нухалъ бачIун, хадубги бачIун, ва гьебги гьесул каранда жанибехун тIибитIулеб букIана. Гьелдалъун гьевги хинлъулев вукIана. Цинги Шамилица абуна: «Гьаб ругъун дие къаси гьаб сордоялъ лъикI буго нусго туманалдасаги», – ян. Дуниял рогьарабго, гьев гIагарав чиясул чуялдаги рекIун, жиндирго лъималхъизанал ругеб бакIалде ана.

ГIурусал Генуб анкьалъ рещтIун чIана, ва шагьид ГъазимухIамадил жаназа тIалаб гьабуна гьез. Гьев гьезда вихьизавуна гьелгун рукIарал гендерил мунапикъзабаз. Ва гьединго машгьурав гIалимчи СагIидица гьезда абуна дов Гендерил ракьалда вукъизе тогейилан. ГIилла бачана, гьев гьенив вукъани, муридзабаз гьесул хабаде зиярат гьабизе бугилан, ва гьенир данделъун, пасалъиги питнабиги багъаризабизе бугилан. Гьесул рагIи гIурусазе рекIее гIуна, ва ГъазимухIамадил жаназа Таргъуялде босана, ва гьениб бакъвазеги гьабун, саламатаб заманалъ хъаравулзабиги лъун, цIунана, хадуб букъана.

[1] Жайб جيب: гIараб мацIалда каранзулъан бугеб рагьиялда абула. Амма жакъа чанта магIнаялда машгьураб буго, тIажуялъул яги гордеялъул. Дида бихьухъе тIоцебесеб буго мурад, хасго доб хеч каранда къазабун букIиндал. Ва Ллагьу АгIламу.

## Генуса имам ГъазимухIаммадил къаркъала накълу гъабиялъул хабар

Имам Шамилил давлаталъул заман букIиндал, гьесул шавкат Таргъубе щведал, гьес ритIана чагIи хабалъа гьев къватIивеги вахъун, Генуве восизе. Гьев гьенив вукъана ва гьесул хабада баракатаб зияратги бана[1]. Къаддаса Ллагьу сиррагьу, ва нилъги гьесул баракаталда гъоркь гьареги.

Бицуна, Генуса Ибрагьимил вас ХIусайнида бихьанин Дербенталда, гьединго гьелда абула Бабул-Абваб ва Чорилан хъван ГъазимухIамадидалъун гIурусазул микьазарго чи хванин абун. Гьалда тана.

Гьесул гъазаваталъул заман лъабго сон букIана. ТIолабго рецц гIаламалъулги БетIергьанасе.

Бицен буго, гьездаса цеве Чачан ракьалда вукIанин цо имам, гьесдаги абула **Бибулатилан**. Гьев сабаблъун гIурусаз басрияб Яхси биххизабуна, ва гьебги накълу гьабуна Гъизил-хъалаялда гъоркь, Янгъиюрталда тIадехун бугеб бакIалда.

Гьединго имам **Мансур** вукIанилан[2].

Ва гьединго цоги имам вукIанилан, гьесул цIар лъаларо[3]. Гьалда тана[4].

---

[1] Имам ШапигIил мазгьабалда рекъон хабада тIад (гIаммал хабалалъ) зиярат базе хIарамаб буго. Дида лъаларо кин гьеб Шамилица барабали?

[2] ГIаймакиса Абубакрица хъван буго гьев шайих Мансур жагьилав чи вукIанилан, гIараб, турк мацIалцин лъалароанила гьесда. Мансурида хадур жагьилзабиги ахIмакъзабиги рилълъанила.

[3] Дида батана Жамалудин ал-Гъарабудагъияс жиндир тарихалда (гь. 92) рехсон буго **МухIамад Риза** абурав чи вукIанилан. Гьев Ираналде гочуна, гьениб агьлу суннаталъул гIакъидаги тIибизабула, гIемерал рафизалги (рафизитал) гьесдалъун кантIула. Амма гьев гьенив цIияв хан хисидал, чIвана.

[4] Гьаб тIанчил (40) кваранаб рагIалда муаллипас хъван руго гьал рагIаби: «Шамил ТIелекь сверун кквеялъул тарих 1253. Гьев АхIулгохIдаса ворчIиялъул тарих 1255. ГIурусал Басрияб Даргъоялде лъугьиналъул тарих 1261. Ахти гъазаваталъул тарих 1266. Гуржи гъазаваталъул тарих 1275. ХIубикь хъала бахъиялъулги, ва гьеб гIурусазул

## Шамилил хъулбузул хабар

Имам Шамилица ЧIохъ, СалтIа, ХIубикь[1], ГIириб[2], Магъар[3], Ули[4], Хьаргаби, ГIачабатIа, Килалъ[5], НахъбакI[6], Чачан ва гьел гуреэдаги хъулби ран рукIана.

## Шамил ун хадуб, Билканалдаса хIажи Муртазалил (الحاج مرتضى) хабар

Гьесул къасд ккана ЧIар хъала[7] бахъизе, амма гьесда гьеб кIвечIо. Цинги, цоги гъазаваталги гьарун, гIемерал салдаталги чIвана, хIатта кIудияв инарал Вижин-Гуржи[8] (الوچنكرچي) Шаликов. Цинги гьев гIурусаз ккуна ва Сибиралде витIана. Гьениса Балх-Бухара[9] вилаяталде лъутана, гIурусазде данде гъазават гьабуна ва шагьидлъун хвана.

---

кверде иналъул тарих 1275. Гьев нахъе виччантеялъул тарих 1286. Гьев хвеялъул тарих 1287».

[1] ХIубикь ккола гьанжесеб Гъуниб росу бугеб бакIалъул басрияб цIар. Цебехун букIараб басрияб Гъуниб росдал чIваднал руго гьелдаса 3 км тIадегIан.

[2] ГIириб ккола ЧIарада мухъалда бугеб росу. XIX гIасруялда гьениб чIей букIана мудир Даниял-бегил ва бан букIана щулияб хъала.

[3] Магъар ккола ЧIарада мухъалда бугеб росу. XIX гIасруялда гьениб бан букIана щулияб хъала.

[4] Ули ккола Хьаргаби мухъалда бан букIараб щулияб хъала. Гьеб букIана КIикIуни ва Хьаргаби росабазул ракьазул гIорхъода.

[5] Килалъ ккола Бакълъул (Гумбет) мухъалда бугеб росу. XIX гIасруялда гьениб бан букIана щулияб хъала.

[6] Гьанжесеб Казбек мухъалъул ракь.

[7] Гьеб ккола гIурусаз 1830 соналда бараб хъала. Гьанже гьеб буго Закатала шагьаралъул тIасияб рахъ – авал.

[8] Гьев ккола гуржияв, жив гIурус армиялъул инарал-майорлъун вахъарав ва 1858-63 саназда Закатала округалъул гIурус аскаралъул цевехъан. Гьев чIвана ХIажи МуртазагIалица 1863 соналда Билкангун Закаталаялда гьоркьоб бугеб ЦIогьоркIацI абураб габурлъиялда ккараб рагъулъ. Вукъана Гуржистаналъул Гуржагьани мухъалъул Вежини росулъ. Гьеб росулъа гуржияв вукIиндал, гьесда бухьинабун буго ал-Вижин-Гуржи абураб нисба.

[9] Гьанжесеб Узбекистаналъул шагьарал.

instituteofhistory.ru

Цинги, гъазават гъабизе бакълъулазул гIалимзаби рахъана: ИчичIалиса Къади, Сиухъа Мусалав, Инхоса НурмухIамад. Гъездасан гIурусазе заралги ккечIо.

Хадуб, Жунгуталдаса АхIмадханил вас Ибрагьимхан лъугьана имамлъиялде къасд гьабун. Гьевги вукIана Хунздерил хIакимлъун хIалтIулев. Гьесул ишги ккезе кколеб бакIалда ккечIо. Цинги гьевги хъулухъалдаса вахъана, амма сибиралде витIичIо.

Хадур рахъана гьунар тIокIав гIалимчи Силдиса Сагитил МухIамадил васал, КъурамухIамад, ШапигI, ва гьел гурел цогидалги, ДенгамухIамад, Пирилав, ва Ункъракьалъул киналго росабазул, имамлъун вукIана Хушеталдаса Мицулил МухIамад. Гьез жидерго наиб КIаратIаса Гъазиясул ХIажиявги Гъоркь Хъварщинив чIвана. Гьезул боги, ГIачабатIа хъалаялда тIаде кIанцIизе мурадалда, тIиндадерил кьоде щвана. Цинги гIурусазул кумек щвана доб кьоде, кIудияв Къурелиса ЧIавчIавазгун[1] цадахъ. Гьес Ункъракьалъул боги гъурана, гьезул росаби Гьакъоги Цихалахъги хутIизегIан[2], пасат гьаруна. Гьеб кIиябго росдал хутIизегIан, киналго росабазул

[1] ЧIавчIавадзе Зурабил вас НикIалай (гурж. – НикIолоз Зурабисдзе ЧIавчIавадзе). Гьавуна 1830 соналда Къурели (Къварели) росулъ киназасул хъизаналда. 1847 соналдаса байбихьун вагъана Имаматалде гъорлъе унел рукIарал магIарулазде данде ва тIолабго жиндир рагъул гIумру тIамуна Дагъистаналда. 1866-1876 саназда – Бакъбаккул Дагъистаналъул рагъулав цевехъан. Турказулгун рагъ лъугIун хадув, 1878-1880 сс. – Дагъистаналъул рагъулав цевехъан. Хадуб гIуцIана хъулухъ – Дагъистан областалъул рагъулав инарал-губернатор ва 1880-96 сс. гьеб ккуна ЧIавчIавузазул НикIалайица. Хвана 1897 соналда ва вукъана жинцаго Къварели бараб килисаялда жанив. Гуржияз гьесда лъун букIана «КIудияв НикIо» абураб тIокIцIар.

[2] Гьединго Сасикь росуги хутIана, сибиралде щивниги чиги витIичIого. Сасикьдерилги гьенир гIахьаллъарал чагIи рукIанин бицуна. ХIатта Сасикьа Шайихиласул МухIамадил вас Зирайлав цо къокъадул цевехъанлъунцин вукIун вуго. ЧIвазе (яги сибир гьабизе) вачун унаго, Шураб щварав гьев тIадвуссинавула ЧIавчIавузил амруялдалъун. Гьеб букIана ХIажиясул кумекчи, мирза Сасикьа ГIисал Дибирица хIаракат бахъун ккараб иш. Дибирил чIужу Меседо кколаан Зирайласул яц.

агълуги сибиралде битІана. Гъел тІадруссун рачІана ТІадегІанав Аллагъасул кумекалдалъун.

Гъаздаса цере гъазаваталъ рахъун рукІана чачанал Байсунгъур, Гъазама, СултІанмурад, Атабай, Кунта-шайих. Гъездаса гІурусазе заралги щвана.

Цинги вахъана имамлъиги тІалаб гъабун, машгъурав, гъунар тІокІав бахІарчи, ГІарчоса (العرشي) Гъазияв. Гъесул ишги кколеб бакІалде ккечІо, гъевги сибиралде витІана.

Гъединго вахъана гІалимчи Кьохъа **(الطوخي)** Дибирчу ва ГІахьалчІиса ПатІиматил МухІаммад. Гъелги Сибиралде ритІана 1294 соналъ (15.01.1877 с. байбихьана). Хадур рахъана, имамлъиги тІалаб гъабун, Чарбилиса Ади (أَد الـچـربليّ) ва ГІуммахІажияв. БахІарчилъиялдалъунги гъайраталдалъунги, гІакълуялдалъунгиги, хІасабалдалъунги, насабалдалъунги машгъурав, ва гъединго гъунар тІокІав Зандакъалдаса ГІалибег-хІажиявги Чачан вилаятазул бахІарзалги. Гъез лъикІ гъазаватги гъабуна, гъездаса гІурусазе кІудияб заралги ккана.

Цоял хункарасул вилаяталде лъутана, цоял нижер вилаяталде, цоял Балх-Бухара вилаяталде лъутана. Дида рихьана нижер вилаяталде лъабго нухалъ рачІарал, ва щибаб нухалъ сибиралдеги ритІана. Гъединаб жоялдаса ТІадегІанав Аллагъас цІунагиха.

Гъодобериги МигІарсоги ккараб рагъда чІвана:

1. тІиндадерил бетІер, бахІарзазулги бетІер Денгал Сурхай,
2. Ангъидерил бетІер Маллачиласул Къадил вас Къуруш,
3. ва дир устар, кІудияв будун Шайхиласул ГІабдуллагьил вас Денга. Гъел кІиялгоги ккола Ангъидаса.
4. ГІащасезул бетІер Гъазиясул ХІажи-МухІамад,
5. гъесул вац Дибирасулав,
6. ва Акнадерил кІиявго бетІер Анжоласул Муса,
7. ва МухІамадил Тируч цевехъан ва гІалимчи,
8. ТІиссиса хІажи ГІалил Туралав
9. ва хъварщадерил бетІер Хъварщиса Нарашил ГІабдурахІман,
10. камилав чанахъан Кванкьадаса ГъазимухІамад,
11. мутагІил (тилмиз) Гиниялъа гъунар тІокІав Хархариласул вас МухІамад,

12. гIунар тIокIав гIалимчи Гиниялъа Зубайр,
13. ГутIалъа[1] хIажи ГьитIинав,
14. дозул Шайикь кIкIалалъул наиб хIажи Гъарал вас МухIамад. Гьевги гуржиязул добаса давла гьабун лъабкъоялда анцI азар гIиги, лъабнусго чуги, лъабнусго оцги ва лъабкъоялда анцIго чиги чIварав.

Гьединго чIвана камилаб гъалбацI, кверзул махщелги бугев, машгьурав маххул къебед, ва загьирав бахIарчи ТIиндиса Къамалъал вас Денга[2].

Сибиралде ритIараздасан рукIана гьунар тIокIав гIалимчи, камилав гIакъилчи, гучав бахIарчи ТIиндиса, ТIаса Кавулъа ГIисал Гъазиясул вас ХIажимухIамад, гьунар тIокIав гIалимчи Гьаквариса КъурамухIамад-дибир ва гьесул вас МухIамад, чIамалазул наиб Гьаквариса Каримил ХIажиясул вас Карим, машгьурав бахIарчи, багулазул наиб КIванадаса Басхан, ГIаличул МухIамадил [ясалъул] вас хIажи КъурамухIамад, тIиндадерил наиб, Махалъ Халил, гIахъвалазул бетIер Шагьав, гьезул къади хIажи Микъис ГIалил вас ХIусендибир. Цинги тIадруссун рачIана цIияв гIурус падишагь ГIалискандарил вас ГIалискандар вахъиндал. Гьев ГIалискандарги эмен чIван хадув цо гIурусазул чагIаца. Гьев ГIалискандарил (чIварасул) иш Аллагьасда лъикI лъала.

Ва гьаб заманалъ Рачабулдаялъул ракьалда рагъ ккана, ва гьенив чIвана Куралъул наиб Гъумекиса МухIамад, гIурусазда цевехун вукIадго. Гьев чIварав чиги вукIана Гьидалъа ТIидиса ЧIуриласул Дамада[3]. Цоцояз абула гьев гурев, цогияс чIванилан. Гьединги сибиралде ритIана тIокIав гIалимчи ХалихIмадилав ва Махол вас МухIамад, гьел кIиялгоги ГIу-

---

[1] ГутIалъ ккола ЦIунтIа мухъалъул Кидеро росдада аскIоб бугеб гьитIинаб росу.

[2] Гьединго 1294 соналъул рамазан моцIалъ МигIарсо гIурухъ шагьидлъана Сасикьа МухIамад ибн ЛъарагIав (ХIосен-апандил кIудада), МухIамад ибн ГIиса ибн МухIамад ибн Шайхилав, ГIамирхан ибн Исламбег ибн БацI.

[3] ТIехьалда (АтI-ТIинди) абун, мекъса хъван буго. Гьев Дамадаги хадув сибиралде витIун вукIана. Дора соналги ран, гIурус мацIги лъазабун, тIадвуссана. Гьев ккола ТIидиса Ибрагьим-халилил кIудияв эмен.

радаса, гIалимчи Баркалав-хIажияв, гIалимчи гьидерил наиб АхIматIхIажияв, гьел кIиялгоги МачIадаса, гIалимчи ТIидиса[1] ГIобочIилав, гIалимчи Гьентаса ГIукулав, ва гьунар тIокIав гIалимчи, Къаралазул наиб, Къарахъа, Гьунухъа машгьурав кIудияв гIалимчи ДибирхIажиясул вас ХIажияв, ва Кьенсералъул наиб ГIириса БагIармесед, балъхъадерил наиб Болъихъа Сулайман, ТIидиса Вугьарасул вас ХIажи, гьунар тIокIав гIабид Анцухъа Шагьав, анцухъезул наиб, гIалимчи ГIабдуллагьил МухIамад.

Цинги, Аль-хIамдулиЛЛАГЬ, рехсараб заманалда жидерго ватIаналде тIадруссун рачIана.

Доб заманалъ Сугъралъги, ТIелекьги, ЦIадахIариги рухIана, гьезул гIадамазул дагьал чагIи гурони хутIичIо, сибиралде ритIун, яги чIван.

ТIад руссун рачIараздаса ккола нижер гьобол, гьунар тIокIав гIалимчи, Сугъралъа ГIабдуразакъ. Доб заманаялъ чIвараздаса ккола бахIарзазул сайид Сугъралъа Хурш.

Сугъралъа тIокIав бахIарчи, гIакъилчи Пирил Лекъас бицана жидеда кIиясдаго (Хуршидаги жиндаги) лъачIила жидер росдал гIалимзабазул ккараб, Имаматалъул хIакъалъулъги капурзабазде данде гъазават гьабиялъулги мушаварат ахиралда гурони. Гьелги Сугъралъа тIокIав ГIабдулхIалим, доб заманалъул мударрис, гьунар тIокIав гIалимчи Амирил ГIумарил вас, гьунар тIокIав гIалимчи ГIабдулахIажи, супизабазул сайид, ГIабдурахIманхIажиясул вас МухIамадхIажи, ва гьезда релълъаралги.

Гьез гьел кIияздаго жидер иш бициндал, гьел кIиязго гьезда абуна: «Нижеда ккола нужер къуватги шавкатги гьечIин гьеб ишалъе», – ян. Цинги дозул цо-цояз абуна: «Нижеца нужеда абун букIана, гIурусазул харж кваналел чагIигун мушаварат гьабизе рекъоларо», – ян. Цинги ниж гьедана нижеца гьаб иш нужгун цадахъ гурони толароян. Щиб лъалеб, нуж метерисеб къоялъ цIулъизе бегьулин.

[1] ТIехьалда: ТIиндиса. ГъалатI.

Гьел кIияздаго ругънал лъун рукIинчIеб ани, ва бахIарчи Хурш хун вукIинчIебани доб ругънадалъун – гIурусазухъе Сугъралъ росуги кIиябго хъалаги щолароан.

Ва хасго, хIажи ГIалибегги жиндир гьалмагълъигун, сугъулдерил хияналъи лъайдал, гьениса лъутизе вукIинчIо мугьажирзабаздаги абун: «Нуж гIурус гIарцухъ ричизе руго», – ян. Гьединго, мугьажирзаби кквезе рукIичIо.

Ва машгьурав бахIарчи, гьунар тIокIав ТIелекьа МуртазагIалил вас Жаватхан чIвазеги вукIичIо.

Кьенсеразулги Къаралазулги наиб МухIамад, жинда Аллагь гурхIаяв Сугъралъа Хуршил вас, гIурусазухъе лъутизе вукIинчIо, ва гIурусалгун Дагъистаналъул бахIарзалги, милицаги рукIизе рукIинчIо.

Гьединго чIвараздаса ккола: ПатагIали хан. Бицен буго, гьев чIвайгун, бусурбабазул боязул хIал загIиплъанилан. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьесда, ва Алжаназул бакьулъе лъугьизеги гьавеги.

Гьеб заманалъ ГIанада[1] гIордаги Сунжа хъалаялдаги[2] гъанкъараздаса ккола:

1. Имам, Сугъралъа МухIамад-хIажияв,
2. дир гьудул ГIабдул-хIалим, шурухIазулги хIавашиязулги муссаннип.
3. ТIелекьа МуртазагIали,
4. ТIелекьа хIажи ХIамзат,
5. Баширханил вас Зубайрхан,
6. ва ГIабдулмажидхан, гьел кIиялго Гъумекиса,
7. ЦIулдаса ГIабдуллагь,
8. ЦIадахIариса НикIакъади,
9. АнсалтIаса ГIабас-паша,
10. ГьоцIалъа ГьитIинавас,
11. Къиялазул Зумси росулъа ГIумархIажияв, ва гь. ц. Сибиралде ритIараздасан ккола:

instituteofhistory.ru

[1] Гъуниб мухъалъул Ругъжаб росдал ракьалда бугеб бакIалъул цIар.

[2] Сунжхъала ккола гьанжесеб Грозный шагьаралъул бакIалда 1818 с. бан букIараб гIурусазул хъала.

1. Нижер вац, кIудияв гIалимчи МухIамад, ТIелекьа ХIамзатхIажил вац,
2. Гъази-Гъумекиса Баширханил вас ГIабдул-къадирхан,
3. Гъази-Гъумекиса Агъалар-ханасул васги
4. ва хьваназул, бежтIадерил наиб, СултIан-дибир, дир мутагIил, гIалимчи, БежтIаса Къебед-МухIамадил эмен.

Сугъралъ гучаб рагъ ккана. Гьезул росдада тIад букIана кIиго хъала, гьеб кIиялдаго жанир Дагъистаналъул бахIарзалги, мугьажирзабиги, Сугъралъа чагIиги шагьидлъана. Гьезул бищун гучаздасаги бахIарчилъиялъул рахъалъанги вукIана ТIелекьа Жаватхан.

Бицуна, гьев ругънадаса гIодов вортидал, гIурусазухъе кодов щванилан, ва гьесда цIеханила гIурусазул чIахIияз: «Дур хIажат щиб жо бугеб гьикъе, нижеца гьеб тIубала», – ян.

Гьес абуна: «Дие нужедаса щибниги жо хIажат гьечIо, дир хIажат буго ТIадегIанав Аллагьасда. Дие цохIоцо къваригIараб жо буго нужгун гъазават гьабизе», – ян.

Гьев, ТIадегIанав Аллагь гурхIаяв, цо рагIиялъецин цIулъичIо.

Ва гьединго Зумсуса гъанкъарав хIажи ГIумал васги. Бицен.

Гъазаналдаса салдатас бицуна, дол муридзабазул зикруялъул гьаракь рагIидал: зикруялъ гIурусал чIвалари-лан. Гьеб гьаракьги цохIого цо Жаватханил аскаралъул гьаракь бугилан:

Гьа бахIаразал, же бахIарзал, кьабе, кьвагье.

Гьединго цояс бицана, дол гIадин рагъулел чагIи рихь-ичIилан. ТIадегIанав Аллагь гурхIаги дозда. Амин.

Ва гьединго гучаб рагъ ккана ЦIадахIариб, Хъуппаб. Гьел кIияздасаго гIурусазе кIудияб заралги ккана.

Доб заманалъ падишагьлъун вукIана НикIалайил вас ГIалискандар, гьесул вацги вукIана сардар.

Шураб вугев инарал Туплисалдаса Меликов.

Болъихъ хъалаялда гиназ, инарал, Имаратиса Накашидзе. Сунжа хъалаялда гIурус Меликов, тIиндадерил наиблъун МелъелтIаса Якъубил вас МахIмуд, ЦIунтIадерил наиблъун Гиничукьа Дибир, ЧIамалазул наиблъун Сасикьа ГIисал Ди-

бир, Болъихъ наиблъун, Болъихъа ИмангIалил вас ИсмагIил, Куралъул наиб Гъумекиса МухIамад, Хунздерил наиб – ГIалихъилич, Гъогъолъ гьавурав, Хунзахъ чIарав, Кьурукь мухъалъул наиб КIаратIаса Тавуш-МухIамад. Гьидерил наиб – Кугьери, Къаралазулги Кьенсералъулги наиб Сугъралъа Хуршил вас МухIамад, ГIандалазул наиб – ЧIохъа ХIалималав, Ансадерил (Хьиндалазул) наиб – ХIоцоса МухIамад, Кьахъадерил (وعلى قُوخ) наиб – Хунзахъа Хъарагиши, Бакълъулазул наиб – ЧIикIаса Парзулав.

Доб заманалъ Сиухъ росулъ рагъ ккана, бакълъулазул дагьалго чагIи чIвана, цодагьал асирлъудеги ккана.

Нижер шайих ТIалхIатица, гьевги КъурбангIалил вас, гьевги Загъал вас, Загъалав абун живги машгьурав – бицана гIурусазул чIахIиял чагIаз, гьев Сугъралъа МухIамадхIажиясулги, гьесул наибзабазулги, Гъумекдерил ханзабазулги рагъда Дагъистан вилаяталда анкьазарго чи чIвана ва анцIила анкьазар чиги асир гьавуна.

Гьелдаса хадуб, гуржиязул росаби рагъарана рагъ гьабизе къасдалда, гIурусаз жидеда тIад лъураб харжги хъулухъги баччизе захIмалъун. Гьезул ишги цойиде ккечIо.

Гьединго къасд гьабун рагъарана Баку, Ганжа вилаяталги, гьел гурелги. Поляказул вилаятцин багъарана. Дагъисталъул милица ана Полшаялде, дозул бетIерги, гьединго цоцо чIагIиги хункарасухъе лъутана.

ГIурусаца Дагъистан бахъун хадуб Гъиргъиз, Хива, Туркмен вилаятал рахъана. Цинги 1296 соналъ (25.12.1878 с. байбихьана) Тикаб[1] (تِكَب) вилаят бахъизе къасд гьабуна. Гьелдасаги махIрумлъун, ракъун, свакан, чIван, гIемераб заралги лъугьун, тIадруссана. Цинги кIиабизеги рахъана, цо-цо бакIалги рахъана, гьениб хъалаги бана. Гьел рукIана кинабго бахъизе хIиллаялъе ургъулел. Хадур рукIинесел ишал Аллагьасда лъикI лъала.

[1] Ахал-теке ккола Туркменистанлъул тахшагьар бугеб вилаят. Гьеб кодоб босана гIурусаз 1881 соналда. Инарал Михаил Скобелевас гьужум гьабуна гьезул тахшагьар Геок-тепе хъалаялде, ва гьелдалъун мукIур гьабуна 90 азарго теке къавмалъул туркменас гIумру гьабулеб букIараб ракь.

Дир тилмизас бицана, Гуниса (الكُنّي) ХIасанбег жиндир гIагарав чи, гIалимчи АхIмад-мулла, Къажар-авалалъул къадиясухъ Яхсаялда рещтIун чIарав, жинда бихьанин хункарасул казияталда, гIурусал вацлъиялда ругилан ГIабдурахIман-хангун, гьесие сайгъаталги ритIун ругилан. ГIурусазул мурад бугелъул, гьелдалъун ингилисазухъги хункарасухъги бугеб Гьиндустаналде нух рагьи. ГIабдурахIман-ханил вилаятги[1] Тикаб вилаяталда нахъа бугелъул, хункарасул ракьалдасан гIурусазе нухги гьечIелъул, гIурусалги гьел гурелги ингилисаздаги парангаздаги ралъдахъан рачIунаро. Ва гьединго хункарги, ингилисги, парангаги цо пикруялда руго. ГIурусалги, къажаралги, лемсалги дир заманалъ цо пикруялда руго[2].

Дир заманлъ цониги падишагьасул хIал кIвечIо гIурусазда. Кин бугониги, хункар ГIабдулмажидица гьел къагьру гьаруна, СавастIуп[3] хъалаги бахъана, Хъирим вилаятги бахъана. Абула, гьеб сабаблъун дозул падишагь, загьруги гьекъон хванилан. Хункарасадаги гIурусаздаги гьоркьоб рекъел ккана гIурус падишагьасул чIужуялъул гьариялда рекъон. Хункарас гIурусазда миллионал тIад лъуна. Дир заманалда гьебги тIубачIо.

КIиябго рахъалда гьоркьоб бугеб къотIи букIана мугьажирзабазеги, гьенир рещтIине рачIунезеги нух рагьизе. Гъелдалъун хункарасул ракьалда мугьажирзабиги цIикIкIана.

Мугьажирзабазул иш къотIана Хъарс хъала бахъигун.

---

[1] ГIабдурахIман (1844-1901) ккола Апгъанистаналъул 1880-1901 саназда вукIарав хан.

[2] ТIанчил рагIалда Халилца тIаде жубан буго: «Хатай-хутан خَتَيْ) (خُتَنْ вилаят жибго жиндаги чIараб буго дир заманалъ. Цониги падишагьасул хIал кIвечIо гьесул вилаяталда, я къагьру-хIал гьабун, я рекъел гьабун. Бицуна гьез жидер вилаяталда лъугьине щивниги чи толарин. Вилаятазул хIакимзабазда гьоркьоб щибниги жо ккани, цо чи лъугьизе гьавула жаниве, гьурмада чIортоги бухьун, гьелда жидер вилаяталъул щибниги жо бихьулареб куцалъ. Гьезул вилаяталъул цояб рахъалда ралъад буго, цогидалда сангар буго, Дербенталъул сангар гIадинаб. Гьединго абула, гьезул падишагь бусурманав вугилан, гьезул вилаятазда бусурбабиги капурзабиги ругилан».

[3] ГIурус. – «Севастополь».

# Шамилил гьунар тIокIав вас ГъазимухIамад КIаралазул[1] наиблъун теялъул хабар, Шамил хун хадуб Имамлъун вукIинеян абун[2]

ТIадегIанав Аллагьасул гъалбацI Турач хведал, гIалимзабазги чIахIиял чагIазги гьабуна КIаратIа наиблъун Шамилил вас ГъазимухIамад тезе. Гьевги вукIана анцIила микьабилеб соналда жанив вугев чи. ГIалимзабазги тIарикъаталъул агьлуялъги истихара гьабизе амру гьабуна, гьезда гьеб иш лъикIаблъун бихьана. Гьединлъидал гьенив цо мударисасдаса хадув цогиявгун цадахъ тана, бищун лъикIаб тадбиралдалъунги, сверелалдалъунги, хIелмуялдалъунги, хIурматалдалъунги гIурусалги регьун, Дагъистан пасалъизегIан. Я Аллагь, дуца гьевги гьелги жал ритIун ккараздаса, рохараздаса гьаре, чIорого хутIараздаса, гьалаглъараздаса, жал гуккун ккараздаса гьаруге. Амин.

Гьаб 1299 соналъул (22.11.1881 с. байбихьана) ахиралда цIва баккана, бакъ тIерхьунеб рахъалдехун жиндир рачIги бугеб[3].

Цинги, гIурусаз байбихьана Дагъистаналъул ракьалда ругел хъулби чIунтизаризе, гьездаса ккола Ишкатали хъала.

---

[1] Хъван буго – ﭽﻮﺭ, ай «кIуразул».

[2] ТIанчил рагIалда Халилца тIаде жубан буго: «Цинги имам Шамилил вас гьунар тIокIав парукъ паша ГъазимухIамад, хвана. Гьев хвеялъул хабарги нижехъе щвана Аллагьасул баракат бугеб рамазан моцIалъул ахиралда 1320 соналъ. Нижеца гьесдасан какги бана, гьесул къадруялда рекъараб жоги гьабуна. Я Аллагь, дуца гьевги гьесул наслуги Алжаналде ккезе гьареги, инсалъулги жиналъуги сайидасул хIурматалъе гIоло. Амин».

[3] ТIанчил рагIалда Халилца тIаде жубан буго: «Гьединго цIва баккана Сиин мегIералъул рахъалъан, Акъикъи магIарда аскIосан. Гьелъул нур нижер рахъалдасан гIажаибаб куцалъ цодагьаб канлъигун сун ана 1300 соналъ. Гьебги дир вас МухIамадил чIужу хвараб сон, гьейги йикIана гьоркьохъей ПатIимат, гьейги Гъазиясул МухIамадил яс, ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьел кIияздаго. Амин».

Дида дир заманалъ ккарабщинаб жо хъван бажаруларо. Кин бугониги дица гIажаиблъун, лъалареблъун бихьараб жо хъвана, дида божи бугев чияс бицараб, яги божи бугесул кверalъ хъван батараб, гIакълу бугел чIагIазе гIибратлъун, дарс босулезе вагIзалъунги букIине.

## Сибиралдаса тIадруссаразул хабар

Шураб хъалаялдаса кIиго къоялъ рилълъун ана Анжи ралъдаде щвезегIан. Анжи ралъдадаса кIиго сордо-къоялъ ана. Идилалъул[1] лъедасан анкьго къоялъ ана. Цинги Саратоваялде щведал, гьелъул цо шагьаралда бурж бихьана, жинда тIасан бугеб рокъосан, ва гьениб анлъабилеб рокъосан ханжу бецIцIулеб букIана. Гьаб буго гьезул вилаяталда ругел гIаламазул тIоцебесеб гIаламат.

Цинги машинаялда, ай цIадул гьокоялда ([illegible]) ана кIиго сордо-къоялъ, цинги щвана Данбовски губерниялде[2]. Гьеб губерниялдасан ун, Арлависки губерниялде[3] щвана. Ва гьенив анцIго къо бахъана. Хадуб Елецк шагьаралде[4] витIана. Цинги, цо кIудияб борохь бихьана хьихьунеб, гьелъул халалъи ункъо натIгIанасеб букIана, ва гажалги (أنياب) катил гIанасел рукIана. Гьединго инсанасул сурат бихьана, инсанас гIадин къали кьабулеб. Гьединго лъукъарал чагIазул, бусурбабазулги капурзабазулги суратал рихьана. Ва гьелдасанги гIажаибаб жо букIана хункарасул сурат чIагояв чиясул гIадин, биги бецIцIулеб, хIохьелги цIалеб. СубхIанаЛЛАгь, щибаб жоялъе сабаб гьабурав!

instituteofhistory.ru

---

[1] Идил – Волга гIор.

[2] ГIурус империялъул вилаят «Тамбовская губерния».

[3] ГIурус империялъул вилаят «Орловская губерния».

[4] Гьеб буго гIурус мацIалдаго «Елецкий город» абун рагIун цадахъго хъвараб цIар. XIX гIасруялда гьеб букIана Орловская гурбениялъул 12 шагьараздаса цояб, 1897с. 47 азарго чияс гIумру гьабулеб.

## Иххазги лъецаги Шайикь, Гениялъ, Акнада гIадинал ва гь.ц. росабиги кьоялги хвезе гьариялъул хIакъалъулъ

Гьел ихаз хвезе гьарурал гьабалги, кьоялги, мугIрулги, хурзалги, рохьалги, гIиги, гьел гурелги – гьеб хIисаб гьабизе, рикIкIине бажарулареб жо буго. Гьединлъидал нижер гIоралда цониги кьо хутIичIо, цохIого цо ГIачабатIа бугеб гIурусазул кьо гурони. Гьидерил гIоралдаги Гьалкьазул кьо гурони хутIичIо. Гьаб 1292 соналъ (7.02.1875 с. байбихьана) ЛъарагI ракьалда гIиязде, гIачиязде, чуязде балагь рещтIана, хIатта вехь тIадвуссана цониги гIиялъажо цадахъ гьечIого.

Гьебго соналъ хвана Ангъидаса гьунар тIокIав хIажияв ХIасан, КъурамухIамадил вас, хIажияв МухIамад, ГIисалъил вас, МуртазагIалиги, Жарбайил вас хIежалъул сапаралда. Дида нижер росулъ гьел рехсарал чагIи гурони хIажизаби рагIичIо. Цо-цояз абизе бегьула гьев Ангъидаса Баданлъисул Гъазиясул гIагараздаса кколилан. Гьевги вукIана жинда хадуб букIинесеб жоялъул ишазул махI лъалев чи. Гьес ТIадегIанав Аллагьасул рокъове (хIежалде) ине къасд гьабуна, гьединлъидал жамагIаталъ абуна: «Нижее мун нижедаса ватIалъизе бокьун гьечIо. Нижеца дуе бокьараб жоги гьабила, мун нижгун цадахъ чIа, нижеца дудасан баракатги тIалаб гьабула», – ян.

Гьес гьезул гьари къабул гьабичIо ва къватIиве вахъана. Росдал рагIалде щведал гьев вилун ана, дозда гьевги вихьичIо.

## ЛъарагIлъиялъул рахъалъан, хIежалде ине бокьаразе хабар

Яхси шагьаралдаса, гьанже жинда Ташкичуян абулеб (51), Истамбулалде, гьунар тIокIав хункарасул шагьаралде, ТIадегIанав Аллагьас жиб балагьалдаса жакъалъизегIан цIунун бугеб гIадин цIунаяб микьго къойил нух буго цIадул гьакида ва цIадул гамида рекIун. Гьел къояз сапаралда вугев чи лъабго туманалде хIажалъула. Гьениса жиб кIодо гьабураб Маккаялде анцIила

щуго къойил нух буго гьединго рекIун. Ва гьел къояз сапаралда вугев чи хIажалъулаункъо туманалде. БатIалъи гьечIо гIарцул, (хIежладе) унеб сапар букIа, тIадвуссунеб сапар букIа.

Гьебги лъугьана 1298 соналъ (3.12.1880 с. байбихьана), Яхсиса хIажичияс бицун.

Я нижер БетIергьан Аллагь, дуца нижее ризкъилъун кье нижер Сайидил, Аварагасул, ШапигIил (ШапагIат гьабулев), ХIабибил, Мавлаясул, МухIамадил – Жинда ТIадегIанав Аллагьас салат салам лъеясул, хабада зияратги гьабизе, гьединго жиб кIодо гьабураб Маккаялдеги зияраталги гьаризе, хIежги гIумраги – кIиябго камилаб къабул гьабураблъунги гьабизе. Амин.

## Ангъидаса Денгал ГIиса, Ал-Ашали, Ал-ХIантIабали

(الاشلي الحنطبلي) Гьев катиб Халилил мугIасирасул (цо заманалъ – гIасруялъ вугев) хабар, живги сибиралде ккарав, ТIадегIанав Аллагьас къадар хъваялдалъун, 1290 соналда (байбихьана 28.02.1873 с.). Гьев Тоболски губерниялде щвана, гьениб кIиго сордоги бана, цинги хаду гьенисан лъутана. Лъабго моцIалъ цIогьор хIисабалда вукIана гIурусазул кIудияв ГIалискандар, НикIалайил васасул ракьазда. Цинги хадув вилаяталда[1].

Залимзабазул зулмуялдасаги, пасикъ чагIазул макруялдасаги.

ГIурусазул падишагь НикIалайица чIужу ячана 1894 соналъул ноябрь моцIалъ, ва нижехъе хIакимзабазул амруги, гIакъилав Болъихъа ИмангIалил вас наиб ИсмагIилил вас наиб ИмангIалил[2] кагъатги бачIана. Гьел кIиязего баракат лъейиланги, сахлъи кьейиланги дугIа гьабеян, абун. Я БетIергьан Аллагь, Дуца гьел кIиязулго рекIелъе рехе бусурбабазе

[1] Гьаб кIигоялда [] жаниб бачараб жоялда тIад хIуччал цIан руго, лъаларо гьел муаллипас цIаралищ, яги хадусев бетIергьанасищ. Ва гьединго, гьалдаса хадуб тIехьалдаса тIамач яги тIанчал камун руго, (5I b) абилеб гьумералда бачIулеб жо тIубан батIияб буго.

[2] «Наиб ИмангIали ибн наиб ИсмагIил ибн гIакъилав ИмангIали».

лъикIлъиги гIатIилъиги гъаби. Мунги Дуе бокьарабщинаб гъабулев вуго халкъалъул Халикъги вуго гурхIулезулги бищун цIикIкIун гурхIулев вуго, нижеда мун гурхIа.

Гъеб соналъ гIурусазда гъоркьоб рагъул хIаракат букIана. Балъгояб жо. ТIадегIанав Аллагьасда гурони лъаларо, ва нижедаги лъаларо, гьесул къасд кинав падишагьасда бугеб, хункарасдайищ яги ингилисасдайищ, парангаздайищ яги гьел гурездайищ бугеб.

Нижеда ккола, падишагьги хун, цоги падишагь лъеялдалъун рагъ букIинарилан.

Шайих Шамил Дагъистаналдаса ун хадуб, бусурбабазе рагъ гьабиялдалъун пайда ккечIо. Шамилица Дагъистаналъул агьлуялъе гьарурал мунпагIатал жал рикIкIун, нижер хIал кIоларо. Я БетIергьан Аллагь, Дуца гьезул мунагьал чуре. Мун гьезда, ай, Шамилидаги гьесул агьлу хъизаналдаги гурхIа, ва Дуца гьезие Алжаналъул тIогь ризкъилъунги кье. Амин.

Жакъа къоялъ (ай гьанже абураб магIнаялда) Имамасул вас ГъазимухIамад жиб хира гьабураб Мадинаялда вуго, кIудияб хIурматалда, гIемераб харжги чIезабун. Нилъер хIажизабазе гьесдаса кIудияб пайдаги буго.

Имамасул вас МухIамадшапигI ГIурус падишагьасда аскIов вуго кIудияб къадруялда, гIемераб харжги чIезабун.

Гьединго нижеда рагIана, МухIамадшапигIил вас вугилан жиндирго вац ГъазимухIамадида аскIов гIелму цIалулев.

Гьединго рагIана ГъазимухIамадил цо ясги йигилан. Гьейги, жиб хира гьабураб Мадинаялъул пашаясе лъадилъун кьунилан. Я БетIергьан Аллагь, Дуца гьезие, гьезул ишазе баракат лъезе гьабе кIиябго рокъоб, Жиналъулги Инсалъулги Сайидасул хIакъалъе (ай Аварагасе) гIоло. Амин, я дугIа къабул гьабулев (Мужиба ДдагIават يا مجيبالدعوات).

Гьаб заманалъ гIурусазул хIакимзабаз Дагъистаналъул хIажизаби ТIадегIанав Аллагьасул рокъоб (хIежалде) ине толел гьечIо. Нижеда лъаларо гьезда щиб ракIалда бугеб. Агь, вай, Я гьал бусурбаби ва муъминзаби.

## Гьаб буго Дербент-хъалаялъул рагъазул хIакъалъулъ гIажаибаб хабар[1].

Гьелдаса хадуб гIемерал рагъал ккана. Дица гьел рагъазул хIакъалъулъ хабар тIубанго хъвачIо, гьезда жанир гIемер гъалатIал рукIиналъ Дербент шагьаралъул ишазул таварихазул тIехьалда.

## Гьаб буго Дагъистаналъул агьлуялъул цо-цо ашрапазул хIакъалъулъ хабар.

Генусев имам ГъазимухIамад вахъиналде цебе заманалда цо султIан вукIана Хунзахъ, жинда СултIан-АхIмадилан абулев. Гьеб мехалда ХIажимухIамадида[2] цо гьобол рещтIана. Гьесдаги хунздерил нуцабазул чиясдаги, жинда Хъарагишил Гьимат абун абулев, гьоркьоб цо иш сабаблъул дагIба-хъуй ккана. Хъарагишил Гьиматица гьоболасул гьурмада хъат кьабуна. Хабар ХIажимурадиде щведал гьесда (Хъарагишил Гьиматида) ццинбахъун, къватIиве вахъана. Гьиматида ХIажимурад вихьидал гьев султIанасул рокъове лъутана. Гьев Гьиматги султIаница сапар бухьидал, гьесул вакиллъун вукIунаан. Гьев султIанида абуна: «Мун щай лъутарав», – ян. Гьиматица абуна: «ХIажимурад дун чIвазе къасдалда вуго», – ян. Гьединлъидал султIаница гьев ХIажимурад туснахъ гьавуна, цинги гIемер заман бачIого, нахъе виччана.

Цинги, гьунар тIокIав Ахбердил МухIамад Имамасухъе лъутана, дов султIаница, муридзабазда релълъун гьев хьвадиялъе гIоло, гьев кквезе къасд гьабидал. Ахбердил МухIамад вачIана нижер шайих Загъаласухъе, гьев Загъаласул гьалмагъгун цадахъ гIелму цIализе.

---

[1] Гьаниб (5I b -57 a – 54 абилеб тIамач рехсон гьечIо) бачIунеб буго доб Дербент-намаялда релълъараб маргьабазда гIагараб гIадинаб хабар. Гьеб машгьураб, гIемер таржама гьабураб букIиналдалъун жибго тана.

[2] Гьадин буго тIехьалда, амма битIун: ХIажимурад абун буго. Дагьаб хадугIанги муаллипас гьедин хъванги букIун, тIад хIучги цIан ХIажимурад абун битIизабун буго.

Цо хуштадисев лъутана, жинда ПирмухIамад абун абулев, жиндирго эбелалъул вацги чIван. Гьев вукIана нижер шайихасул, ТIадегIанав Аллагьасул Валиясул, Хуштадаса НурмухIамад ХIажиясул эмен. Абула, гьес гьев, наиб ГIумар, Басханил вас КIванадиясул хIиллаялдалъунги амруялдалъунги чIванилан. Цинги гьев вачIана Хунз вилаяталде, ва Ахбердида, цеве рехсарав МухIамадил инсуда гьобол хIисабалда рещтIана. Амма гьес гьев къабул гьавичIо ва гIилла бачана, жив султIанасухъаги гIурусазухъаги хIинкъулилан, жиндир вас МухIамад имам Шамилихъе лъутиялъе гIоло. Ва гьес гьев ХIажимурадихъе витIана, гьесги гьев къабул гьавуна.

Цинги жиндир хIалги баян гьабуна ва гьесдасан напакъаги тIалаб гьабуна, ай гьесдасан жиндие напакъаялъе сабаб тIалаб гьабуна. Ва анкьгогIанасеб моцIалъ лебалав тIалиблъунги вукIана. Хадуб ХIажимурадица гьев ПирмухIамад витIана султIанасул вакил Харагишил Гьиматихъе, къадиясухъа жиндиего напакъа тIалаб гьабун. Гьиматица гьесие напакъаялъе кумек гьабуна, ва Авар вилаяталъул къадиясги гьесул ишги къабул гьабуна, напакъаги кьуна.

Ахбердил МухIамад имам Шамилго гIадин Чачаналъ вукIана. Гьес гIемераб гъазаватги гьабуна, шагьаралги росабиги рахъана ва имамлъиялъул даражаялде гIагарлъана. Цинги, Къиялазул вилаяталда къватIи вахъиндал, гьев чIвана. Аллагьасул нагIана лъеги гьев чIварасдаги гьелъие мушаварат гьабураздаги.

Цинги, ХIажимурадил гIагарав чияс щула гьабун чалма бухьана, рамазан моцIалъ султIанасулги гIурусазулги рахъалъан, дов ТIалтIа цIаларал чагIазул рахъалдехун щвезе гьабун (بإيصاله إلى طرف قرّاء طَلْد), ва гьесул бетIерги цIакъ кутакалда бухьизе, гьесул берал къватIир кIанцIулел куцалъ. Ва гьесул ботIроде лъимги тIуна, хасало.

Гьеб ишалдалъун капурзабазул къасд ккана ХIажимурад сибиралде витIизе, гьединлъидал гьев нухдасан лъутана, ва имам Шамилихъе щвана. Имамас гьев Хунздерил рахъалдехун витIана, гьесул хIал бихьизе, гьесдаги абуна: «Дуда тIадаб буго дур иш загьир гьабизе», – ян.

Гьединлъидал гьес цIакъ гъазават гьабуна. Цинги, ТIехIаб[1] абулеб бакIалда, ай балъхъалдерида наиблъун тIамуна.

Гьесул цIар бахIарчилъиялдалъунги гъазаваталдалъунги машгьурлъана. Цинги гьев Имамасда рукIараз гьев Имамасда аскIор мацI гьабиялдалъун гIурусазухъе лъутана. Дагьаб заман ун хадуб гьесдаги гIурусазул кIудиясдаги гьоркьоб дагIба-хъуй ккана. Гьединлъидал гьев ХIажимурадица гьев кIудияв чIвана, ва живгоги Дагъистаналдехун валагьун лъутана. ЧIаралъулги капурзабазулги бо гьесда цебе ккана. Гьев капурзабазул вилаяталъул рахъалдехун тIадвуссана. Цинги доз гьевги гьеб бакIалда чIвана, гучаб гъазават рагъ гьабун хадуб. Ва гьевгун цадахъ рукIана щугогIанасев хунздерил муридзаби. Ва гьезул цояв гурони тIадвуссинчIо.

ХIажимурадилги, Ахбердил МухIамадилги хIакъалъулъ харбал рикIкIинеги мухIкан гьаризеги хIал кIоларо. Гьединлъидал ТIадегIанав Аллагьас гьел кIиязего лъикIаб жаза гьабеги. Амин.

Цинги хаду, ИсмагIил, имамас чIварав Болъихъа ИмангIалил вас лъутана. Гьев ИсмагIил ккола нижер наиб Болъихъа ИмангIалил эмен, ТIадегIанав Аллагь жинда гурхIаяв. Гьединлъидал ИсмагIил хъизаналде кIудияб къварилъи ккана. Цинги жиндирго ватIаналде тIадвуссана, ва хадуб гьесул иш къойидаса къойиде эхеде борхана, гьев гьезул бодулъ наиблъун вахъана. Цинги, херлъун хадув гьев хвана. Ва гьезда тIад наиблъун ГIараш тана. Гьев ГIарашги ГIандиса наиб Гирайил вас. Гьев ГIарашидаги нижер наиб ИмангIалидаги гьоркьоб хIусуд ккана, ва гьелдалъун ИмангIалил гIагарлъиялъе гIемераб заралги ккана. ТIадегIанав Аллагьас цIунаги нилъ кIудиязул макруялдасаги, тIад тарал чагIазул хIилаялдаса.

ХIоцоса Доногъонол МухIамад вукIана гIалимчиги, гIакъилчиги, бахIарчиги. Гьевги вукIана имам Шамилил заманалъги, ва гIурусазул заманалъги наиблъун. Гьесул букIана ункъо лъимер.

[1] ТIехIнуцал абулаан Болъихъ мухъалъул ГIандигIорул жаниблъиялда ругел росабазда.

**ГІабдулатІип**, лебалав гІалимчи, гьевги гъурбаталда, гІурусазул вилаяталда хвана. Гьев сибиралде витІана эбелинсулги гІурусазул хІакимзабазулги изну гьечІого хІежалда иналъе гІоло. Цинги жиндирго ватІаналда тІадвуссидал, сибиралда витІана.

**Нажмудин**, гьунар тІокІав гІалимчи. Гьев гьанже Хьиндалазда, ай Херехьдерида наиблъун вуго.

Ва, кІиго ясги. Гьел кІиялгоги лъарагІ вилаяталда нуцабазул лъималазе лъудбилъун кьун руго.

Гьезул гІелмуялъулги, боцІи-малалъулги, гІакълуги ва бахІарчилъиялъулги рахъалъан лъикІал жалги сипаталги рикІкІун хІал кІоларо.

ГІабдулатІипил лъимазулгІи боцІи буго, гьелда анцІго гІанасев вехь вукІунеб.

Нажмуддинилги гьединго буго.

Дол кІиялго ясазулги гІемераб гІи буго. Нажмуддинил гІи ана дир заманалъ БежтІа ва Кьадал[1] магІарде.

Дида гьесул цо вехьас бицана, Нажмудинил лъабазарго гІи бугилан, ва анцІго чи вехьги вугилан. Гьезул щивасе лъагІалил харж лъабго туманги лъабго гъурущги бугилан. Гьел гІухьбузул тІалаб-агъаз гьабулесеги анцІила кІиго туман. Гьес къоло щуго туман кьуна [58], гьеб кІиябго мегІералъухъ.

ГІурусаз гьев, ай Доногъонол МухІамад ккуна давлаялъе (гъанимаялъе), лъарагІлъиялде араб мехалъ. Цинги, Хъарагишил Гьиматидаги Аваристаналъул наиб – ГІалихъиличидаги аскІов чІана. Доногъонол МухІамадил дол кІиязулго гІияде гІагараб гІиги буго.

ГІалихъиличил вас ГІабдулмажидги вуго Хунздерил наиблъун.

ХІажимурадилги лъимал руго:

Апицар **ГІабдулкъадир**, Чачан вилаяталъул Гехи вилаяталда чІварав. Гьесие гІурусазул рахъалъан харжги буго.

**Гулла**, гьединго гьесиеги гІурусазул рахъалъан харжги буго.

---

[1] БежтІа мухъалъул кІудиял магІарул росаби.

**ХIажимурад**, гьев падишагьасда аскIов хъулухъалда вуго.

Я дир, Аллагь, дуца гьел рохарал хвасарлъараздаса гьаре. Я Аллагь. Амин.

ЦIияб хабар.

Дида бицана божи бугев чияс, жинда дир бацIадасев мутагIил ватанилан, гьевги баракат бугеб шагьаралда Хьиндалазул Генуса имам Шамилил васасда аскIов гьижра гьабун вукIарав, гьевги ккола Шамилил вас Парукъ-паша ГъазимухIамад. Гьебги ккола баракат бугеб Макка шагьар. Гьесги абуна: жив пашаясул амруялъул даражаялдаса гIодов рещтIанин, жив аскаралда къватIи вахъизе шартIалдалъун, Паши (?) абун цIар бугеб имаматалда (?) وقال: إنه نزل من منزلة أمر الفاشي بشرط خروجه في الجيش على إمامة مسماة بفاشي لو وقع القتال. досдаги (хункар) ва цогидал падишагьаздаги гьоркьоб рагъ ккани.

Гьесие гIемераб харжги буго, рикIкIун хIисаб гьабулареб куцалъ.

Ункъо капурав падишагьас къасд гьабулеб буго хункарасда данде рагъ базейилан. Лемсиялъул[1] живгоги жиндир вилаятги бусурман гьабизейилан къасд гьабун буго. Гьес хункарасда абуна: «Дица парангазулги ингилисазулги боязде рагъ бала, ва гьел кIиязего дун гIела, дуца хутIарал кIияздагоги рагъ бай», – ян.

Аби буго, гьеб иш кканилан, хункарас жиндир дора ругел капурзабазул наслу тIагIинабизе къасд гьабиялъ. Амма гьеб ишги тIубан ккечIо, капурзабазул боялги, рагъги питнаги гьабичIого, рекъелалдалъун тIадруссана. Кин бугониги абула, гIурусазул падишагьас киналго падишагьазул рахъалъан кагътал хIалтIизаризе гьукъанилан. ВаЛлагьу агIламу, дол хIалтIизариялдалъун бугеб гIемераб питнаги, чIухIиги, вилаятал рахъиги, рагъал ккейги сабаблъун. Гьединлъидал ТIадегIанав Аллагьас нилъ цIунаги гьезул макруялдасаги, гуккиялдасаги, зулмуялдасаги. Амин, я Мужиба ДагIават (ДугIабазе жинца жаваб гьабулев)! Ва гьаб заманги, 1313 сон (байбихьана 23.06.1895 с.).

---

[1] Лемсия – Германия.

# Доба лъугьараб цIияб хабар.

Дида дир мутагIил ТIиндиса Инкачил вас МухIамадица бицана, жив ун вукIанилан Футуналде (فتون), ва гьенив жинда кIудияв, бечедав, машгьурав купец ватанила. Живги (МухIамад) ункъо соналъ досул хъаравуллъун вукIанилан. Гьесухъаги цогиязухъаги жиндие лъебергогIанасеб туман щванилан. Гьеб шагьарги пиринчIалъул магIдан букIанила. ГIурусаз гьелда тIад кверщел гьабурабго, Хъарс бахъулеб заманалъ – цоцояз абухъе, анцIила лъабабилеб нухалъ, гьеб бахъилалде цебе баракат бугеб шагьар букIана. Бахъун хадуб баракат тIаса ана, гIурусаз пиринчI хIалтIизабизеги гьукъана, гьелдасан гIемераб унти бугилан абун. Хъарсалда аскIоб шагьар букIана, ва гьениб хункарасул аскарги букIана. Аскар рузманалде мажгиталъубе араб мехалъ, Ирбин (أهل إِرْبِـنْ Армян) агьлуялъ гьелда тункIал речIчIана, ва дозда щвезеги гьабуна. Цинги гьел мажгиталдаса къватIире рачIун хадуб, турказ гьел цониги чи хутIичIого, цо лъимерцин течIого чIвана.

Цинги, хункарас къасд гьабуна жиндир вилаяталда ругел капурзаби чIвазе, гьединлъидал хункарасдаги гIурус падишагьасдаги гьоркьоб дагIбаги хилиплъиги ккана. Гьелдаса хадуб, ункъо падишагьас къасд гьабуна хункарасдехун рагъ гьабизе. Амма гьезул ишги гьезие бокьухъе ккечIо, ва гьелги рекъелалдалъун тIадруссана.

Гьаб соналъ Куркулазул (عجم .كُرْكُل) бо цIикIкIана. Ва гьединги цIикIкIана имам Шамилица Гуржи бахъулеб мехалъги.

Дида дир тилмизас бицана, ГъазимухIамад, парукъ-паша, жиндирго бугеб хъулухъалдаса гIодов чIанин, киналго Шави (Шавиш?) ялда. (نزل عن خدمته على اسم الفاشا على كل الشاوي), дозул бугеб ахIвал-хIалалдеги, низамалдаги балагьун, гIемераб харжги гьесие чIезабун, ва шартIги лъун, нагагь хункарасдаги цоги падишагьасдаги гьоркьоб рагъ ккани бодулъ вахъине.

Гьеб 1313 абилеб соналъ (23.06.1895 с. байбихьана). ТIиндиса КIудияв БулатгIалил вас Денгал вас БулатгIали тIадегIанав Аллагьасул хIежалде ана, гьал хадур чагIигун

цадахъ. Кукал ( مسجد ككل ؟) мажгиталъул будун Валил Гъазияв, Имачул ГIали (إِمَشُلْ علي), ТIиндиса хIажияв Атиласул ГIалихIажияв, ТIиндиса ШубатулгIалил МухIамад, ТIиндиса ГIалимухIамадил МухIаммад. Аллагьасул вали – хIажияв, ХIажиясул НурмухIамад ва Сиражуддин. Гьел кIиялгоги нижер Инхоса гьалбадерил чагIаздасан ккола. Нижер гьудул, гIалимчи КIаратIаса Хирияв, нижер тилмиз, Болъихъа ХIажимухIамад ва гьунар тIокIав кIиявго тилмиз: ГIахьвахъа жал кколел МухIамад-дибир ва ГьитIинав МухIамад-дибир. Гьел кIиялгоги ккола нижер гьудул, гIалимчи ГIахьвахъа МухIамадгIалил ГьитIинасул льимал.

Гьез хIежги гIумраги тIубазабуна, ва жалгоги цеве рехсарав ГъазимухIамадида аскIоре щвана. Гьесги гьесул ясалъул[1] росасги, хирияб Мадинаялъул пашаяс, киналго Дагъистаналъул хIажизабазе гьоболлъиги гьабуна, ва кIиясго кIинусгогIанасев Дагъистаналъул мискинав хIажиясе гIарацги (فضّة) кьуна. Гьесул бугеб харжалъулги, хIурматалъулги ва къадрукъиматалъулги хIисаб-рикъи кIенго гьечIо.

instituteofhistory.ru

Дун вукIана лъебергогIанасеб соналъ ТIинди росулъ къадилъунги, наибзабазул хъвадарухъан (محرر النواب ومرزاهم) мирзалъунги, ва диванбеглъунги.

Доб заманалъ лъицаниги гьабичIо гьунар тIокIав, цеве рехсарав, хIажияв БулатгIалица гьабурабгIанасеб жо. Гьес гьунар тIокIав нижер шайих Хуштадаса ПирмухIамад хIажиясул[2] гIакълуялдалъунги пикруялдалъунги жиндирго милкалъул лъабил бутIа лъикIал ишазул нухда гьабуна. Гьеб лъабил бутIаги нусиялда кIикъоялда анцIго туманалдасаги

[1] Гьелда цIар Аминат-Написат буго. Гьаюна 1873 соналъ Истанбулалда. Гьелъул эбел ЧIохъа Давудиласул ХIабибат йикIана. Росасе кьуна 1888 соналъ 15 сон барай яс. Гьелъул рос, аслу черкесав, Мадинаялъул губернатор, Шхали ГIусман Фарид-паша ккола, гьелдаса 30 соналъ кIудияв. Гьей хвана 1950 соналъул 2 абилеб ноябралъ Истанбулалда.

[2] Хуштадаса ХIажиясул ПирмухIамад гьавуна 1240 соналъ. В. Бобровниковас гьев хвараб заман 1911-12 абилеб, ай 1329-30 сон бихьизабулеб буго. Гьесул кагъат (нусха) буго Шубут ва Чачан агьлуялъухъе хъвараб, гьижра гьабугейилан абун.

цIикIкIана. Гьесул вуго кIиго васги, цо ясги, чIужуги. Гьей ясги йикIана дир хирияв васасул макъамалда вугев, лебалав гIалимчи Гьабол чIужулъун. Гьабоги ккола тIиндадерил къади АсхIабил вацасул вас. Гьев АсхIабги ккола тIиндадерил бегавул ва шагьид Сурхайил васлъун.

Гьеб заманалъ наиблъун вукIана гьунар тIокIав, гIакъилав Болъихъа ИмангIали.

Я дир (бетIергьан) Аллагь! Дуца нижги гьелги дур Алжаналъул агьлуялъул тIаса рищараздаса гьаре. Дида ракIалде кколаро гьединав наиб нижеда тIад вукIунилан, щайгурелъул гьев вукIана пикруги, гIакълуги, динги бугев чи.

Я бетIергьан Аллагь, Дуца нижедаса квешал чагIазул квешлъи тIаса босе.

## Диналдалъунги, адабалдалъунги, гIелмуялдалъунги, бахIарчилъиялдалъунги машгьурав, гьунар тIокIав дагъистанияв, магIарулав, Гиничукьа Дибир хвеялъул хабар.

Гьевги хвана 1314 соналъ (12.07.1896 с. байбихьана). ТIадегIанав Аллагь гурхIаги гьесда.

Дида божи бугев чияс бицана: гьев Дибирица васият гьабуна «Хириясул садакъа» ялъе микьнусго гIиялъажоялъул бетIерги, кIиго гьобоги. Гьевги вукIана Аллагьасул гIалбацI ХIажимурад[1] Авариясул гьалмагълъунги, Имам Шамилил наиблъунги, гIурусазул наиблъунги, Шураб-хъалаялда диван-беглъунги. Херлъун хадув пенсиялъул харжгун хъулухъалдаса гIодов чIана.

Гьесул цо вас вукIана, ва гьевги Шураб диван-бегасул цIаралда вукIана. Ва ясалги рукIана[2].

[1] Хъван буго – ХIажи-мурид.

[2] ЧIанкIаца бергьараб марсият гьабуна Инквачиласда [БакьагьечIиса ЧIанкIа. МахIачхъала, 1991. Гь. 98-101].

Гьеб соналъ Гьиндустаналда вабаъ унти загьирлъана ва гьелъие гIоло гIурус хIакимзабаз Дагъистаналъул агьлабазде амру гьабуна захIматал ишал, хъулухъал гьаризе рукъзал, базарал, гьел гурелги рацIцIад гьаризе.

Я БетIергьан Аллагь Дуца ниж цIуне тIагIуналдаса, тIагIун унти ккеялдаса, балагьалдаса, вабаъалдаса, инсалъулги жинналъулги Сайидасул, ай МухIамад Аварагасул, жинда ссалат салам лъеяв, хIурматалъе гIоло. Амин.

Нижер шайих, гьунар тIокIав КIаратIаса Халид хвана, гьадав Дибир хвелалде цо сонгIанасеб заманалъ цеве[1]. Гьесул къадруги даражаги дов Дибирил даражаялдасаги тIадегIанаб букIана Шамилил заманалъги, гIурусазул заманалъги.

Нижер хирияв шайих, ЦIунтIаса Гениялъа ГIалигъалбацIил МухIамад хвана гьеб соналъ. Гьевги машгьурав вуго Хархарилав абун.

Гьеб вабаъ лъабабилеб буго дир заманалда. Нижер боялъе гьелдаса, дир заманалда дагьал чIагIазе гуронизарал ккечIо.

Нижер хирияв вас, гьунар тIокIав гIалимчи, камилав хIажичи ва бахIарчияв гIабид Гьаквариса Кутиласул ХIажимухIамад Мажаблияс[2] бицана: Сунжаялдасан[3] жиб хира гьабураб Маккаялде щвезегIан жакъа къоялъ анцIила щуго къойил нух бугила, хIежалде унезе къого туман гIолаанилан.

Я дир БетIергьан Аллагь, дуца нижее гьаб соналъ гьеб хIеж ризкъилъун кье, дунги микьабилеб гIушруялда жанив вукIадго ва нижеда тIаса капурзабазул зулмуги рехе. Амин[4].

---

[1] КIаратIаса Кьукьулав, хадув Халид абун цIар хисарав, хвана 1310 соналъ. Гьадин батана хъван цоги бакIалда мухIканги гьабун.

[2] Гьесул тухумалъул цIар батилин ккола.

[3] Гьанжесеб «Грозный» шагьаралда магIарулаз XIX гIасруялда Сулжа яги Сунжа абулаан.

[4] Гьаб бакIалда Ангъидаса Халилил хабар лъугьана, тарихги рехсон гьечIо. Гьалдаса хадуб буго мажмугIалда гьесул «Фатава» (фатваби) абураб тIехьги.

# ТIАДЕЖУБАЙ
## (тIехьалъул тIоцебесеб щуго гьумер)



وكان قصدت الى قلعة غزني ثم رجع الى جانب قلعة
عند النائب المهاجر دائما لسلطان بيك
الالكزي ولما وصل الى ارض مزلك وقصد شرارهم
الاغارة والنهب ثم رجع الى غزني فلما وصل اليه تعالى
الروس عليه مع سردال وكل نواب وجنود المسلمين من
الاطراف الاربعة وكان مع شامل جيش قليلة وكان
من فيها الامام العالم الماهر المهاجر الحاج ابراهيم الجركي
الحنفي والعالم المهاجر الحاج نصر الله القبيري والعالم
الفاضل والفاضل الكامل غلبا ز دبير الكراطي وعنقو
حاجو الحجوضي الشهير بالشجاعة والعالم الفاضل اسد الله
حاجو بن العالم الكبير دبير حاجو العرضي الهنخي والعلماء
الفاضلان النابتان دبير العندي والنكشل دبير الاواري
والشجاع الفاضل مرتضى العرگحي والشجاع الشهير
شرش الثغوري وحاجو بن غزنيع الكراطي والرجل
الشجاع مقعوكل مرتضى علي الجركي المهاجر وكان من
الشهير بالشجاعة والعلم والعقل والادب والدين المظلوم فيها
المقتول بايدي شرار رجال سردال دنلع جم المشوم
واولاد شكتل محمد فحولهم صح

فيها تحرك الطرق والثغور حسب طاقتهم الى زمن صعود
الروس على جبل غنيب غفلة ليلا في شهر صفر فقتل هناك
قائد الرقباء امير ملك محمد الكدالي ثم دخل الروس على
على قلعة غنيب من الاطراف الاربعة ووقع قتال قتال
كبير حتى جرى الدم في واد القرى كالسيل ثم جمع شامل
علماء وعلماء حبشية في المسجد فوعظهم بالقتال و
الاستشهاد فلم يطع احد منهم حتى ابناء التصميم على ذلك
متعللين بالترهم على الذراري فسعى اليه منهم المتوسطون
يطلبون المصالحة ومجيئه الى السردار وسعى بذلك الى
صفنى غازي محمد ولد شامل بيلغ الى السيد ثم لما علم شامل
اموال الناس وفاضت اموال عياله قبل ذهابه
الى السردار اعاذنا الله تعالى عن مثله فسار مع رفقائه
مسلحين على وعد ان يخلي السردار ولمن قصد معه
الى بيت الله الحرام وتعاهد رفقاء شامل فيما بينهم على
انهم ان فرقوا ثم عن شامل او قصد احد اخذه بدائا

وشق مشهور بين الناس بوقوع
الشك فيه
وقد شاهدت
بل سمعت ورأيت
وقوع الفتنة
والشك والشؤم
في سنة ١٣١٣

اعاذنا الله تعالى
عن مثله

بالقتال واجترؤوا عليهم بالاستقتال فساروا على ذلك فحالوا
بين شامل ومغاغاته وافنوا واسلامه بنيهم الى الشردال
نجاة من المنسلحه فلم يقدر الله تعالى وفتك ما تعاسروا عليه
وتعال الا مرتضى الغركي حرض على ذلك في واحياء وابطاء
غلبان دين الشيء ثم افتدوا اموال وفدائين شامل
وحملوه عنها لم الى الجبل كهال لدى عسكر الروس
ثم ارسلوا سائر الجيش والدرارى الى بيوتهم ثم
منه الى قلعة اشورة ثم منه الى البادى شاه باعزاز
كبير واكرام فخيم وذهب معه كاتبه الكريم عبد الكريم
ابن الفاضل العالم الكبير مشرفاء الجركي والعالم
الفاضل حاجيو ابن العالم الفاضل غزي وابن العائد
المشهور قريات الكراطي والشجاع توش محمد ولد
صوف محمد الكراطي على العجلات النفيسة ثم بعد
ذلك لم يترك الروس في داغستان شامل كرجيا ولا كرجيه
ولا سلدة وقد رأيت ~~انا نسعف الكرجيه والروس~~
سلدة

اى حريس شامل وريش ... دغ ... مريب ... وانفلتم ... صح

اى جيش الامام شامل شيخ صح

أي الكرجية ... خاصة الكرجيون يسعفون ثم

سلبه كانت قلعة هاربة فى مزارع ليس كرها بلا تخليه
الى فرنج لا خذ مؤنة الطريق ومثله كثير منهم وارجعوا
ايضا كل المهاجرين الى ولايتهم ثم صاروا يقولون ما
فهوما بعد انه كا منوا فقيه اولا ثم لما وصل الى بلده
على اسكندر روبيد البادية شاه تركي
جكنيه وجد هناك بادى شاه وهى على قرب مدينه
فرنكو بينها وبين فرنفورت مسافة ٢ عم ١٣٧٤ وسنا
وحاصل كلامه عند الملاقاة طلب نقضا انك لا تشدد
بالقدوم على قضاء الامر وبعد ذلك جرا يوما فيوما
الجهد اولا وافرا ويقال ان شامل تكلم مع سيد كل
كواشيش وهو اعظم عند الكفار من البادى شاه
فقال الهى من عادة الله تعالى نسخ شرع نبى تقدم بشرع
نبى جاء بعده فقد نسخ بعض الالواح ببعض ونسخ حكم
الالواح بالتورية ونسخ التورية بالانجيل فقال الاكبر
اى سيد الكواشيش بلى فقال شامل فلم لا تعترفون
بنسخ الانجيل بالفرقان فلم يقدر الجواب فقال شامل

## (тIехьалъул ахирисеб ункъо гьумер)



٥٨٤
بكثرة [illegible] وفتح الولايات والقتال [illegible]
فحفظنا الله تعالى من مكرهم وخذلهم وظلمهم آمين يا مجيب الدعوات
والزمان سنة ١٣١٣ خبر حادث فيها وقد [illegible]
محمد ولد [illegible] الطندي انه كان ذاهبا الى [illegible]
ووجد فيها [illegible] وكان لهم حارسا في نحو [illegible]
وحصل منه ومن [illegible] وكانت تلك البلدة
وحدث [illegible] فاذا [illegible] عليها الروس في زمن فتح [illegible]
في المرة الثانية [illegible] على ما قيل وكانت بلدة مباركة [illegible]
وبعد زال [illegible] وقدموا من [illegible] الافرنج بالروس
ناحيه بكثرة المعاصي [illegible] وكان في [illegible] قريب الى [illegible]
بلدة وبينها عسكر غندكان فاذا ذهبوا الى الجمعة في مسجد
لهم [illegible] اهل [illegible] وقاتل عليهم [illegible] عليهم
ثم اذا خرجوا من المسجد بعد صلوتهم [illegible] الى
[illegible] بالاصبع والله ثم وصلت علماء غندكان قتل الكلاب
الذين في ولايتهم فوقع التشاجر والتخالف بين غندكان [illegible]
ونادى [illegible] ثم وصل اربعة البادى [illegible]
على غندكان فلم يقع امرهم على ما ارادوا ورجعوا
بالصلح وفي هذه السنة [illegible] كل [illegible]
[illegible] في زمن فتح [illegible] بالامام شامل [illegible]
بالروس وكذا [illegible] غازي محمد [illegible]
[illegible] على [illegible] كل
[illegible] للنظر على اهل [illegible]
[illegible] في الجيش لوقوع قتال بين غندكان وبين بادى شاه
احمد

وفي سنة السنة ١٣١٣ ذهب بجنب علي وة
ولد ونك ولد بلسملي الكبير الطندي الى نبيت اسد بعوع
عن جمع مؤمن مسجد ككل ولد ولي امل علي والحاج علي
حاجي ولد ايلو الطندي ومحمد ولد شبل علي الطندي
وولي ١٣ الحاج نغ سعد حاجي وسراج الدين وهم من افضلنا
الانجين وفضلنا الامام نور الكراطي وتلميذنا حاجي محمد
البلخي والتلميذ الفاضل محمد
وبها ولد افليلنا دطنو ولد الامام محمد علي ولد دطنو محمد
ووصلوا لدى غازي المذكور وفضل وفوج بنت
تساوي المدينة المكروة ضيافة لكل حاج واغسات
واعطيا الفضة للعمائن لمساكين حاج داغسات ولا
صبابة ولا عدة لكل مال من الخوارج والحروفة والمنزلة
وقد كنت انا في مدينة طندية في نحو ثلثين سنة حاضرا او
محمد التعهد ومن زائرا او ديوان بيكا وفي كل تلك الازمان
احدا مثل ما فعل في تلك الافاضل الحاج بلبسملي
المذكور وفعل من امداك ثلثة على سبيل البر
بر اي وعقل شيخنا الفاضل المرحوم محمد حاجي الخداري
وادى على مائة نوماء وخمس نوبانا ولهم ابناء ونساء وزوج
والبنت كانت زوجة للامام مقام ولدى الاعز من الامام
الماهر نصب اخي قادي طندل اصحب ولد الشهيد
ريشي ودكاول طندل وكان النائب في هذا الزمان
امام علي وولد القاضي الفاضل النائب اسماعيل وولد
الفاضل الامام امام علي البلخي اللهم اجعلنا واجعلهم
منا من اهل الجنة ولنا الفلق الى ديع نائب علينا مثلهم
لانهم كانا اهل راي وعقل ودين اللهم فرج عنا كل الاكدار

٦٠ ١

بسم الله الرحمن الرحيم وبه نستعين وعليه التكلان
الحمد لله والصلوة والسلام على سيدنا محمد صلى الله عليه وعلى آله وصحبه وسلم
اما بعد
مطلب
فهذه فتاوى العلامة الحبر الخالف خليل بن ... الاكتفري
رحمه الله تعالى امين سئل عن كراهة الطهر بفضل المرأة فاجاب
بانه لا يكره كما في حاشية العلامة الشرواني على التحفة وعبارته نقل فيه تصحيح
البغوي بعدم كراهته واتى بان كل قلتين خالف سنة صحيحة لا تشتمل
من اعادته سهم وعبارة الكردي وجرى الشارح على عدم كراهة الطهر
بفضلها في الامداد وحاشية التحفة قال فيهما والنهي عنه لم يصح انتهى
سئل عن غسالة الماء الجاري فاجاب بانه يتنجس كما في المنهاج
وابن حجر والرملي غير انه جرى اكثر مشايخنا على عدم نجاسته
بناء على القديم بل قال بعض الائمة انه من القديم الذي يفتى عليه
اي حاصله من المسائل التي يفتى عليها كما في بشرى في بعض
الكتب الفقهية وعدم النجاسة اسهل للناس وفاحش للاهالي
داغستان وصاحب المنهاج احوط سئل عن المراد برؤوس
الاصابع وما بينهما فاجاب بانه قال بعض العلماء المراد
اللحمة الفاصلة بين اصول الاصابع والمراد بحرك الاصابع ما بين
اذا انضم الاصبعان كما في حاشية محمد ... على المنهاج كانوا
على ما فهم من ظاهر المنهاج والله اعلم سئل عما كان
التيمم فاجاب بان لم نكروها كما في حاشية الحميدي على التحفة سئل
عن مس المصحف باصبع عليه دم فاجاب بانه يحرم اذ يعم الهلاك
شيء من الدم لشيء من اجزاء المصحف وقال بعضهم بالجواز
كما في الشرواني سئل عن احراق اوراق العراك فاجاب بانه
قال الشيخ عز الدين وطريقه ان يغسله بالماء او يحرقه بالنار قال
ابن حجر الاحراق اولى لان الغسالة قد تقع على الارض كما في الحميدي اي اذا ضاع

لحكمه بناء على ... صاحب الاغاثة
عن الامام محمد البغراني
منه

قوله المرادي منه

سئل عن ... الافراد ... اذا كان ... للفرس ... الا يفعل ... فاجاب بانه ... يجوز ...

instituteofhistory.ru

١٧ افو نقشه صح

خبر موت الفاضل الشهير بالشجاعة والعلم والادب والدين
ديبر الداغستاني الجبلي الاواري الكيتشي ومات في سنة ١٣١٣
بعد اسره ابنه واضح ابن ابرهيم لخر دصل [illegible] في ثمان مائة [illegible]
من الغنم [illegible] وكان رفيق [illegible] حج [illegible] الاواري
ونائب الامام شامل ونائب الروس ودعاء [illegible] قلعة
في هدم [illegible] عن الخدمة بالخراج الغنيمي وكان له ولد واحد
وكان في شورى على اسم [illegible] ببلع وبنات وفي سنة السنة اظهر
الوباء في هندستان ولاجله امر حكماء الروس على اهله بامور وخدماتها
شاقة كتنظيف البيوت والاسواق وليلها ومنع الحاج الحاج في اللهم احفظنا
عن الطعن والطاعون والبلاء والوباء بحرمة سيد الانس والجان اجمعين
ومات شيخنا الفاضل خالد الكراطي قبل موت هذا بنحو سنة وكان قد بقي
[illegible] ديبر المذكور في زمن شامل وفي زمن الروس
ومات شيخنا الكريم محمد ولد علي [illegible] الزنطي الكنبي في هذه السنة
وهو المشهور بحخلو وهذا الوباء ثالث ثلاثة في زمننا ولم يمس للقبلة
لافراد جنسنا ضرر بها في زمن الاهل وصلبها

خبر ولدنا —

العزيز العالم الفاضل والحاج الكامل والعابد ابلياس
حج محمد ولد كنكو السكوري الجبلي الى الطريق من تلج الى
المكة المكرمة خمسة عشر يوما النوم ويكفي لمن
لم يذهب الى الحج عشرون [illegible] اللهم ارزقنا في سنة
السنة وانا في العشر الثامن وادفع عنا ظلم الكفار
امين

وكو ادعى احد الزوجين بان الدار او المزرعة او الشياه الخ في يدها
كلها لي وادعى الاخر بانه نصفها لي ونصفها لك او الثلث
[illegible] نصفها لي فانه اقام المدعي الذي [illegible] بينة
وقضي له بها وان اقاما بينة [illegible] في يدها و حكم
بملكيتهما كما كانت ولا يحلف المدعي [illegible] ما ادعاه
[illegible] ١٢٧٢ [illegible]
مذكور [illegible]



Ангъидаса Халилил зани. Гьелда тIад хъван буго:
«1325 сон (1907). Гьаб хоб ккола рикIкIунев гIалим, Дагъистаналъул мупти Халилил, гьевги Ангъидаса Шайхиласул вас».

instituteofhistory.ru

*ГІелмияб басма*

**МагІарул миллиябгун маданияб автономия**

**Ангъидаса Халил**

**ЦО МУХЪАЛЪУЛ ТАРИХАЛЪУЛ БИЦЕН**

Оригинал-макет хІадурана *Сулейманов О.А.*
Мужалаталъул дизайн *Эскаева Г.А.*

---

Басмаялде гъулбасана 10.11.2017 с.
Пормат 60х84 1/16. Ризограп басма. Опсет кагъат.
Гарнитура «Таймс». ШартІ. б. тІ. 6,75. Тираж 1000 экз.

aleph

Къабараб басма: АЛЕФ, ИП Овчинников М.А.
367002, РД, ш. МахІачхъала, СтІал Сулайманил къватІ 50, 3 тІала
Тел.: +7 (8722) 935-690, 599-690, +7 (988) 2000-164
www.alefgraf.ru, e-mail: alefgraf@mail.ru